12+

11

2013





# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**

Ахсар КОДЗАТИ

**Редакция**

Ответств. секретарь, проза – Борис ГУСАЛОВ
Поэзия, драматургия – Казбек МАМУКАЕВ

**Общественный совет**

Руслан БЗАРОВ, Гриш БИЦОЕВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2013

11
2013

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**

ХЪОДЗАТЫ Æхсар

**Редакци**

Бæрнон секретарь, прозæ – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи, драматурги – МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

**Журналы æхсæны уынаффæдон**

БЗАРТЫ Руслан, БИЦЪОТЫ Гриш, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪАДЗАТЫ Станислав, КЪУСРАТЫ Анатоли,
ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2013

**НОМЫРЫ ИС:**


**ÆГЪУЫЗАРТЫ САУКУЫДЗ: 70 АЗЫ** 6

*ÆГЪУЫЗАРТЫ Саукуыдз.* **Стъæлфæнтæ.**
Миниатюрæтæ

**АБАЙТЫ ЭДУАРД: 60 АЗЫ**

*АБАЙТЫ Эдуард.* **Ме ‘взонджы хур.** Æмдзæвгæтæ 20

*БАГАТЫ Аврам.* **Æртæ гуыппырсары.** Очерктæ 29

*БЫРНАЦТЫ Барон.* **Æз уарзын.** *Æмдзæвгæтæ* 59

*ХУЫГАТЫ Сергей.* **Хæс.** *Радзырд* 62

**БÆСТЫ СÆРВÆЛТАУ**

*БЕКМЫРЗАТЫ Дзаххотт.* **Æмдзæвгæтæ** 90

**ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ФАРСТАТÆ**

*НÆКУЫСАТЫ Наирæ.* **Джыккайты Шамилы трагеди «Хъодыгонд зæд»-ы** фольклорон-историон бындур 93

**«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ** 99

**УИДÆТÆ**

*РУБАЙТЫ Барис.* **Ирондзинад** 109

**ÆВЫД-ДЫВЫДОНЫ ДУГ**

**Враги народа перед судом** 113

**ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ**

*САНАХЪОТЫ Уасо.* **Зæрдæйы хъæдгом.** Радзырд 120

**АРВИСТОН** 131


Журналы авторты хъуыдытимæ редакци
алкæд разы нæ вæййы

# ÆГЪУЫЗАРТЫ САУКУЫДЗ: 70 АЗЫ



*ÆГЪУЫЗАРТЫ Саукуыдз*

*Ægъуызарты Саукуыдз къорд азы фæкуыста «Мах дуджы» бæрнон секретарæй. Йæ зонд, йæ хъарутæ æвгъау нæ кодта журналы мидис фæхуыздæр кæнынæн. Октябры мæйы йыл хъуамæ сæххæст уыдаид 70 азы. Фæлæ, хъыгагæн, йæ юбилейæ мæй раздæр цардæй ахицæн. Мыхуыр ын кæнæм миниатюрæты цикл.*

# СТЪÆЛФÆНТÆ

## ХÆЛАРЫ НЫСТУАН

Ацы дунейы, ацы кæлæнгæнæг дунейы уазæгуаты рæстæгмæ цæрын. Род гал кæм нæ кæны, лæппу – лæг, уыцы бæстæм мын æнæ фæцæугæ нæй. Иу бон мæ уырдæм хъæуы. Тагъд æм нæ кæнын, бæргæ, фæлæ царды цы нæ ‘рцæуы.

Дунейы фарн, иу ныстуан мæм ис дæумæ! Цы бон цæуон, уыцы бон асæст уæд. Уаргæ ма кæнæд, уазал ма хъызæд.

Кæд ægадæй цæуон, уæд мыл уæ сæртæ фæхойут, адæм!

Кæд æгъдауыл уа мæ ацыд, уæд мыл кæугæ ма кæнут, адæм!

Хорз лæгыл кæуын мæнмæ худинаг кæсы.

Мæ цыртыл мын ныффыссут: «Кæугæйæ райгуырд, уарзгæйæ цард, худгæйæ амард».

## ХЪРИХЪУППЫТÆ

Цъæхдзаст арвы бын ныххал хърихъуппыты бал.

Цал фæззæджы цæрыс, уал хатты сæ федтаис. Уалдзæг дæр зæгъин, фæлæ, хърихъуппытæ фæстæмæ нæхи зæхмæ куы æрбаздæхынц, уæд сæ фылдæр хатт ничи бафиппайы. Сусæгæй æртæхынц? Мæгъа, нæ зонын. Нырма се ‘рцыдæн æвдисæн нæ уыдтæн, сæ атахтæн – бирæ хæттыты.

Зæгъынц, хърихъуппытæ хуссармæ куы фætæхынц, уæд, дам, сæ сæ уарзон бынæттæн хæрзбон зæгъын нæ фæфæнды

æмæ сæ фыркатайæ, сæ зæрдæйы рыстæй фæкæуынц. Ис афтæ зæгъæн дæр. Ныронг æз дæр ахæм хъуыдыйыл хæст уыдтæн. Куы тахтысты, уæд-иу сын сæ удаист хъæрмæ тæригъæдæй мардтæн.

Ныр мæ хъуыды аивтон.

Хърихъуппытæ тæригъæд не сты. Æз сæм хæлæг кæнын райдыдтон. Чи загъта, хуссармæ тæхгæйæ, мæргътæ кæугæ фæкæнынц, зæгъгæ? Æмæ кæд уый сæ зарæг у, уæд та? Иутæн, дам, сæ зарæг хъарæджы, сæ хъарæг та зарæджы хуызæн у. Кæд уыдонæй сты? Чи сын цы базондзæн?

Стæй кæд фæкæуынц, уæддæр сæхиуыл нæ — махыл. Дард бæстæм кæй фæтæхынц, уымæй сæрыстыр вæййынц. Бирæ диссæгтæ фендзысты фæндæгтыл, бирæ цæуылдæрты фембæлдзысты, мах та нæ иугъæдон цард дарддæр кæндзыстæм.

Кæд махыл кæуынц, уæд та?

Нæ, махыл кæуын нæ хъæуы, хърихъуппытæ!

Тæхут та хуссармæ æмæ рæствæндаг ут!

Æрмæст, фæстæмæ куы здæхат, уæддæр-иу афтæ хъæрахстимæ фæзынут. Уæхи-иу базонын кæнут. Басæттут: мах зæхх æппæты хуыздæр, æппæты рæдаудæр, æппæты рæсугъддæр у.

Кæд афтæ нæу, уæд нæм цъæх уалдзæджы ногæй цæмæн æртæхут?

## МÆ НОМ

Бафæрсынц мæ:

— Дæ ном дæхи зæрдæмæ цæуы?

Цæуы. Нæ зонын — цæмæн, фæлæ мæ æндæр ном нæ хъæуы. Иу хатт мын фыдрæсугъд чызг къæмдзæстыгæй загъта:

— Дæ номæй дзурын дæм нæ уæндын. Куыддæр мæм кæсы...

Кæсæд æм куыддæр. Æрмæст мæ номæй чи уарзы, уыцы чызг мæнмæ дæр куыддæр кæсы.

Иннæ хатт мын чидæр хъазгæмхасæнты афтæ:

— Æмæ сау куы нæ дæ.

Сарæхстæн дзуапп раттынмæ:

— Æмæ куыдз дæн?

О, сау дæр нæ дæн, куыдз дæр нæ дæн, афтæмæй та мæ Саукуыдз хонынц. Æз ацы дунемæ куы фæзындтæн, уæд мыл нæ сыхæгты зæронд ус сæвæрдта уыцы ном. Фосы ном, дам, Хуыцау йæхимæ нæ райсдзæн æмæ цæргæйæ баззайдзæн.

Тарстысты мын амæлынæй. Æз та цæрын. Мæ номы фæрцы? Нæ зонын.

Зонын: ном лæггæнæг нæу, ном фæкæсынмæ у.

Мæ номæвæрæг, сызгъæрин тæбæгъты дын кувын!

## НЫББАР!

Мæн афтæ тынг чи уарзта, фæлæ æз кæй нæ уарзтон, — ныббар мын!

Уæлзæххæй дæлзæхмæ дæм дзурын: ныббар!

Уæд æз хъалзæрдæ уыдтæн, уæд æз арвæй зæххы астæуты тахтæн. Горæтаг мыдхуызцæсты уацары бахаудтæн, дæу та уынгæ дæр нæ кодтон.

Уарзтай мæ — æппынæдзух дæ мæтæйдзаг цæстытæ мæ фæдыл зылдысты. Уарзтай мæ — æппынæдзух мемæ фембæлынмæ бæллыдтæ. Æз уыдтæн уазал æмæ рохст. Уазал — дæуæн, кæмæндæр та — судзгæ æхсидав. Никуы дæ ницæмæй барæвдыдтон, никуы дæм æрбакаст хуры тын мæнырдыгæй. Дыууæйæ дæр æнхъæлмæ кастыстæм: ды мæнмæ, æз — æндæрмæ. Ницы рауад не 'нхъæлмæ кастæй — дæуæн дæр, мæнæн дæр.

Царды зилдухæнты бахаудыстæм, æнæдомд фæндæгтæ нæ кæдæмдæрты фæхуыдтой. Нал уыдтам кæрæдзи.

Зыдтон: искуы, бирæ азты фæстæ, сæмбæлдзыстæм.

Сæмбæлдыстæм, фæлæ...

Æрæджы нæ хъæуы уæлмæрдмæ бафтыдтæн. Иу цыртæй мæм дæ мæтæйдзаг цæсгом разынд, де 'рхæндæг цæстытæм фемдзаст дæн æмæ къæхты бынæй ныккæрзыдтон.

Нал дæ уæлæуыл...

Къæмдзæстыгæй баззадтæн дæ фæстæ.

Кæд мæн ахxосæй...

Кæд мæ дурзæрдæйæ...

Кæд дæ судзгæ уарзтæй басыгъдтæ...

Æмæ дæ цырты раз мæ зонгуытыл лæууын.

Цалынмæ цæрон, уæдмæ де ‘нхъæлмæкæсæг цæстытæ мæ фæдыл аууонау зилдзысты.

Ныббар!

## ХÆРЗБОН

Арвнæрдау мæ хъустыл уайы дæ хъæлæс.

Мæхи ницы хъусæг скæнын, ныууромын мæ рис, адæмы цæстмæ хъæлдзæгæй цæрын, мидæгæй та уыцы рæстæг мæ зæрдæйы уидæгтæ куырмæлхынцъæй фæдудынц.

Дзыллæ худы, зары, кафы. Дзыллæ цæры. Цæрын æз дæр се ‘хсæн. Æрмæст никæй уынын, ницы æнкъарын. Иу хъæлдзæг къордæй иннæмæ æппарын мæхи, фæлæ ды никуы дæ æмæ зæххыл ничиуал ис.

Агурын дæу. Нæ дæ уынын, фæлæ дæ хъæлæс азæлы хъустыл. Æнкъард хъæлæс. Зыр-зыргæнаг хъæлæс. Дыууæ доны кæм баиу сты, мах та раст уыцы ран фæхицæн стæм.

Фæхицæн стæм æмæ цыдæр æрцыди дунейыл. Арв рафæлдæхт, зæхх фенкъуысти. Нал цæуын дæ зæрдæмæ. Ды мын хуыздæр æнхъæл уыдтæ, æз та... Æгæр мæгуыр уарзын дæр нæ зонын, нæ зонын, нæ зонын...

Дыууæ доны кæм баиу сты, уым агурын дæ фæстаг ныхæстæ. Агурын сæ арф кæрдæджы, доны тарст уылæнтæ, бæлæсты сыфтæрджын хихтыл.

Хъусын дын дæ хъæлæс. Æппæт мыртæ дæр æрæмбырд сты иу ранмæ. Рауади дзы иу ныхас:

— Хæрзбон!..

Æрмæст уыцы иунæг дзырд баззади мемæ цæргæйæ, иннæты дæ къахуынæримæ ахастай...

## УАРЫ

Арвы хъæлæс фегом.

Ставд æртæхæй уары.

Кæсын рудзынгæй уынгмæ. Горæты бирæуæладзыгон хæдзары рудзынгæй. Кæсын, мæ цæстытыл та хъæуы нæ ныллæг къæс уайы. Цæхæрадоны æвзарты æмдзæгъд хъусын. Сæ дойны басастой æмæ цыма бирæ стырдæр фесты.

Æрдз йæ рыгтæ æхсы. Къанæуттæ фемæхстысты.

Сабитæ, бæгъæввад сабитæ хæлафы фадгуытæ уæлæмæ стылдтой æмæ уынгты къæвдайы уынæримæ ныййарц сты. Цыма æз дæр семæ ныййарц дæн. Саби къæвдайы куы згъора, уæд, дам, тагъддæр рæзы. Цыма æз дæр семæ рæзын.

Рæзынц æвзартæ.

Рæзынц сабитæ.

Уары зæххы сой...

## ТУАГ ФÆТКЪУЫТÆ

Нæ хъæумæ чызг-ахуыргæнæг æрæрвыстой, æмæ лæппуты æнæмæт цард фехæлд.

Нуазгæ чи кодта, уый йæ нозт ныууагъта, нозты æмгæрæтты чи никуы ауад, уый та нуазын райдыдта.

Изæрыгæтты нæ сыхы кæй нæ федтаис, иу ахæм нал баззад. Нæ сыхы та уымæн, æмæ ахуыргæнæг фатеры ам æрцард.

Чызг рæсугъд чызг уыди, ай-гъай. Ахæм рæсугъд æмæ йæм комкоммæ кæсын нæ уæндыдтæн.

Æз уæд усгур нæма уыдтæн, фæлæ мæ чызджытæм сусæгæй кæсын фæндыд. Уæлдайдæр ахуыргæнæгмæ.

Уый та æппынæдзух уыд æнкъард. Æнкъард æмæ хъуыдыдзаст. Уынгмæ арæх нæ цыди, лæппуты судзаг цæстытæ йæ не 'вдæвтой. Йæхæдæг йæхи дунейы иунæгæй цард.

Иухатт æй кæрты бадгæ баййæфтон. Цыма кæугæ кодта, афтæ мæм фæкаст. Йæ размæ бацæуынмæ мæм ныфс разынд. Зæххы мæ цæстытæ ныццавтон, фæлæ уæддæр къæзгæйæ бафарстон:

— Ахуыргæнæг... Исты дæ риссы?

Æнæбары бахудт:

— Ницы...

Æгас арв кæм бамбæхст, уыцы цæстытæй мæм скаст, куыд сыгъдæг æмæ æнæбын сты, уый федтон æмæ мæ буарыл цыдæр хъарм æрбаулæфыд.

Цæмæдæр гæсгæ чызджы хъæлæс барызт:

— Мæ зæрдæ цы зæгъы, уый зоныс? Туаг фæткъуытæ.

Туаг фæткъуытæ та куыннæ уыди! Нæ фаллаг фарс чи цæры, уыдоны цæхæрадоны — хæрх.

— Ныртæккæ... Æз ныртæккæ фездæхдзынæн.

Цæстыфæныкъуылдмæ сыхæгты цæхæрадоны смидæг дæн. Чи нæма срæгъæд, уыцы фæткъуытæ тонын мæ ронмæ. Туаг фæткъуытæ. Иуæй скомдзаг кæн – дæ цæсгом сæнцъылдтæ уыдзæн, дæ цæстытæ бацъынд кæндзынæ. Тонын...

Фæстæмæ куы раздæхтæн, кауы сæрты куы фæцæйхызтæн, уæд мын мæ фадыгыл чидæр рахæцыд. Кæй цæхæрадоны уыдтæн, уыдоны хъæхъхъаг куыдз. Сусæгæй мæм æрбахъуызыд. Рагæй дзы тарстæн, ныр мыл фæхæст. Йæ дæндæгтæ къахы хæцъæфы куыд аирвæзтысты, уый банкъардтон. Фæтарстæн. Тыххæй-фыдæй мæхи ратыдтон, кауы иннæ фарсмæ ныххаудтæн. Хæлафы фадыгæн йе 'мбис куыдзы дзыхы аззад. Æвæццæгæн, кауы сæрты æрбахизынмæ фæзивæг кодта, æнæбары ма цалдæр хатты срæйдта, фæлæ уæдмæ æз нартхæртты аныгъуылдтæн. Нæхимæ куыдзы хæст бабастон, мæ хæлаф раивтон æмæ нæ сыхæгты кæртмæ азгъордтон.

Ахуыргæнæджы куыд ныууагътон, афтæмæй бадгæ баззад. Фæткъуытæ йын йæ хъæбысмæ куы 'ркалдтон, уæд мæ бафарста:

– Кæм дын уыдысты?

– Цæхæрадоны.

– Кæй цæхæрадоны?

– Нæ... Нæхи.

– Куыдз дæуыл рæйдта?

– Мæныл?.. Нагъ...

Бæрæг уыди ахуыргæнæджы цæсгомыл: нæ йæ бауырныдта мæ ныхас, фæлæ зæгъгæ та кодта:

– Бузныг. Диссаджы хуын мын æрбахастай.

Æз рацыдтæн йæ разæй. Нæ рацыдаин. Лæууыдаин, æнæхъæн бон дæр лæууыдаин, фæлæ мæм чызг ницыуал дзырдта æмæ мæхицæй фефсæрмы дæн.

Æрмæст бынтон нæ рацыдтæн. Быруйы зыхъхъырæй йæм бирæ фæкастæн. Ахуыргæнæг хордта туаг фæткъуытæ, тынг туаг фæткъуытæ. Йæ цæсгом иу хатт дæр нæ фенцъылдтæ. Хордта туаг фæткъуытæ æмæ мæм афтæ каст, цыма йæ цæссыгтæ рустыл згъордтой. Чи зоны, мæ цæстытæ мæ сайгæ кодтой. Чи зоны, кæугæ нæ кодта...

Уæдæй фæстæмæ никуыуал федтон ахуыргæнæджы. Йæ фенын та мæ фæндыди, цæуынмæ дæр æм хъавыдтæн,

зæгъын, кæд афонмæ йæ фæткъуытæ фесты, уæд ын ногæй æрбахæсдзынæн.

Скъолайы мæ хъустыл æрцыд:

– Ахуыргæнæг, чызг-ахуыргæнæг, фæрынчын.

Къуыри кæнæ чысыл фæстæдæр хъæубæстыл хабар айхъуыст:

– Ахуыргæнæгæн, чызг-ахуыргæнæгæн, сывæллон райгуырд.

Æз уæд усгур нæма уыдтæн, бæгъæввадæй ма згъордтон уынгты, фæлæ хабар куы фехъуыстон, уæд æрвдзæфау фæдæн. Куыд ничи мæ фена, афтæ сарайы цармæ схызтæн, ног карст хосыл дæлгоммæ бахаудтæн æмæ хъæлæсы дзагæй ныккуыдтон.

Мæхæдæг дæр ын ницы зыдтон – цæуыл куыдтон...

## ÆФХÆРД

Кæдæй-уæдæй ма, дам дæ федтон. Цинтæ мыл кæны, æнæбары цинтæ.

Мæ бон æм сдзурын нæу. Мæн дæр исты зæгъын фæнды, фæлæ нæ фæразын. Мæ тыхстæй ма цы фæуон, уый нал зонын. Мæ кæддæры æртхъирæн зæрдыл æрбалæууыд: «Æз дын искуы фенын кæндзынæн!» Йæ дæндæгты къæс-къæс дæр мæ нæма ферох: «Æз дын уæлейæ дæлæмæ иу куы ныддауон, уæд мыггагмæ хъуымыздзыхæй баззайдзынæ».

Мæ кæддæры æртхъирæн мæ бон сæххæст кæнын у. Уый – низæфхæрд, тихалæджы хуызæн, æз – æрыгон, æнæниз. Мæ бон ын алцыдæр у, æрмæст æй нæ нæмын. Нæ йæ нæмын, нæ. Ехх, фæлæ мæ иу хатт куыд тынг бафхæрдта, куыд тынг! Æз саби-сывæллон уыдтæн, уымæн та уæд йæ фындзы бын милтæ фæзынд. Фæтæнриу. Æз дзы тæрсгæ кодтон. Уынджы дæр, быдыры дæр.

Æмæ цæмæй тарстæн, уый мыл æрцыд.

Гыцци, мæ рынчын гыцци, йæ тыхстæй загъта: «Кæсаг... Уæд та иу мур. Комдзаджы æрдæг»... Таджы донмæ азгъордтон. Мæ фæдыл азæлыд мады фæсус хъæлæс: «Калмæй дæхи хъа...»

Бæстыл хур атылди, арвыйас хур. Дон байсыст, йæ тæнæг хъарм уылæнтæ ма æнæбары рæвдыдтой хъуына дурты.

Цуан кæнын цъалаты. Фыццагдæр цæуыл сæмбæлдтæн, уый уыди хæфс. Уæлбылмæ йæ сæппæрстон, зæгъын, доны дæхи цы бамбæхстай, хурмæ дæ дзыгъуыр æмæ уазал буар батав. Стæй уæд федтон калм. Хуыссыди дурыл, фæлæ доны цæллахъмæ базмæлыд æмæ уайтагъд йæ тъæпп малы фæцыд. Лидзгæ, мæнæй уый, ам дын ницыуал куыст ис, дарддæр адар дæ фæндаг.

Адардтон, бæргæ, æрмæст цыдæр цыргъыл ныллæууыдтæн, мæ къахы чъилы хыррыст фехъуыстон. Туг фемæхст. Ехх, цы майкæ мын уыди, цы! Æртæ боны размæ йæ скодтон мæ уæлæ. Дари, лæгъз. Гыццийы æлхæд. Ауæрстон ыл, ныр æй дыууæ æмбисы кæнын бахъуыд.

Ныббастон мæ къах æмæ агурын дарддæр. Зæххыл ницы ис, зæгъгæ, чи дзуры, уый раст нæу. Æз бирæ диссæгтæ нæма федтон, фæлæ уыцы диссæгтæй иу мæныл æрцыд. Цъалайы бын мæ къух бакодтон æмæ хорзау нал фæдæн. Цыдæр æнахуыр фæлмæн. Хæфс нæ уыдзæн. Калм дæр нæ уыдзæн. Кæсаг у! Хуыдзых кæсаг. Кæнæ балгæсаг. Йе та балер. Нæ, балер ацы доны нæ вæййы. Нæ вæййы... Макæуылты алидзæд. Мæлæты сабыр лæууы. Æвæццæгæн æй цæмæйдæр ныфс ис. Йæ сæрмæ хæстæгдæр æвналын хъæуы. Тызмæгæй нæ – сабыргай. Мæнæ йæ сæр, мæнæ йæ улæфæнтæ. Ме 'нгуылдзтæ дзы ауагътон.

Сæппæрстон æй уæлбылмæ. О, Дунескæнæг! Хуыдзых кæсаг! Мæ цонджы йас. Уымæй дæр стырдæр. Мах Таджы ахæм кæсаг ничима æрцахста. Æз уыдтæн фыццаг! Ныртæккæ хъæууынгты куы фæцæйцæуон, уæд иууылдæр мæ фæдыл згъордзысты.

Кæсаг йæ гæндзæхтæ цæгъды, хæрдмæ фесхъиуы. Фæтарстæн ын донмæ ныххауынæй, мæхи йыл баппæрстон. Нæ та фæрæстмæ ме 'змæлд – цыргъ дурыл мæ гом гуыбын андзæвыд æмæ та тугæй бæстæ байдзаг.

Кæсаг, хуыдзых кæсаг! Тагъддæр згъоргæ хъæмæ! Æмæ згъорын, æмæ хъуыдытæ кæнын: «Гыццийы фаг нæ – бинонты фаг у. Нæ сыхæгты зæронд ус дæр бирæ уарзы кæсаг. Уымæн дæр авæрдзынæн. Мæ гыццыл æфсымæрмæ дæр хай æрхаудзæн, мæ хомæ дæр. Чи зоны, мæ хомæ нал æрхаудзæн æмæ йын мæхион ратдзынæн. Стæй ме 'мбæлттæ... Уыдонæн диссæгтæ дзурдзынæн, диссæгтæ!..»

Раст хъæугæронмæ куыддæр бахæццæ дæн, афтæ уæларвæй æрхауæгау мæ размæ февзæрд... Йæ хус былтæ йе 'взагæй куыд астæрдта, уый федтон. Федтон йе знæт æрдæгцъынд цæстытæ, стæй йæ мæстыгæр цæсгом. Ме уæнгтæ барызтысты, мæ зонгуытыл æрхауынмæ цæттæ уыдтæн.

– Гыцци рынчын у æмæ йæ уымæн хæссын...

– Мæнæн дæр ницы кæндзæн.

– Æрдæг дын дæттын.

– Цас дзæнгæда цæгъдыс? Æри йæ ардæм!

Æрдæг нæ... Къæдзил мын... Гыццийæн... Тынг рынчын у...

Ставд дзæмбыйæ мæ бауыгъта æмæ мæ кæсаг иуварс атахт. Стыр кæсаг уыд, хуыдзых кæсаг. Ахæм кæсаг Таджы уый размæ дæр, уый фæстæ дæр ничиуал æрцахста.

– Къæдзил мын ратт.

– Фучъи дæ нæ хъæуы?

– Мæ кæсаг у!..

– Æз дын уæлейæ дæлæмæ...

Асхуыста мæ. Ахæм схуыст, æмæ ме 'мбудæнтæ рыджы афсæрстон. Стæй ма мæм иу æвнæлд фæкодта. Æз алыгътæн, фæстæмæ ма йæм фæзылдтæн, кæуынхъæлæсæй загътон:

– Æз дын искуы фенын кæндзынæн!

Ныр æнæнхъæлæджы фембæлдыстæм. Кæдæй-уæдæй ма, дам дæ федтон. Æз æй куы нæ федтаин, уæд хуыздæр уыди, бæргæ. Фæлæ йæ федтон. Низæфхæрдæй, мидæмæхауд цæстыты кæддæры цæхæр ахуыссыд, афтæмæй. Бахус. Фыццаг мæ сæры февзæрд: «Уый мæ тæригъæдæй уыд, стæй гыццийы тæригъæдæй. Нæ дын батад уыцы кæсаг...» Иннæ уысм мæ хъуыдытыл æрфæсмон кодтон: «Гормон, дæ размæ тыхст лæг ис. Исты йын зæгъ, зæрдæвæрæн ныхас...»

Мæ бон нæу. Æрмæст мæ мидхъæлæс æнæбанцайгæйæ дзуры: «Фæнды дæ, уæд дын æз феххуыс кæндзынæн? Мæнæн иу зонгæ дохтыр ис, стыр дохтыр, æмæ дæ уымæ аласдзынæн. Уый дæ адзæбæх кæндзæн, мард дæр æрыгас кæндзæн. Сдзæбæх уыдзынæ. Æрмæст мæм иу курдиат ис: макуыуал фæриссын кæн сывæллоны зæрдæ.

Макуыуал, макуыуал...»

## ÆРДЗЫ РÆДЫД

Барæй сæ ничи ныссагъта. Афтæмæй та иу ран сырæзыдысты. Фæрсæй-фæрстæм. Иу зæххы, иу мæры.

Сындз æмæ дидинæг. Иу рæхойгæ кæны, иннæ – рæвдаугæ. Ӕнахуыр хъуыды мæм сæвзæрд: дидинæг – раст, сындз – хæрам. Рæстдзинад кæм ис, хæрам дæр йæхицæн бынат уым агуры.

Ӕппæты зындæр та мын цы уыди: сырх дидинæг лæппу йæ уарзон чызгæн æртыдта, сындз сæрбæрзондæй рæхойгæ мидбылхудтимæ баззад.

Ӕрдз дæр рæдийын зоны.

## УЫНДЖЫ

Ӕнхъæлцау сылгоймаг уынджы фæцæуы... Йæ хъæбул зæрдæйы бын кæй тæлфы, уый æнкъары æмæ худы йæхицæн.

Худын æз дæр. Мæ мидхъæлæс та мын дзуры: «Сылгоймаг кæм уа, уым мæлæт нæй. Мах æнусон стæм, мах æнæмæлгæ стæм!»

Уынджы фæцæуы æнхъæлцау сылгоймаг...

Адæм, фæндаг ын раттут, уæ сæртæй йын ныллæг акувут! Уый нæ Мад у, нæ туг, нæ хъæстæ йе стыр зæрдæйы чи хæссы, уыцы Мад æмæ йæ хъахъхъæнут!

## ЛӔДЖЫ ЦАРД

Ӕмбæлттимæ, адæмы ‘хсæн, куысты уæлхъус мæ мысинæгтæ кæмдæр сæхи бамбæхсынц, иунæгæй мæ куы ссарынц, уæд та рабырсынц... Сæ ахæсты бахауын.

Мæ кæддæры рис, мæ хъæдгом та мын фæцагайдтай!

Мæ кæддæры уарзт, æрыхъал та дæ!

Мæ сæфт бæллиц, дæ кæрон мæм дард кæцæйдæр ферттывта!

Мæ ивгъуыд цард, мысын та дæ, мысын!

Фæсмон цæуыл кæнон, уый ис!

Цæмæй район, уый дæр ис.

Худгæ цæуыл кæнон, уый дæр.

Кæугæ цæуыл кæнон, уый дæр.

Цин дæр, маст дæр – фаг.

Мысинæгтæ, мысинæгтæ! Цы та мæ баййардтат? Ӕви мыл уæ зæрдæ худы? Ӕмæ уыл мæ зæрдæ куы ницæмæй худы. Ӕз уæ ницæмæй хъæстаг дæн. Ӕппындæр ницæмæй.

Афтæ, лæджы цардæй цæрын!

## САБИТÆ

Хъазынц сабитæ, бирæ сабитæ.

Кæсын сæм æмæ мæ æрдæбоны маст æрбайрох. Худын мæхицæн. Куыд æнæмаст, куыд æнæхин, куыд рæсугъд сты!

Цин кæнын сæ рæузонд ныхæстыл, сæ хъæлæбайыл, сæ разгъор-базгъорыл.

Æрдæбоны хъуыдытæй мæм ницыуал аззад. Цъæх арвы бын кæйдæр сабиты хъазгæ федтон æмæ мæм нæ цард сыгъдæгдæр, хъæлдзæгдæр кæсын райдыдта. Цыма хæрамдзинад нал ис зæххыл, цыма фыдæх бынтондæр фесæфт, цыма æвзæр адæмæн сæ кой дæр никуы уыди...

Дунемæ дзаг цæстытæй фæлгæсын, кæйдæр сабиты дзаг цæстытæй æмæ хъæлдзæг зæрдæйæ худын...

## ИУНÆГÆЙ

Бафæлладтæн. Цæмæй, уый мæхæдæг дæр нæ зонын. Æвæццæгæн, мæхицæн цы дуне æрæмысыдтæн, уымæй стыхстæн.

Иунæгæй цæрын хорз у. Æрмæст иу бон. Æрмæст дыууæ боны. Стæй уæд хъуыдытæ ныппæррæст ласынц, агурынтæ сисынц хæлæртты, зонгæты...

Мæ зæрдæмæ чи цæуы, æз кæй æмбарын, уымæн йæ хъæлæс фехъус, æндæр мæ ницыуал фæхъæуы, хуыздæр хорзмæ бæлгæ дæр нал фæкæнын.

Мæ размæ, æппæт хъæлæстæ чи иу кæны, ахæм дзаума. Мæ размæ – телефон. Ныртæккæ æнафон у, тынг æнафон, мæнæн та мæ бон кæмæдæр бадзурын у. Æмбисæхсæв мæ бон иу адæймагмæ бадзурын у! Уый хæтæл сисдзæн æмæ зæгъдзæн: «А-а, ды дæ?..»

Базондзæн мæ мæ хъæлæсæй. Аныхас кæндзæни мемæ. Истытæ-мацыты тыххæй. Уæлвæндаг нæ ничи фæкæндзæн, фæлæ мын уæддæр фенцондæр уыдзæн. Фæлæ мæ фæллад фесæфдзæн. Фæлæ мæхи хъæздыг лæгыл нымайдзынæн.

## РАЙГУЫРДИ СУАДОН

Райгуырди суадон. Рæсуг. Уазал. Хæрзад. Дзæгъæлы æмбæхста ныронг йæхи. Раздæр фæзын, æмæ бæлццæттæ

дæ цæрайæ цардаиккой. Ныр та йæ ничима зоны. Уæддæр æй ссарынц, йæ цуры абадынц, сæ дойны суадзынц.

Суадон хъæрæй зарæг нæ уарзы æмæ ныллæг хъæлæсæй зары. Йе 'взагæй нæ зонын, фæлæ мын уæддæр æхсызгон у йæ мидуынæр, йæ доны æнарæхст гæппытæ æвæд сыджытыл, хуыртыл...

Дунемæ фæзынди ног суадон. Нал бафæрæзта æмбæхстæй цæрын æмæ срæмыгъта.

Мæ мидхъæлæс мæм дзуры: «Йæхи æгъдауæй не срæмыгъта, бар æй нал уыди»...

Æмæ хъуыдытæ кæнын мæхицæн: «Æвæццæгæн, дæттæ адæмы цæссыгæй гуырынц. Æвæццæгæн, дæттæ адæмы хидæй æвзæрынц».

Æмæ уæд цæхджын цæуылнæ сты?

Цæхджын та уымæн не сты, æмæ зæххы бын фæрсудзæнтæ ис. Сæ цæхх уым баззайы, сæ рæсуг уæлæмæ ссæуы.

О, фæлæ денджызтæ цæхджын цæмæн сты?

Денджызты фæрсудзæнтæ нæй. Гом арвы бын сæм цас цæссыг, цас хид фæкалд — ацу æмæ йæ ды базон.

Мæнмæ афтæ кæсы: адæмы цæссыгтæй, адæмы хидæй фæзынд ацы дунемæ цæхх дæр.

Уымæ гæсгæ йæ ласынц денджызтæй. Адæм сæхæдæг. Сæхицæй рантыст.

Лæджы хуызæн лæг цæхх æмæ кæрдзын цы фынгыл нæ фена, уый фынгыл дæр нæ нымайы...

Зæххы бынæй ныццавта суадон...

Хатын: йæ хæрзад, рæсуг уылæнты ис Хангуассæйы сусæг цæссыгтæ, Урсдоны скъоладзауты хиды æртæхтæ, сидзæргæс мадæлты марой.

Æмбарын: зæхх адæмæн цæры, адæм та — зæххæн.

Зонын: зæхх адæмæй цы райсы, уый йын æртæ хатты фылдæрæй ратты.

Суадон мын йæ мидуынæрæй бамбарын кодта: цæссыгтæй райгуырдтæн, фæлæ уæм æвдадзы хосæй фæстæмæ фæзындтæн!

## МÆЙМÆ КУРДИАТ

Ахсæв та ирдцъар тымбылдзæсгом мæй стъалытæм усгур ацыд. Зилы се 'хсæнты æмæ йæхицæн къайаг агуры. Цыма

никæуыл æрвæссы, уыйау йæ сабыр цыд нæ халы. Мæн фæнды, цæмæй йæхицæн æппæты æрттивагдæр стъалы равзара. Фæнды мæ, йæ амонд куы ссарид.

Кæннод куы нæ ссара, уæд зæхмæ æрфистæг уыдзæн, уыйбæрц чызджыты астæу равзардзæн дæу æмæ дæ уæларвмæ ахондзæн. Уæд æз иунæгæй баззайдзынæн, зæххыл цæуæг нал уындзынæн, мæ цæстытæ арвмæ кæсынæй бакуырм уыдзысты.

Ме стъалы, мæхи иунæг стъалы, мæ зæрдæлæууæн стъалы арвыл куы уа, уæд мæрдтæй дæр, æгæстæй дæр нал уыдзынæн. Мæ сæууон бæллиц, мæ изæры сагъæс зæххыл куы нал уа, уæд Терк-Турчы бæсты кæуæг цыртдзæвæнæй фæхæтдзынæн.

Æмæ дæ курын, ирдцъар тымбылдзæсгом мæй: кæм дæ, цы бæсты цæрыс, уыцы бæстаг къайаг равзар дæхицæн. Æрвон усгурæн æрвон чызг фидауы, æз та зæххон дæн æмæ мын мæ зæххон амонд ма ахæсс.

Равзар дæхи бæстаг. Дзырд дын дæттын: æз дæм ме стъалыимæ чындзхæссæг ацæудзынæн!

# АБАЙТЫ ЭДУАРД: 60 АЗЫ



*АБАЙТЫ Эдуард*

## МЕ ‘ВЗОНДЖЫ ХУР

* * *

Нæ хосы тæфæй адджындæр
Мæнæн нæ уыди раджы дæр.
Мæрдтæм дæр мын ывæрзæнæн
Ды хостъыфыл нывæрдзынæ.

Бæргæ, куы кæсин ме уæны...
Мæрдты дзæнæтыл не ‘ууæндын.
Нæ хосы сæр куы фæхуыссын, –
Вæййын дзæнæты хъæбысы...

* * *

Диссаг куыннæ у уый, скæс-ма,
Сфардæг æхсæрдзæны кæсаг.
Дон æй фæстæмæ æппары,
Уый та йæ быцъынæг хъары.

Сæмбæлы айнæг къæдзæхыл,
Фæлæ та фестъæлфы, стæхы,
Сæмбырд та кæны йæ тыхтæ
Знæт донæн ногæй йæ ныхмæ.

Донæн йæ гуырæн ыссардта
Æмæ дзы еугæф фæкалдта.
Хъуамæ йæ зæйцы сæраппонд
Уыцы ран амæла абон...

* * *

Арвыл
пирæнгом,
кæуæг цæстыйас
асæсты мур
нæ уыд.
Бæстæ –
дзидзалæг
æмæ дзæгæрæг,
уырыд æмæ фицыд.
Ныр иугай æртæхтæ,
цыма былдауæн мондæгтæ,
зæххы хус тæф
скалдтой,
æмæ асалдысты йæ былтыл
сывæрвиуау.
Æрвнæрд
афтид багалæгау,
арвы кæрæттæм
схъиудтытæгæнгæ
атылд…
Йæ сæрыл, дам,
йæ зымæг бæрæг вæййы,
йæ зымæгыл та –
йæ сæрд.
…Фæлæ мын мæхи сойæ
мачи сæрдæд мæ былтæ;
æртæхы мыдыбындз
мыдмæ,
фæлæ йæ мыдæй
нæ сайдæуы…

* * *

Найы
Хуры чызг
йæхи…
Рухс дондзæстыты
ризæгау кæны инджынау.
Къæвдайы æртæхтæ сæ,
цъингуыртау,
кæнынц
цъыллинджытæ.
Найы
Хуры чызг
йæхи…
Къæвда
йæ дзындз зарæг
сабыр
базары.
Æви уый
мæ аивæрдæхт чызг ракафы
месты
рог?..
Бур ехсæй
тæрсæн цъыччытæгæнæгау
арвгæрон
ферттивы
арв…
Найы
Хуры чызг
йæхи…

* * *

Бирæ фæхуыссыдыстæм
дæлфæд-уæлфæд,
дæлхъуыр-уæлхъуыр,
гыцци.

Зæнæджы зæнæг, дам,
зæнджымагъз у.
Ды ме 'взонджы хурæй
зæронд нæ кодтай,
æз та дæ хистæры фарнæй
рæзыдтæн.
Куы-иу фæкалдтæн,
уæд-иу ды та:
«Сыст, мæ хъæбул,
дугъон бæх дæр нæу
æнæфæкæлгæ,
чи нæ фæкæлы,
уый стын дæр нæ базондзæн!»
О, фæлæ дæхæдæг
куынæуал сфæрæзтай
ацы хатт сыстын,
гыцци!..
Мæй?
Нæ!
Уый мæй нæу,
фæлæ дæ хæбизджыны цæстæн
йæ царв лæпиры
уæлæмæ,
дæ хуыны каркæн
йæ басы
сойы дзылар ленк кæны...
Уахъæз,
уадымс?..
Нæ!
Уый дæ сабыр ныхас у,
дæ ныфсы ныхас.
Хъæдгом та, дам,
сæрдæнæй дзæбæх кæны,
сæрдæнæй...
О!

Ды ахаудтæ,
фæлæ та сыстадтæ ногæй,
иугæр мæ цæстытыл уайыс,
иугæр мæ хъустыл æрцæуы
дæ ныхас:
«Сыст, мæ хъæбул,
дугъон бæх дæр нæу
æнæфæкæлгæ,
чи нæ фæкæлы,
уый стын дæр нæ базондзæн…»

* * *

Цъиудуц æхсæв.
Цæмæйдæр тыхсын.
Цыма чидæр
йæ хыссæйы æвдулæнтæ
арынджы къуыммæ
дæрзæг армытъæпæнæй
æрбасæрфы,
стæй, цыма,
йе ‘нæсæрст дзултæ,
пецы уæхскыл сæ авæргæйæ,
кæрæдзиуыл
ахафы.
Мæнæ дзеудзæлæй
æмæ цъыззы!..

Цъиудуц æхсæв.
Цæмæйдæр тыхсын.
Цæмæн мæм фæкасти
сикъотыхтдзыкку сылгоймаджы
хуырхы ‘хсæнты ракалд
фурдсæххæтгæнæгау,
цæмæн?

Æви уый
мæхи зæрдæ ныссæххæтт кодта,
мæхи зæрдæ?
Мæнæ дзеудзæлæй
æмæ цъыззы!..

Цъиудуц æхсæв.
Цæмæйдæр тыхсын.
У митсайæн хъарм дымгæ
æнафоны æрбахойæг
сылгоймагхонæджы хуызæн...
Мæнæ дзеудзæлæй
æмæ цъыззы!..

Цъиудуц æхсæв.
Цæмæйдæр тыхсын.
Цыма мыл кæцæйдæр
куыдзы хъист-хъист,
куыдзы рæйын ссыд...
Цыма йæ сæрæй
йæ гæрзбæттæн аппарыныл архайы,
адæрджы митæ,
мæлæджы катæйттæгæнгæ...
Кæд хорз куыдзау
йæ мард
фæсвæдмæ хæссы,
фæлæ ацы ‘хсæв
бастæй
баззади,
æмæ кæд уымæн хауы
йæ удæртау?..

Мæнгæн нæ фæзæгъынц,
хатт, дам,
мæлæтæй амонд дæр
ницæмæн хъæуы.

Суадзын æй хъæуы,
суадзын!..
Мæнæ дзеудзæлæй
æмæ цъыззы!..

Цъиудуц æхсæв.
Цæмæйдæр тыхсын.
Кæм тæдзынæджы бын дæн, кæм –
тæдзынæгæй
цыхцырæгмæ...

Цы уа, цымæ?..
Мæ хъуыды
фæхтыкъахт ныккодта
тæдзынæгау,
тæдзынæг та
пырхгæнаг цыхцырæгæй
тыхджындæр у,
уымæн æмæ йæ цæвæн
иу ранмæ у.

Цы уа, цымæ?..
Кæнын мæ сæрымагъз
цъæлтæ лæмарæгау.
Кæнын хъуыды
суйтæ уадзæгау,
æлхынцъытæ халæгау.
Кæнынц мæ хъуыдытæ
фæкæл-фест,
цæкуысхъиуд,
пусиргом
фæвæййынц...

Мæнгæн нæ фæзæгъынц,
хатт, дам,
мæлæтæй амонд дæр
ницæмæн хъæуы.

Ӕмæ кæд мæ хъуыды дæр
уыцы куыдзау
баст у,
æмæ адæрджы митæ кæны,
мæлæджы катæйттæ,
йæхи атоныныл архайгæйæ,
мæнæн та суадзын нæ комы...
Мæнæ дзеудзæлæй
æмæ цъыззы!..

Цъиудуц æхсæв.
Цæмæйдæр тыхсын.
Мачи мæ мацæмæй фæрсæд:
æз зонын –
ницы зонын
æппындæр!..

* * *

Уый цы дæ,
цы джелбетт дæ?
Кæд дæ
Гæтæджы дзæм-дзæмы дæтты
дзыхъирд.
Цæстæй дæ баназин,
фæлæ цæсты дæр бахауы
исты.
Уый цы дæ,
Сыгъдæг,
цы джелбетт дæ?
Тæхуды,
ды уалдзæг дидинæгæй куыд зад вæййыс,
фæззæг дæ дыргъæй дæр афтæ
æртон!
Фæлæ дуне
æнæссаргæ куыд нæй,

нæй афтæ
æнæфесафгæ
дуне.
Куыройæн
йæ къутуйы цы ныккалай,
уый нал вæййы
йæ фæлгуырæй сисæн.
Уый цы дæ,
Сыгъдæг,
цы джелбетт дæ?
Фæирд кæныс.

Æгæр сауау
æгæр урс дæр
куырм кæны.
Фæлтау фæлурс рухс
уæд саудалынджы,
цæйнæфæлтау
фæлурс рухсы уа
саудалынг…

*БАГАТЫ Аврам*

# ÆРТÆ ГУЫППЫРСАРЫ

*Æнусты дæргъы ирон адæммæ кадджын у афицер, уæлдайдæр æфсæддон разамонæг суæвын. Хуымæтæджы нæ уыдис кæрæдзийæн сæ хуыздæр арфæ: «Дæ фырт афицер суæд!» Ирæттæ рагæй фæстæмæ дæр иузæрдион уыдысты æфсæддон хъуыддагыл. Уымæн ирд æвдисæн сты Терчы-Кубаны хæххон полчъы командир граф Шуваловы ныхæстæ: «Осетины составляли украшение любого полка. За ними были осмысленная удаль, знания русского языка, строгое соблюдение дисциплины и беззаветная храбрость».*

*«Инæлар М. Д. Скобелев та ирæтты тыххæй афтæ загъта: «Кавказское сердце ваше всегда сумеет быть на высоте боевого дела».*

*Мингай ирон хæстонтæ уыд Уæрæсейы æфсады зæронд дуджы. Æрмæст Мæздæджы районы дыууæ хъаллæйы – Ново-Осетиновская (Мусыхъæу) æмæ Черноярская (Дзæрæсте) – Уæрæсейы æфсадæн радтой дыууадæс инæлары æмæ 29 булкъоны, Георгийы дзуары кавалертæ та сæм 300 уыдис. Æмткæй райсгæйæ та, Ирыстоны инæлæртты нымæц сæдæйæ фæфылдæр. Уыдонæй бирæтæ фесгуыхтысты уырыссаг-туркаг хæстыты. Нудæсæм æнусы Уæрæсейы æфсад знæгтимæ хæцыд 18 хатты. Уыцы хæстыты 1453 карз тохæй рамбылдта 1170.*

*Райгуырæн бæстæмæ стыр уарзондзинад, хæстон арæхст, æфсæддон хæс æмæ ардбахæрдыл иузæрдиондзинад равдыстой Ирыстоны хъæбултæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты азты дæр. Фыдыбæстæ хъахъхъæнджыты рæнхъыты Цæгат Ирыстоны цæрджытæй уыдис 125 мины бæрц, ома республикæйы алы цыппæрæм цæрæг дæр. Уыдонæй 60 мин адæймагæн саккаг кодтой ордентæ æмæ майдантæ сæ хъæбатырдзинады тыххæй, 79 адæймаджы*

*та систы Советон Цæдисы Хъæбатыртæ,13 – Намысы ордены æххæст кавалертæ. Ирыстоны æхсарджын хъæбулты нымайгæйæ, мах уæлдай сæрыстырдæрæй фæзæгъæм Советон Цæдисы дыууæ хатты Хъæбатыр, Манголы Адæмон Республикæйы Хъæбатыр, æфсады инæлар Плиты Иссæйы, Советон Цæдисы Хъæбатыртæ, æфсады инæлар Хетæггаты Габойы æмæ инæлар-булкъон Мамсыраты Хаджумары нæмттæ. Уымæн æмæ ирон адæмæй æфсæддон къæпхæнтыл уыдонæй бæрзонддæр ничи схызт. Немыцаг фашистты ныхмæ тохы та сæ лæгдзинад æмæ ‘хсар æмбисондæн баззад.*

*Ацы аз уыцы æртæ гуыппырсары райгуырдыл сæххæст фæйнæ 110 азы. Æртæйæ дæр райгуырдысты 1903 азы. Габо – апрелы, Хаджумар – сентябры, Иссæ – ноябры.*

## ИНÆЛÆРТТЫ ХИСТÆР

Æртæ инæларæн сæ хистæр у Хетæггаты Габо (Георги). Уый райгуырд 1903 азы 25 апрелы Зæрæмæджы фæндæгтæаразæг мастеры хæдзары. Йæ фыд Иликъойыл æрцыдысты хъæууы куывддзау лæгты арфæтæ, йæ фыртæй æцæгдæр канд афицер нæ, фæлæ ма сгуыхт инæлар дæр рауад.

Уæды заман ирон хæдзары ахæм арфæ æппæтæй æхсызгондæрыл нымад уыд. Гъемæ Иликъо кæд йæ уазджытæй уæлдай райгондæй баззад, уæддæр уæздан фысым радта ахæм дзуапп: «Нæ мыггаджы дыккаг Леуан (ома Къостайы фыд) нал уыдзæн. Алкæмæй афицер нæ рауайы». Æмæ йæ гаджидауы загъта: «Нæ фæдонты фылдæр чи уарзы, уыцы адæймаджы арфæтæ рæсугъдæй сæххæст уæнт!».

Æмæ сæххæст сты: йæ фырт сси ССР Цæдисы Сæйраг Советы депутат, æфсады инæлар, æфсæддон зылды командæгæнæг.

Габо йæ райгуырæн хъæуы бакаст цыппар къласы, фæндыд æй дарддæр ахуыр кæнын, фæлæ йын ахæм фадат нæ уыд: бинонтæ мæгуыр уыдысты æмæ æххуыс кодта йæ ныййарджытæн. 1916 азы сæрды Габо кусын райдыдта фæндагаразæгæй, 1917 азы та кусынмæ бацыд Садоны æрзæткъахæнтæм. Ам цыппæрдæсаздзыд Габо базыдта,

Уæрæсейы революци кæй æрцыд, уыцы хабар. Цыбыр рæстæгмæ революци схæццæ Кавказы хæхтæм дæр.

Георги барвæндонæй бацыд хуссарирыстойнаг партизанты къордмæ, 1920 азы 1 январы та – Сырх Æфсады рæнхъытæм, архайдта Деникины урсгвардионты ныхмæ хæстыты Цæгат Ирыстоны. Советон хицауад куы 'рфидар, уæд æвзыгъд сырхæфсæддоны арвыстой Пятигорскмæ Артемы номыл 38-æм фистæгæфсæддон курсыты ахуыр кæнынмæ. Курсытæ каст фæуыны фæстæ Хетæджы-фырты 1922 азы февралы снысан кодтой Дзæуджыхъæуы 28 хæххон дивизийы сæрмагонд скъолайы взводы командиры æххуысгæнæгæй. Чысыл фæстæдæр домаг Хетæджы-фырты сфидар кодтой ахуырадон взводы командирæй, æмæ кавказаг адæмыхæттыты минæвæрттæй Сырх Æфсадæн цæттæ кодта кæстæр командиртæ.

Йæхæдæг дæр зæрдиагæй тырныдта уæрæхдæр зонындзинæдтæм. Георгийы фæндыд артиллерист суæвын, æмæ 1926 азы Киевы æфсæддон училищейы артиллерион хайад каст куы фæци, уæд æй сæвæрдтой 36 Фæсбайкалаг дивизийы артиллерион дæлхайады командирæй. Китайаг-Скæсæйнаг æфсæнвæндаг сси дзырддаг æмæ расайдта хæстон быцæумæ. Уым 1929 азы ноябры сæ хъæбатырдзинады тыххæй 500 адæймаджы схорзæхджын кодтой Сырх Тырысайы орденæй, уыдонимæ Хетæджы-фырты дæр.

Куыдфæстæмæ, уæлдæрæй-уæлдæр бынæттæ ахсгæйæ, 1937 азы августы ирон афицер разамынд дæттын райдыдта Дард Скæсæны хицæн Сырхтырысаджын æфсады артиллерион полкъæн, афæдз фæстæдæр та ссæдзæм фистæг æфсады корпусы артиллерийы хицау архайдта япойнаг самурайтимæ карз хæстыты.

Фыдыбæстæйы Стыр хæст куы райдыдта, уæд булкъон Хетæджы-фырт службæ кодта Прибалтикæйы горæт Идрицайы уæвæг 21-æм механизацигонд корпусы артиллерийы хицауæй. Корпусы æфсæддонтæ горæттæ Даугавпилсмæ, Резекнемæ, Себежмæ æмæ Опочкамæ 'ввахс тугкалæн хæстыты удуæлдайæ хæцыдысты знаджы æрдонгтимæ, гитлеронты 56-æм æфсæддон корпусæн æрхастой стыр зиан, стæй урæдтой цæугæдон Ныгуылæн Двинайы сæрты бырсæг æртыккаг немыцаг мотодивизи. Хæстытæй иуы Георгийæн йæ рахиз цонг фæцæф. Цыппар мæйы дæргъы йæ дзæбæх кодтой

рынчындоны, æмæ ноябры тохæхсыст афицер архайдта Мæскуымæ ‘ввахс хæстыты. 30-æм æфсады командæгæнæг Д. Лелюшенко булкъон Хетæджы-фырты сæвæрдта æфсады штабы хицауæй æмæ йын йæ бæрны бакодта горæт Рогачевы бынмæ хæстыты архайæг æфсады галиу хай. Ноябры фæстаг бонты Сырх Æфсад размæбырсæг гитлеронты баурæдта, декабры райдианы та советон æфсæдтæ Мæскуыйы облæсты хъæутæ æмæ горæттæ знагæй сæрибар кæнын райдыдтой.

1941 азы 8 декабры Георгийæн радтой инæлар-майоры цин, 1942 азы 12 апрелы та йæ йæ хæстон сгуыхтдзинæдты тыххæй схорзæхджын кодтой Сырх Тырысайы дыккаг орденæй.

1942 азы кæрон æй сфидар кодтой Сталинградмæ хæстæг хæцæг 3-аг гвардион æфсады штабы хицауæй. Фæлтæрдджын инæлар архайдта хæстон операци «Малый Сатурн»-ы (уыцы операцийы рæстæг Хуссар-Ныгуылæн æмæ Воронежы фронтты æфсæдтæ ныддæрæн кодтой Астæуккаг Доны хæцæг гермайнаг æмæ итайлаг æфсæдты).

Фæстæдæр инæлар Хетæджы-фырт 5 мæйы дæргъы ахста 3-аг гвардион æфсады командæгæнæджы бынат. Донбассаг операци æнтыстджынæй сæххæст кæныны тыххæй йын радтой Кутузовы 1 къæпхæны орден.

1944 азы уалдзæджы Георги украинаг горæттæ æмæ хъæутæ гитлеронтæй сæрибаргæнæг фыццаг гвардион æфсады (йæ командæгæнæг инæлар-булкъон А. Гречко) штабы хицау æмæ æппæт хъарутæй дæр архайдта æфсады размæбырстæн фадæттæ аразыныл. Горæттæ Староконстантиново, Проскурово æмæ Каменец-Подольскиймæ ‘ввахс уæззау хæстыты 1-аг æфсад знагыл фæуæлахиз, фæлæ уыцы аз майы инæлар Хетæджы-фырты æнæнхъæлæджы йæ бынатæй систой æмæ йæ сæвæрдтой дивизийы командирæй, ома дæлдæр бынатмæ йæ раивтой. Афтæ цæй аххосæй рауад, уый тыххæй бæстондæр зæгъын æмбæлы.

Уыцы аз 4 мартъийы æфсад размæ бырсын райдыдта, гитлеронтæ, сырхæфсæддонтæн тыхджын ныхкъуырд дæтгæйæ, сындæггай фæстæмæ цыдысты. Фæстæдæр знаджы æфсæдтыл бафтыд æмæ сын сырхæфсæддонты размæбырст бауромын бантыст.

Хетæджы-фырт Фыццаг Украинаг фронты командæгæнæг, Уæлдæр Сæйрагкомандæгæнæджы хæдивæг, Советон Цæдисы маршæл Г. Жуковæн фехъусын кодта, æфсад зын уавæры кæй бахауд æмæ йын размæ бырсынæн фадат кæй нал ис, уыцы хабар. Фæлæ Жуков 1-аг æфсады штабы хицауы ныхас ницæмæ ‘рдардта æмæ, йæ бартæй пайда кæнгæйæ, инæлары йæ бынатæй систа.

Фыццаг гвардион æфсады командæгæнæг инæлар-булкъон А. Гречко, 3-аг танкты гвардион æфсады командæгæнæг инæлар-лейтенант П. Рыбалко, кадрты сæйраг управленийы хицау инæлар-булкъон Ф. Голиков æмæ 3-аг Украинаг фронты командæгæнæг Р. Малиновский Габойы фарс бæргæ рахæцыдысты, фæлæ Жуков йæ уынаффæ нæ аивта. Бафиппайын хъæуы уый, æмæ хæсты заман ирон инæлар дзæгъæл æфхæрдтытæ цалдæр хатты кæй баййæфта.

– Дæу тыххæй ныхас кодтон Генералон штабы хицауы фыццаг хæдивæг инæлар Антоновимæ, – сæ фембæлды рæстæг ын загъта 3-аг Украинаг фронты командæгæнæг Родион Малиновский. – Ныртæккæ нæм æфсады штабы бынат нæй, корпусты командирты бынæттæ дæр иууылдæр ахст сты, искæй йæ бынатæй сисыны фаг азым та никæмæ хæссын.

– Цыфæнды бынатыл дæр разы дæн, – загътон ын æз. – Æппæтæй хуыздæр уаид хæдбар бынат.

Малиновский иуцасдæр ахъуыды кодта, стæй мын афтæ:

– Ис мæм иу ахæм бынат... Дивизийы командир уай, уый дæ сæрмæ æрхæсдзынæ?

—Бæгуыдæр!

– Уæдæ ууыл бафидыдтам, – загъта Малиновский. – Абон уал дæ фæллад суадз, райсом та бацу 82-æм гвардион дивизимæ.

Георгийы разамындæй 82-æм дивизи цалдæр хатты фæуæлахиз знагыл, уæлдай ирддæрæй инæлары разамонæджы курдиат рабæрæг цæугæдон Днестры сæрты бырсыны рæстæг уæззау хæстыты. Фæстæдæр 1-аг Белоруссаг фронтмæ ивд дивизи архайдта цæугæдон Вислæйы сæрты бырсыны, стæй горæттæ Сарна æмæ Головачевы хæстыты. 8-æм æфсады командæгæнæг В. Чуйков йæ чиныджы фыссы: «Хетæджыфырты разамындæй 82-æм дивизийы æфсæддонтæ горæт

Головачевмæ хæстæг тохы хæцыдысты хъæбатырæй. Георги йæ дæлбар æфсæдтæн дæсны разамынд кæй лæвæрдта, уый фæрцы сырхæфсæддонтæн бантыст знаджы ныббырстытæн фидар фæлæууын æмæ йын тыхджын ныхкъуырд радтын...»

1945 азы Хетæджы-фырты дивизи архайдта Вислæ-Одер, Варшавæ-Познань, Скæсæн-Померань, Берлины æмæ Харбин-Гиринаг хæстон операциты.

Варшавæ-Познаны операцийы рæстæг советон æфсæдтæ ныддæрæн кодтой знаджы цалдæр дивизийы, бахæццæ сты цæугæдон Одермæ æмæ æрхъула кодтой фидар Познаныл. Фидар бацахсыны уæззау хæстыты рæстæг 82 дивизийы æфсæддон дæлхайæдтæ цалдæр хатты фесгуыхтысты. Советон æфсæдтæ бахызтысты цæугæдон Вартæйы сæрты æмæ знаджы фидæрттæм цæгат-ныгуылæнырдыгæй ныббырстой. Горæты ацы ‘рдыгæй кæрон хъахъхъæнæг фашистон æфсæдтæ дæрæнгонд æрцыдысты æмæ 23 февралы 8-æм æфсад Познань æххæстæй бацахста. Цæугæдæттæ Вислæ, Вартæ æмæ Пилицæйыл бахизгæйæ разамонæджы курдиат æмæ хъæбатырдзинад кæй равдыста, уый тыххæй 6 апрелы Георгийæн радтой Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

10 февралæй 4 апрельмæ Скæсæн-Померaниаг операцийы Сырх Æфсад ныддæрæн кодта знаджы 21 дивизийы æмæ 8 бригады. Советон æфсæдтæ Балтийы денджызы былгæрæттæм кæй рацыдысты, уымæй сæхицæн фадæттæ сарæзтой Германы сæйраг горæт Берлинмæ æмраст быросынæн.

Ацы хæстон операцийы рæстæг иннæ цæрæн бынæттимæ иумæ 12 мартъийы фашистон æфсæдтæй суæгъд кодтой горæт Кюстрин, горæты XIX æнусы арæзт фидар та мæйы кæронмæ баззад знаджы къухы. Познаны куыд уыд, афтæ ам дæр фидары алыварс æмæ йæ мидæгæй агуыридурæй амад хæдзæрттæй знаг сарæзта хæстон гæнахтæ. Сгарджытæ куыд сбæрæг кодтой, афтæмæй гарнизоны уыд 2000 æфсæддоны бæрц.

25 мартъийы 1-аг Белоруссаг фронты командæгæнæг Г. Жуков, 8 гвардион æфсады командæгæнæг В. Чуйков дæр сæ разы лæууыд, афтæмæй Хетæджы-фыртæн радта Кюстрины фидар бацахсыны тыххæй бардзырд. Дис ма кæнут, фæлæ фронты командæгæнæджы бахъуыд, æрæджы бынтон дзæгъæлы кæй бафхæрдта, уыцы инæлары æххуыс. Фронты командæгæнынад Уæлдæр Сæйраг Командæгæнынады

Ставкæйæн рагацау фехъусын кодта, Кюстрины фидар, дам, бацахстам, зæгъгæ, ахæм мæнг хабар, афтæмæй та йæ не 'фсæдтæн дыууæ къуырийæ фылдæр басæттын не 'нтыст. Йæ алыварс цыд, бирæ адæм кæм фæмард, ахæм æвирхъау хæстытæ, фæлæ уавæр нæ ивта.

Хетæджы-фырт бæстон бацæттæ кодта фидармæ бабырсыны пълан, сæйраг æргом аздæхта артиллерийы æххуысмæ, æмæ фондз боны дæргъы уæззау хæстыты фæстæ сырхæфсæддонтæ фидар байстой.

Георги Кюстрины фидар байсыны хъуыддагмæ кæд стыр æвæрæн бахаста, уæддæр чиныг «Освобождение городов»-ы автортæ Кюстрин фашистон æфсæдтæй суæгъдгæнæг æфсæдты номхыгъдмæ ирон инæлары 82-æм гвардион дивизи нæ бахастой. Барæй уыд, æнæбары, уый та бæрæг нæу.

Берлин байсыныл хæсты рæстæг инæлар Хетæджы-фырт уыд 8-æм гвардион æфсады 29-æм корпусы командир. Размæбырсæг корпусы æфсæдтæ бацахстой Берлины цалдæр районы, бахызтысты цæугæдон Шпрейыл, стæй къанæуттæ Тельтовы æмæ Ландверы сæрты, байстой аэропорт Темпельхоф, æфсæнвæндаджы дыууæ вагзалы æмæ императорон канцеляри, бахæццæ сты Тиргартенмæ æмæ афтæмæй 3-æм æфсадæн баххуыс кодтой Рейхстаджы алыварс район знаджы æфсæдтæй æххæстæй ссæрибар кæнынæн. Берлины тыххæй 29-æм корпусæн саккаг кодтой Сырх Тырысайы орден, корпусы командиры та бавдыстой Советон Цæдисы Хъæбатыры дыккаг стъалыйæ схорзæхджын кæнынмæ, фæлæ...

«Берлин байсыны операци цæттæ кæныны рæстæг нæ дыууæ Жуковы 'хсæн быцæу ныхас кæй рауад, уымæ гæсгæ уыцы курдиатæн разыйы дзуапп радтыны бæсты Жуков ныффыста мæнæ афтæ: «Хорзæхджынгонд æрцæуæд Суворовы 1 къæпхæны орденæй», афтæмæй ацы ордены статусмæ гæсгæ мæнæн ахæм хæрзиуæг дæттын не 'мбæлд», – фыста Хетæджы-фырт 1975 азы 5 майы фыссæг Цæголты Василимæ.

Æмцæдисоны хæстæ æххæст кæнгæйæ, Советон Цæдис Японимæ хæцын куы райдыдта, уæд инæлар-лейтенант Хетæггаты Георгийы снысан кодтой Дард Скæсæны 1-æм фронты 1-æм æфсады 59-æм корпусы командирæй æмæ архайдта Харбин байсыныл тыхджын хæстыты. Бардзырд

кæй сæххæст кодта, уый тыххæй корпусы командирæн саккаг кодтой Кутузовы дыккаг къæпхæны орден.

...1949 азы Георги иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ каст фæци Генералон штабы Æфсæддон академийы академион уæлдæр курсытæ, æмæ уый фæстæ разамынд лæвæрдта корпусæн, æфсадæн, Æфсæдты цæгатаг къорд (Польшæ) æмæ Прибалтикæйы æфсæддон зылдæн. Бæрнон бынæтты уæвгæйæ, Хетæджы-фырт стыр æвæрæн бахаста не 'фсады хъомыс фæфидардæр кæнынмæ, йæ хъæздыг хæстон фæлтæрддзинадæй рæдауæй хай кодта йæ дæлбартæн, архайдта æфсæдты хæстхъомдзинад фæнывылдæр кæныныл. Георгийы разамындæй æфсæддон зылды къухы хæстон æмæ политикон цæттæдзинады æфтыд стыр æнтыстдзинæдтæ. 1968 азы Георгийæн радтой æфсады инæлары цин.

Дзырддзæугæ æфсæддон разамонæг уыд æхсарджын, фæллойуарзаг, æмгарджын, зæрдæхæлар, фæразон, æгъдауджын адæймаг, иудадзыг архайдта куысты ногдзинæдтæй пайда кæныныл, узæлыд адæмыл, цæстмæ митæ нæ уарзта.

– Хетæггаты Георгийæ фæстæмæ мæ заманы æфсæддон зылды командæгæнджытæ уыдысты И. Гусаковский, В. Говоров æмæ А. Майоров. Георгиимæ абаргæйæ, адон уыдысты бынтон æндæр адæм, – мысыд, аст азы дæргъы Хетæджы-фыртимæ бакусæг, Прибалтикæйы æфсæддон зылды штабы оперативон уынаффæйады раздæры хистæр афицер Иван Максимов. – Ацы адæмæй иуæй-иутæ се 'ргом фылдæр здæхтой сæхицæн удæнцойдзинæдтæ кæнынмæ, Хетæджы-фырт та фыццаджыдæр архайдта йæ размæ æвæрд хæстæ æмбæлгæ хуызы æххæст кæныныл...

«Георги зыдта йæхицæн кад кæнын, фæлæ уæлдай буц митæ æмæ хинæйдзаг адæмы нæ уарзта. Мæнгард митæ æнæрæдыдæй хицæн кодта æцæгдзинадæй, кæимæ службæ кодта, уыцы адæмы зæрдæхудты никуы бацыд», – дзырдта Максимов.

1941-1945 азты Георги кæмæн командæ кодта, уыцы æфсæдтæн 10 хатты раарфæ кодта Уæлдæр Сæйрагкомандæгæнæг, Советон Цæдисы Генералиссимус И. Сталин.

Советон Цæдисы Сæйраг Советы 5-8 æвзæрстыты депутат, СЦКП-йы XX-XXII съездты делегат, æфсады инæлар

Хетæггаты Георги амард 1975 азы 3 сентябры Мæскуыйы. Кадимæ йæ баныгæдтой Новодевичьейы уæлмæрды.

Къорд азы размæ дзæнæты бадинаг булкъон Батырты Уырысби фыста сгуыхт инæлары тыххæй: «Дзæуджыхъæуы ис Хетæггаты Георгийы номыл уынг, фæлæ Фыдыбæстæ бахъахъхъæнынæн æмæ æфсады уавæр фæнывылдæр кæнынæн бирæ хорздзинæдтæ саразæг адæймагæн æмбæлы ноджы стырдæр кад скæнын».

Ацы ныхæстимæ канд æз нæ, фæлæ бирæ дзыллæтæ сты разы. Хъуыстгонд инæлары ном сæнусон кæныны тыххæй йын Ирыстоны сæйраг горæты бюст сæвæрын уæддæр æмбæлы.

## ХÆСТОН, ÆФСАДХОН, СГАРÆГ

Уæрæсе æмæ Ирыстоны историйы йæ ном сызгъæрин дамгъæтæй фыст кæмæн у, уыдонимæ ис инæлар-булкъон Мамсыраты Джиоры фырт Хаджумар дæр.

1918 азы июны олгинскæйаг Мамсыраты 15-аздзыд лæппу барвæндонæй бацыд Дзæуджыхъæуы кусджыты æмæ салдæтты депутатты Советы цур Сырхгвардион къордмæ æмæ архайдта Дзæуджыхъæу урсгвардионтæй ссæрибар кæныны сæраппонд хæстыты. Стæй сси Сырх Æфсады 11-æм бæхджын эскадроны хæххон сæдæйоны уæнг.

Каст фæци Хурыскæсæны фæллойгæнджыты коммунистон Университет. 1935 азæй фæстæмæ куыста Сырх Æфсады Сгарæг управленийы. 1936 азы майор Мамсыры-фырт – Испанийы. Гæрзифтонгæй хæцыд франкистты ныхмæ, арæзта алы мадзæлттæ Мадрид бахъахъхъæнынæн. Уыд Испанийы компартийы ЦК-йы хæстон уынаффæгæнæг.

Финляндиимæ хæсты рæстæг фронты фæсчъылдымы æххæст кодта къорд ахсджиаг хæсы.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты уыд йæ тæккæ райдианæй. Хæцыд Ныгуылæн, Хуссар-Ныгуылæн, Ленинграды, Брянсчы æмæ 1-аг Украинаг фронтты, разамынд лæвæрдта бригадæн, дивизийæн, корпусæн, æнæхъæн æфсадæн.

1945 азы 25 апрелæй суанг хæсты фæудмæ хъазуатонæй архайдта горæт Дрезден байсыныл уæззау хæстыты.

Советон Цæдисы Хъæбатыры ном райста 1945 азы 29 майы. ССР Цæдисы Сæйраг Советы Президиумы Указы Хаджумарæн Советон Цæдисы Хъæбатыры ном раттыны тыххæй фыст уыдис: «За образцовое выполнение боевых заданий командования на фронте борьбы с немецкими захватчиками и достигнутые при этом успехи присвоить звание Героя Советского Союза с вручением ордена Ленина и медали «Золотая Звезда».

1945 азы 24 июны Мæскуыйы Рæсугъд фæзы архайдта Уæлахизы паради, цыд 1-аг Украинаг фронты иугонд полчъы батальоны сæргъы.

Хæсты фæстæ службæ кодта Карпаты æфсæддон зылды. 1957 азæй – Генералон штабы сæрмагонд управленийы хицау, Генералон штабы Сæйраг Сгарæг управленийы хицауы фыццаг хæдивæг, рæстæгмæ хицауы хæстæ æххæстгæнæг.

Хорзæхджын у Ленины æртæ орденæй, Сырх Тырысайы фондз орденæй, Суворовы 2-аг къæпхæны, Кутузовы 1-аг къæпхæны, Фыдыбæстæйы хæсты 1-аг къæпхæны ордентæй, «Фыдыбæстæйы хæсты партизанæн» ордены 1-аг къæпхæнæй æмæ бирæ æндæр хæрзиуджытæй.

1968 азы 5 апрелы Мамсыраты Джиоры-фырт Хаджумар ахицæн йæ цардæй. Бавæрдтой йæ Мæскуыйы Новодевичьейы уæлмæрды.

## БУЛКЪОН КСАНТИ

Мæскуы, 1945 азы 24 июнь. Уæлахизы парад. Инæлар Мамсыраты Хаджумар у иугонд бæхджын полчы батальоны хистæр. Зын зæгъæн у, уæд инæлар цæуыл хъуыды кодта, уый. Чи зоны, æмæ йæ зæрдыл æрбалæууыдысты йе 'дзард хæстон æмбæлттæ. Науæд та йæ цæстыты раз сыстадысты дард Мадриды бынмæ карз хæсты нывтæ, кæнæ та фысджытæ Хемингуэй æмæ Илья Эренбургимæ фембæлдтытæ, йе та 'рымысыд Фыццаг Украинаг фронты командæгæнæг Советон Цæдисы маршæл Коневы ныхæстæ йæхи тыххæй: «Инæлар Мамсыры-фырт йæ сæргъы, афтæмæй 1945 азы 15 апрелæй фæстæмæ хæстыты дивизи кадимæ сæххæст кодта йæ размæвæрд хæстæ. Знаджы чъылдыммæ арæхстджын маневртæ кæнгæйæ, уый æрмæст 20-24 апрелы скуынæг кодта 1230

фашистон салдат æмæ афицеры, ныддæрæн кодта æртæ уæззау танчы, 11 бронетранспортеры æмæ бирæ æндæр хæстон техникæ, уацары райста 574 салдат æмæ афицеры, байста 8 паровозы, 850 вагоны, 17 скълады хæцæнгæрзтимæ, хæцæн æрмæг æмæ алыхуызон æфсæддон мулкимæ, 40 тракторы æмæ сыфцæй ласæджы, 480 автомашинæйы, 1700 бæхы æмæ 350 бæхуæрдоны, ссæрибар кодта уацайрæгты æмæ ахст адæмы дыууæ лагерæй 15650 адæймаджы. Мамсыры-фырт знагимæ тохты йæхи равдыста хъæбатыр æмæ арæхстджын инæларæй... Æмбал Мамсыраты Джеоры фырт Хаджумар у Советон Цæдисы Хъæбатыры бæрзонд номы аккаг...»

Кæнæ та йæ ахæм ахсджиаг цауы рæстæг мысинæгтæм не 'вдæлд, йæ хъуыдытæ уыцы боны фæткæй дарддæр нæ хызтысты...

Республикон радиойы фонды сты нæ номдзыд æфсадхонты мысинæгтæ дæр. Уыдонимæ инæлар-булкъон Мамсыраты Хаджумары мысинæгтæ Испанийы хæсты тыххæй:

— 1936 азы æрвыст уыдтæн Испанимæ фашизмы ныхмæ тохы испайнаг адæмæн феххуыс кæнынмæ. Иучысыл мæм сæрмагонд фæлтæрддзинад уыдис. Цингæнгæйæ сразы дæн. Ацыдтæн Испанимæ, уæдæ цы. Æвзаг нæ зыдтон, фæлæ йыл тагъд фæцалх дæн, æнцон æмбарæн æвзаг разынд. Æмæ чи дæн, уырыссаг дæн æви цы дæн, уый чи нæ зыдта, уыдон мæ баскаг æнхъæлдтой. Болгайраг дæр мæ хуыдтой, барвæндонæй æххуысмæ 'рбацæуæг. Зæгъын хъæуы, æмæ мæ уым цы мыггагæй зыдтой, уый дæр уыдис цавæрдæр македойнаг мыггаг — Ксанти...

Кæд цыфæнды хъæбатырæй ныхмæ лæууыдысты испайнæгтæ, уæддæр гитлеронтæ Муссолинийы итайлæгты æххуысæй Мадридмæ æрбаввахс сты. Уыцы ахсджиаг рæстæджы, мæ бон зæгъын у афтæ, æмæ равдыстон лæгдзинад, кæй зæгъын æй хъæуы, Испанийы компартийы разамынды амынддзинады фæрцы. Къуыри æмæ æрдæджы, дыууæ къуырийы размæ мадзæлттæ сарæзтон Мадриды кусджытæй, горæт чи бахъахъхъæдтаид, ахæм къордтæ бацæттæ кæныны тыххæй. Хъуыддаг уый мидæг уыдис, æмæ фашистты ныхмæ цы республикон æфсæдтæ тох кодтой, уыдоны иу хай дæрæнгонд æрцыд, уымæн æмæ хорз цæттæгонд нæ уыдысты хæстон хуызы. Иннæ хай та тæссармæ фæндæгтыл ацыд, æмæ Ма-

дрид гомæй аззад, хъахъхъæнæг æй нал уыд, æрмæст ма дзы, æз цы къордтæ сарæзтон кусджытæй æмæ æрмæст цалдæр боны хæстон хъуыддагыл кæй ацахуыр кодтон, уыдон аззадысты. Фæлæ уыдонæн сæ бон нæ уыд горæт бахъахъхъæнын. Уымæн æмæ сæм хæцæнгарз нæ уыд. Уыдысты 40 мин адæймаджы. Райдианы сæ хæс уыдис Мадридмæ бацæуæнты траншейтæ къахын æмæ фидæрттæ аразын. Республикæйы æфсæддонтæ куы фæфæстæмæ куы кодтой, уæд ма горæт хъахъхъæнæг иунæг тых уыдис æнæхæцæнгарз кусджыты стыр къорд. Æз хабар фехъусын кодтон компартийы разамындæн. Æвæстиатæй кусджытæн хотыхтæ радтой. Æз мæхимæ райстон Мадрид хъахъхъæнæг къордтæн разамынд дæттыны хæс. Мадрид хъахъхъæныны тыххæй уыдис стыр быцæудзинæдтæ. Чи зоны, æмæ, дам, горæтæн йæ ныууадзын хуыздæр у йæ хъахъхъæнынæй, уымæн æмæ тынг егъау горæт у æмæ бирæ тыхтæ домы. Уырдæм æнæхъæн стыр æфсад куы бакæнай, уæддæр нæ сахаддзæн. Мæн куы бафарстой, уæд æз цæхгæр радзырдтон, горæт фашисттæн радтыны ныхмæ. Адæм уæ нæ бамбардзысты. Уыцы фæндагыл разы уыдысты ме 'ппæт æххуысгæнджытæ дæр. Гъемæ иууылдæр хорзыл банымадтой мах фæндон, сразы йыл сты.

Æппæты трагикондæр бонтæ Мадриды уыдис 5, 6 æмæ 7 ноябры. Ис мæм æнæнхъæлæджы ист къам, систа йæ Кармен, хъуыстгонд кинооператор. 7 ноябры Михаил Кольцов æмæ Кармен æрбацыдысты æмæ нæ систой. Куыд мæ систой, уымæн ницы базыдтон, уыцы тæссаг бон хъуыды кодтам горæт бахъахъхъæныныл; франкисттæ бырстой, тырныдтой горæт бацахсынмæ, фæлæ сын æй нæ радтам, бахъахъхъæдтам æй.

**1965 азы Хаджумар ссыд Ирыстонмæ. Журналисттимæ фембæлды куыд дзырдта, афтæмæй Испанийы фембæлд æмæ ныхас кодта бирæ зындгонд адæмимæ: фысджытæ, журналисттæ, кинооператортæ, æфсадхонтимæ... Уыдонимæ Хемингуэй, Кольцов, Кармен, Малиновский, Мерецков æмæ æндæртæ.**



*Инæлар-булкъон*
*Мамсыраты Хаджумар.*



*Хаджи ирон фысджытæ Мамсыраты Дæбе*
*æмæ Дзадтиаты Тотырбегимæ.*



*Иссæ 1942 азы январы Мæскуыйы бынмæ хæсты.*



*Иссæ йæ хъазахъхъаг æфсæддонтимæ.*



*Иссæйы ингæн æмæ цыртдзæвæн Намысы Аллейы.*





*Æфсады инæлар Хетæггаты Габо æмæ йæ фыд Иван.*



*Габо йæ цардæмбал Валентинæимæ.*

* * *

**П. И. Батов:** ...Мæ дæргъвæтин царды дæргъы æз бирæ разагъды лæгтыл сæмбæлдтæн, фæлæ уыдонæй, æвæццæгæн, æрмæст иумæ уыдис, нысанмæ тырнгæйæ, знагимæ тохы æвидигæ æрхъуыдыдзинады миниуæг – уый у инæлар Мамсыраты Х.Д. Испанийы нæ зынаргъ Ксанти (афтæ йæ хуыдтой уым) республикæ хъахъхъæнджытæн нывыл сарæзта сгарæн хъуыддаг. Хъыгагæн, нырма нæ ралæууыд ахæм рæстæг, цæмæй æххæстæй радзурæн уа ацы адæймаджы æппæт архайды тыххæй, афон куы 'рцæуа, уæд бирæтæ кæсдзысты æмæ дис æмæ цин кæндзысты, нæ адæм ахæм нæртон лæгау лæгтæ кæй схъомыл кодта, ууыл.

* * *

**М. Е. Кольцов:** «Дуррути йæхицæн уынаффæгæнæг-афицер ракуырдта. Бацамыдтой йын Ксантимæ... Дуррути йын загъта:

– Ды коммунист дæ. Хорз, фендзыстæм. Æдзухдæр уыдзынæ мæ фарсмæ. Сихор дæр иумæ кæндзыстæм, фынæй дæр – иу уаты.

Ксанти йын афтæ:

– Хæсты кæддæриддæр бирæ вæййы æвдæлон сахæттæ. Æз курын уыцы рæстæг ауайыны бар.

– Цы кусдзынæ?

– Мæн фæнды дæ хæстонты дын пулеметæй æхсын сахуыр кæнын. Уыдон уымæ æппындæр нæ арæхсынц.

Дуррути бахудт:

– Мæн дæр сахуыр кæн пулеметæй æхсын.

* * *

**И. Г. Эренбург:** Хемингуэй сæмбæлд мах æфсæддонтимæ. Йæ зæрдæмæ цыд Хаджи, иттæг æхсарджын, æдæрсгæ адæймаг, знаджы фæсчъылдыммæ чи бацыд, уый (Кавказæй уыдис æмæ йын испайнаг фенхъæлæн дæр æнцонæй уыд). Хемингуэй йæ роман «По ком звонит колокол»-ы партизанты

тыххæй цытæ радзырдта, уыдонæй бирæтæ сты Хаджийы ныхæстæм гæсгæ фыст...»

* * *

**О. Г. Савич:** Ирон Мамсыраты Хаджийы Испанийы хуыдтой Ксанти. Бæхылбадæг, мидбæстон хæсты архайæг, уый æххæст уыдис, Пушкин, Лермонтов, Лев Толстой цы кавказаг хъæбатырдзинадыл дис кодтой, уымæй. Актер куы уыдаид, уæд дзы рауадаид иттæг хорз Хаджи-Мурат (Л. Толстойы æмном уацауы хъайтар). Кæнгæ мийæ йæм ницы уыд. Æхсар уыдис йæ туджы, уый уыдис, кæмæй улæфыд, уыцы уæлдæф... Уый у ахæм адæмæй, кæцытыл бауæндæн ис куысты цавæрфæнды бæрнон къабаз дæр, æрмæст зæрдæмæдзæугæ куыст уæд, æндæр.

Дипломат нæ уыдис, фæлæ йæ хъæбатырдзинад, æргомдзырд, адæммæ хæлар ахастæй йæ къухы дипломатийæ фылдæр æфтыд... ...Мамсыры-фырт-Ксанти-Фабер уæндонæй дзырдта йæ хъуыдытæ цыфæнды фарстайы фæдыл дæр. Зындгонд у, Испанийы Компартийы ЦК-йы Политбюройы æмбырды Мадрид радтыны тыххæй премьер-министр Кабальеройы фæндон куы фехъуыста, уæд йæ ныхмæ куыд карзæй дзырдта, уый.

**Испанийы Компартийы ЦК-йы дыккаг секретарь Педро Чеко:** Испанийы сæйраг горæт Мадриды советон æмбæлттæй чи ис, уыдонæй нырма æппæты фылдæр пайда ‘рхаста Фабер (Мамсыраты Хаджумары фæсномыг). Уый уыдис, мæ царды мæ хъуыддаг кæимæ уыд, уыдонæй æппæты æдæрсгæдæр æмæ уыцы иу рæстæг æппæты æвзыгъддæр, æппæты æрхъуыдыджындæр, тæссаг уавæры бахаугæйæ.

Штабы техникон кусæг-сылгоймаг сцыбæл, мæ чумæдан куы байгом кодтон, уæд. Цыдæр дзаумæттæ дзы йæ зæрдæмæ тынг фæцыдысты. Тыххæй мæ сразы кодта, цæмæй йын сæ ауæй кæнон. Дыууæ къуыримæ мын сæ аргъ дыууæ мин форинты бафидынæй зæрдæ бавæрдта. Радта мын йæ хæдзары адрис.

Рацыд мæй, фæлæ хæс фидæг нæй. Уæдмæ нæ ротæ ацыд быдырон ахуыртæм. Мæн снысан кодтой къазармайы радгæсæй. Иу бон бацагуырдтон мæ хæсджыны. Бацыдтæн

æм хæдзармæ æмæ йын байстон йæ паспорт, хæдзары чиныг æмæ радиоприемник.

Уалынмæ мæм фæсидтысты æфсæддон зылды штабмæ. Нæ замполит капитан Смирнов мæ тæрсын кодта, цы бакуыстай уый, зæгъгæ, цæмæн сбастай дæхи мадяркæимæ.

Штаб уыдис горæт Секешвехервары. Дыккаг уæладзыгмæ схызтæн. Бацамыдтой мын инæлары уат, радтой мын бацæуыны бар. Рахиз къух къæмисæныл авæргæйæ, балæууыдтæн йæ разы æмæ загътон:

— Товарищ генерал, младший сержант Кесаев прибыл!

— Кæцæй дæ? — бафарста мæ инæлар уырыссагау.

— Ирыстонæй, — дзуапп радтон æз.

— Уый зонын, фæлæ кæцы хъæуæй?

— Ногирæй, — уыд мæ дзуапп.

Исдуг ницыуал сдзырдта инæлар, стæй мæ рарвыста дæлбулкъон Шевченкомæ. Уый мын мæ дзаумæтты аргъ радта, æз та йын, венгриаг сылгоймагæй кæй рахастон, уыдон.

Капитан Смирнов тарст, трибунал мын куы стæрхон кæна, уымæй. Уымæн, æмæ уыцы рæстæг Венгрийы змæст уыдис, æз та иунæгæй хæцæнгарзимæ бацыдтæн мадяркæйы хæдзармæ... Фæлæ инæлары фæрцы аирвæзтæн ахæстонæй. Инæлар та уыд Мамсыраты Хаджумар. Фæлæ йæ уæд, æрыгон лæппу уæвгæйæ, цæмæй зыдтон, уый ирон лæг кæй у, нæхи инæлар.

Хорздзинад рох нæ кæны, фæзæгъынц. Æмæ уый тынг раст у. Абон дæр мæнæй рох нæу, инæлар-булкъон Мамсыраты Хаджумар мын цы хорздзинад ракодта, уый, стæй мæ никæд ферох уыдзæн.

## ИССÆ

Ирон адæмæй æфсæддон хъуыддаджы æппæты уæлдæр къæпхæнмæ схызт æмæ фыццагдæр советон инæлары цин ирæттæй райста Плиты Алыксандры фырт Иссæ. Советон Цæдисы дыууæ хатты Хъæбатыр, Манголы Адæмон Республикæйы Хъæбатыр, æфсады инæлар...

Советон Цæдисы Маршæл А.М.Василевский фыста йæ мысинæгты: «Плиты Алыксандры фырт Иссæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты йæхи равдыста æцæг хъæбатыр, æхсарджын æмæ арæхстджын разамонæгæй».

Иссæ райгуырд 1903 азы 25 ноябры Бæтæхъойыхъæуы зæхкусæджы хæдзары. Йæ фыд Алыксандр, ацæргæ лæг уæвгæйæ, исты бакусыны охыл ацыд Канадæмæ æмæ уым 1908-1912 азты фæкуыста шахтæты. Цыдæр æхцатæ сæрвыста йæ мадæн.

Цоты хистæр Иссæйы æвзонг уæхсчытыл раджы æрæнцад царды уæз. Хæдзары куыстытæ иууылдæр уымæ кастысты, æмæ сæ æнæзивæгæй æххæст кодта. Фæлæ йын уæддæр бæхыл абадынæй стырдæр цындзинад ма радт.

Лæппуйыл 12 азы куы сæххæст, уæд иу бон йæ хæстæджыты лæгимæ хъæдмæ суг ласынмæ ацыд. Изæрæй дзаг уæрдонимæ куы здæхтысты фæстæмæ, уæд сæ размæ фесты фыдгæнджытæ, хъавыдысты сын сæ бæхтæ байсынмæ. Бæхты хицау Иссæйæн фæтарст æмæ йын афтæ бакодта, уæд та, дам, сын нæ бæхтæ радтиккам, зæгъгæ. Фæлæ йын уый афтæ: «Ды сугтæ акал æмæ сын æрæхгæн сæ фæндаг, æз та бæхтæ феуæгъд кæндзынæн, абаддзынæн дзы иуыл æмæ хъæумæ дугъ ратдзынæн».

Афтæ бакодтой. Уый уыд Иссæйы фыццаг сгуыхт.

1918 азы уалдзæджы Иссæ каст фæцис Дзæуджыхъæуы реалон училище. Уымæй чысыл фæстæдæр сын сæ хъæумæ бабырстой абырджытæ. Хæдзæрттыл арт бафтыдтой, адæмæн истой сæ фос. Хъæуы цæрджытæй бирæтæ мард фесты. Æнæ хæдзар баззадысты сæ бинонтæ дæр, æмæ иннæ лигъдæттимæ хъæуи-хъæу рахау-бахау кодтой.

Цæгат Ирыстоны Советон хицаудзинад куы ‘рфидар, уæд Иссæйы бинонтæн дæр фадат фæцис фæстæмæ сæхи хъæумæ раздæхынæн, радтой сын зæххы хай. Иссæ барæвдзытæ кодта сæ хæдзар, къæбæр амал кодта бинонтæн.

1922 азы 1 мартъийы Иссæ бацыд Кавказаг Сæрмагонд Æфсады къордмæ. Уым йæхи хъæппæрисджынæй кæй равдыста, уымæ гæсгæ йæ ахуырмæ арвыстой Ленинграды бæхджын æфсады училищемæ.

Иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ дзы куы бакаст, уæд æй 1926 азы снысан кодтой Краснодары хæххон адæмты бæхджын æфсады скъолайы ахуырдзауты командирæй. 1930 азы дарддæр йæ ахуыр ахæццæ кодта Фрунзейы номыл

Æфсæддон Академийы. Академийы фæстæ Иссæ нысангонд æрцыд Киевы æфсæддон зылды 2-аг бæхджын корпусы 5-æм дивизийы оперативон къорды хицауæй.

1936 азы йæ арвыстой Манголимæ. Улан-Баторы цæттæ кодта афицерты кадртæ. Бæстæйы разамынд Иссæйы схорзæхджын кодта Сæууон стъалыйы орденæй.

1939 азы булкъон Плиты И.А. снысан кодтой 6-æм бæхджын дивизийы 32-æм полчъы командирæй. Йæ полкъимæ архайдта Ныгуылæн Белоруссийы хæстон стæры, йæхи дзы равдыста дæсны разамонæгæй, æмæ йæ айстой Генералон штабы Æфсæддон Академимæ. Каст æй фæцис æмгъуыдæй раздæр: Фыдыбæстæйы Стыр хæст райдыдта...

Цалдæр бонмæ Иссæ сарæзта Кубаны 50-æм бæхджын дивизи. 1941 азы июлы йæ сæргъы тохы бацыд немыцаг фашисттимæ.

Инæлар Доваторы бæхджын къорды уæвгæйæ, Плийыфырты дивизи 1941 азы августы-сентябры ацыд немыцы 9-æм æфсады фæсчъылдыммæ. Уый бырста Мæскуымæ. Иссæйы хæстонты æнæнхъæлæджы ныббырст стыр зиантæ 'рхаста фашисттæн: нал сын уыд бастдзинад се штабтимæ, арт сын бафтыдтой се скълæдтæ æмæ базæтыл. Немыцы ацы æфсадæн уал Мæскуымæ йæ размæбырст фæсыкк.

1941 азы 26 ноябры Иссæйы дивизийæ сарæзтой 3-æм бæхджын гвардион дивизи.

Мæскуыйы бынмæ хæсты гвардионтæ стыр сгуыхтдзинæдтæ кæй равдыстой, уый хынцгæйæ сын сæ командир Плийы-фырты риуыл сæрттивын кодтой Ленины орден.

1941 азы 19 декабры, хъæу Палашкино немыцæй уæгъд кæнгæйæ, фæмард 2-аг бæхджын гвардион корпусы сæргълæууæг инæлар-майор Л.М. Доватор. Корпусæн командæ кæныны хæс æрхаудта Плийы-фыртмæ.

1942 азы мартъи-апрелы Плиты Иссæйы корпус 1-æм гвардион кавкорпусы æрхъулайæ фервæзын кодта. 1942 азы 29 апрелы фыццаг ирон инæлар нысангонд æрцыд 5-æм гвардион кавкорпусы командирæй Хуссайраг фронты – командæ йын кодта инæлар-майор А.А. Гречко.

1942 азы июлы райдайæны Плийы-фырт йæ корпус радта инæлар Ф.А. Пархоменкомæ, йæхæдæг та командæ кæнын

райдыдта 3-æм бæхджын гвардион корпусæн – уый бахауд тынг зын уавæры, баззад æнæ командирæй.

Ацы корпусмæ хаудтой 5-æм, 6-æм æмæ 32-æм бæхджын дивизитæ. Сталининграды фронты корпус хъæбатырæй хæцыд бирæ хæстыты. Иссæйы снысан кодтой 5-æм гвардион танкты æфсады командæгæнæджы фыццаг хæдивæгæй. 1943 азы апрелæй ноябрмæ та уыд Быдираг фронты командæгæнæджы хæдивæг.

Буденный фыста: «Æмбал Плийы-фырт у арæхстджын, лæджыхъæдджын æмæ домаг инæлар. Кæддæриддæр хæсты йæхи равдисы дæсны разамонæгæй. Уый æнтыстджынæй командæ кодта дивизийæн, стæй та – корпусæн. Фронты командæгæнæджы хæдивæг куы уыд, уæд дæр йæхи иттæг хъæппæрисджынæй равдыста. Плийы-фырт у уый аккаг, цæмæй йын лæвæрд æрцæуа инæлар-лейтенанты цин».

Æмæ йæ райста 1943 азы.

1943 азы 2 ноябры Плион сси 3-æм Украинаг фронты 4-æм бæхджын гвардион корпусы командир. 1944 азы февралы саразтæуыд бæхджын-механизацигонд къорд. Уырдæм хаудысты 4-æм бæхджын гвардион корпус, 4-æм механизацигонд гвардион корпус æмæ æндæр хæйттæ. Æмæ йын Иссæйы снысан кодтой раздзогæй.

Василевский 1944 азы 13 февралы нæ домбай æмзæххонмæ фыста: «Зынаргъ æмбал Плийы-фырт. Хъæуы нæ де ‘ххуыс. Æмбал Малиновскийы хъуыддæгтæ ныртæккæ тынг хорз цæуынц. Дæуæн дæ корпусимæ дæ бон саразын у иу стыр хъуыддаг. Корпус æвæстиатæй Никополыл баппарын хъæуы Апостоловы районмæ. Бацархайын хъæуы ууыл, цæмæй ацы бардзырд æххæстгонд æрцæуа афоныл æмæ æнæзиантæй. Мах дæр уæм фæзындзыстæм æххуысмæ, фембæлдзыстæм Никополы. Æппæт хабæрттæ дæр мын фехъусын кæнут мæ адъютантимæ. Æнхъæлмæ кæсын дзуапмæ. Дæуæн аргъгæнæг – Василевский».

Уыцы хæс куы сæххæст кодта, уæд æм Василевский æмæ æфсады инæлар Малиновский сæ телеграммæйы хъусын кодтой: «Мах сæрыстыр стæм дæ хъæбатыр хæстонты архайдæй, нæ зæрдæ уын зæгъы ноджы стырдæр уæлахизтæ». Буденный та телеграфæй Плийы-фыртмæ арвыста: «Арфæ кæнын

дæуæн æмæ дæ сахъ хæстонтæн, Ног Бугы районы цы стыр æхсар æмæ лæгдзинад равдыстат немыцаг фашистты ныхмæ хæцгæйæ, уый тыххæй. Кубайнаг хъазахъхъæгтæ уыцы карз хæсты куыд фесгуыхтысты, уый сыгъзæрин дамгъæтæй фыст æрцæудзæн Сырх Кавалерийы историйы».

1944 азы апрелы бæхджын-механизацигонд къорд æнтыстджынæй архайдта знаджы фæсчъылдым ахæм арæныл – Вознесенск, Березовка, Катаржино, Сталино, Раздельная, стæй хуссармæ абырста Днестры былгæрæттыл, байста Беляевка, Маяки, йæхи ныццавта знаджы Одессæйаг къордыл.

Украинæ сæрибаргæнгæйæ, йæ бæрнығонд æфсæдтæн æнтыстджын разамынд кæй лæвæрдта, уый тыххæй Плиты Иссæ схорзæхджын Суворовы фыццаг къæпхæны орденæй, радтой йын Советон Цæдисы Хъæбатыры ном. 1944 азы июлы кæрон та нысангонд æрцыд фыццаг Белоруссаг фронты бæхджын-механизацигонд къорды командæгæнæгæй. Уый абырста 65-æм æмæ 28-æм æфсæдты æхсæнты æмæ, æппæт фронтты æфсæдты разæй горæттæ Мозырь, Стар Дороги, Слуцк, Столбцы, Мир, Барановичи, Слоним, Прушаны, Каменецырдæм бырсгæйæ, бахæццæ советон-польшæйаг арæнмæ, æмæ... æрхъулайы бахауд. Фæлæ раирвæзт.

1944 азы фæззæджы та ног бынат: дыккаг Украинаг фронты бæхджын-механизацигонд къорды сæргъы. Æмæ ссæрибар кодта Венгри æмæ Чехословаки.

Уæлахизыл сæмбæлд Прагæйы. Майы йын саккаг чындæуыд инæлар-булкъоны цин.

Иу тугкалæн хæст куы фæцис, уæд та йæ арвыстой Фæсбайкалы фронтмæ. 1945 азы июнæй 1946 азы февралы онг Иссæ уыд советон-мангойлаг æфсæдты бæхджын-механизацигонд къорды командæгæнæг.

Дæс бонмæ ацы къорд Гобийы змисбыдырты ацыд сæдæ километры, Къаннæг æмæ Стыр Хинганыл ахызтысты, знаджы фæсчъылдыммæ бацыдысты æмæ Квантунаг æфсады ныддæрæн кæныны хъуыддагмæ бахастой стыр æвæрæн. Иуахæмы та дын Иссæ чысыл æфсæдты къордимæ æнæнхъæлæджы бабырста япойнæгты горæт-фидар Жэхэмæ. Знæгтæ цавддуртау фесты, æмæ Иссæ бадомдта гарнизоны хицауæй, цæмæй сæ хотыхтæ æвæстиатæй æрæвæрой.

Жэхэйы бирæминон гарнизон йæхи уацары радта. Горæт æнæ иу гæрахæй райстой. Уыцы сгуыхтдзинады тыххæй Плиты Иссæйæн саккаг кодтой «Сыгъзæрин Стъалы»-йы дыккаг майдан, 1971 азы та – Манголы Адæмон Республикæйы Хъæбатыры ном, Сухэ-Баторы орден æмæ Сыгъзæрин стъалы.

1948 азы апрелæй 1949 азы апрелы онг Плиты Иссæ ахуыр кодта Ворошиловы номыл Генералон штабы уæлдæр Æфсæддон академийы Уæлдæр академион курсыты. 1949 азы апрелæй 1955 азы майы онг командæ кодта Фæскавказаг æфсæддон зылдæн.1955 азы июнæй 1958 азмæ уыд Цæгат Кавказы æфсæддон зылды командæгæнæджы фыццаг хæдивæг. 1962 азы райста æфсады инæлары цин.

«Уазал» хæст йæ тынгыл куы уыдис, уæд 1962 азы АИШ-ы скодтой сусæг пълан Кастройы хицауады ныхмæ. Кубæйы цы советон æфсæдтæ уыд, уыдонæн командæгæнæгæй снысан кодтой æфсады инæлар Плиты Иссæйы. Æмæ йе 'ппæт хъарутæ æмæ гæнæнтæй дæр архайдта, цæмæй ракетон-ядерон хæст ма 'рцæуа.

Тропикон тæвд, нуазыны дон дæр сын нæ фаг кодта. Иссæйы йæ уыргтæ æрæлхъывтой. Йæ рыст тыххæй урæдта. Дохтыртæ йын дзырдтой, цæмæй Мæскуымæ атахтаид, фæлæ семæ не сразы.

Советон Цæдисы æмæ АИШ-ы хицауад куы ныхас кодтой, уæд советон ракетæты æлхъивæнтыл хæцыдысты Плиты Иссæйы æнгуылдзтæ.

Бирæ дæсгай азтæ рацæудзæн, æмæ сæдæгай мин адæймæгтæ базондзысты, ядерон хæст чи не 'руагъта, уый ном - Плиты Иссæйы ном.

1968 азы Плиты Иссæ 65-аздзыдæй ацыд службæйæ Цæгат Кавказы æфсæддон зылды командæгæнæджы бынатæй.

Иссæ уыдис Коммунистон партийы 19, 20, 22, 23 съездты делегат, уыд уыцы партийы Центрон Комитеты уæнгтæм кандидат, Советон Цæдисы Сæйраг Советы депутат. Амард 1979 азы 6 февралы. Дзыллæтæ сæнкъуыстыты йæ ныгæнæн бон Дзæуджыхъæуы Намысы аллейы.

Иссæйæн стыр кад кæнынц Ирыстоны, Кавказы адæмтæ, Манголы ...

# МЫСИНÆГТÆ ИССÆЙЫ ТЫХХÆЙ

## Советон Цæдисы Маршæл А. Василевский:

Мæ зæрдыл хорз лæууы цыппор фыццæгæм аз. Смоленскы зæххыл уыцы аз хус сæрд уыдис. Сыгъдысты къухæй-къухмæ цæуæг хъæутæ æмæ горæттæ. Знаджы фылдæр тыхтæ бырстой Мæскуымæ. Уыцы рæстæг булкъон Плийы-фырты 50-æм кавалерион дивизи æрхæццæ Кубанæй. Дивизи хауд Доваторы кавалерион къордмæ. Йæхимæ райста знаджы фæсчъылдыммæ бабырсыны хæс, цæмæй йын фехæлдтаид йæ сау фæндтæ æмæ йын Мæскуыйырдæм йæ ныббырст фæкъуылымпы кодтаид.

Мах Генералон штабы нæ хъус лæмбынæг дардтам кавалеристты архайдмæ. Гитлеронты бахъуыд фронтæй дзæвгар фистæгæфсæддон тыхтæ æмæ танктæ сисын æмæ сæ бæхджын къорды дивизиты ныхмæ арвитын. Афтæмæй рейды ахсджиаг нысантæй иу къухы бафтыд. Немыцаг-фашистон æфсæдты размæбырст иуцасдæр фæлæмæгъдæр. Уый хыгъд знаг йæ ных сарæзта къорды архайды районмæ. Йæ авиаци хъæдыл æнæвгъау калдта бомбæтæ. Фæлæ кавалеристтæ арæхстысты сæхи бауuон кæнынмæ. Æхсæвыгæтты æдæрсгæйæ бырстой знаджы гарнизонтæм æмæ сын стыр зиантæ хастой, куынæг сын кодтой сæ хæстхъом тыхтæ æмæ техникæ. Тынгдæр чи фесгуыхт, уыдонæй 56-æн радтой ордентæ æмæ майдантæ, дивизийы командирæн та – инæлары цин.

Мæскуыйы бынмæ Волоколамскы фæндаджы, стæй та Истрæйы донмарæны цур историон хæсты æхсыстис инæлар Плийы-фырты арæхстдзинад, рæзт йæ дивизийы намыс. Рузæмæ цæуæг знаджы колоннæты размæ æрлæугæйæ, Плийыфырты гвардионтæ ныббырстой немыцы фарæстæм корпусы хæйттæм æмæ сæ, нæхионтæй иннæ бæхджын иугæндтимæ æмархайд кæнгæйæ, ныддæрæн кодтой.

1942 азы январы Плионы дыккаг бæхджын корпус, знаджы ныхмæлæууд сæттгæйæ, ныгуылæнырдæм цыд уæрагмæ миты, æмæ æрмæстдæр уæд – Мæскуыйæн тæссаг куы нал уыд – ракодта хæстæй йе 'фсæддон хæйтты уæлдæр командæгæнынады бардзырдмæ гæсгæ.

Уый фæстæ дæр инæлар Плийы-фырты къордтæ архайдтой бирæ егъау хæстон операциты. Сталинград, Хуссар Буг,

Одессæ, Белоруссийы операци, Дебрецен, Брно, Прагæ – уыдон уыдысты йæ бæхджын гвардион æфсæдты æмæ бæхджын-механизацигонд къордты хæцæны фæзтæ.

**Ю. Цеденбал:**

Иттæг дæсны, домаг æмæ карз æфсадхон, егъау æфсæддон къорды хæстон архайд аразынмæ тынг арæхстджын, принципиалон разамонæг, стыр зæрдæ æмæ уæздан уд кæмæн уыд, ахæм адæймаг уыдис Плийы-фырт.

**Гуыриаты Дмитри:**

1945 азы май. Дыккаг Украинаг фронты æфсæдтæ, знаджы Корсунь-Шевченкойы æмæ Яссо-Кишиневы къордты ныддæрæн кæнгæйæ, ахæцыдысты размæ, арæныл бахизгæйæ. Уыдонимæ уыдысты инæлар Кравченкойы танкон æфсæдты хæстонтæ дæр. Цад Балатоны цур знаджы механизацигонд хæйттæ ныппырх кæныны æмæ Будапешт ссæрибар кæныны фæстæ 5-æм танкон корпус йæ ных сарæзта Чехословакийы сæйраг горæт Прагæмæ.

Хорз ма хъуыды кæнын, Прагæйы цæрджытæ ныл куыд зæрдæхъæлдзæгæй сæмбæлдысты, уый. Раст цыма сæхи æфсымæртæ уыдыстæм, афтæ нæ дидинджыты бын фæкодтой. Уынгтæ байдзаг сты æрыгон лæппутæ æмæ чызджытæй. Танктæ-иу сæ цæуынæй куы фæлæууыдысты, уæд-иу, машинæтæ чъизи, рыг кæй уыдысты, уый ницæмæ даргæйæ, сбырыдысты нæ цурмæ, фæндыдис сæ уæлахиздзаутимæ абалц кæнын...

1945 азы 30 майы нæ æд хæцæнгæрзтæ æмæ техникæ бавгæдтой эшелоны æмæ нæ скæсæнырдæм раластой. Балæууыдыстæм Манголийы, г. Чайболсаны. Уым нæхи цæттæ кодтам япойнаг æфсæдты ныхмæ хæстытæм.

Маньчжурийы тыгъд быдыртыл, æдзæрæг Гоби æмæ Стыр Хинганыл теуаты къахвæндæгтыл советон æфсæдтæ сæ хæстон техникæ бахизын кæндзысты, уый æнхъæл нæ уыдысты япойнæгтæ. Æхсæвыгон ахæм фæндæгтыл цæуын тынг тæссаг уыд, æмæ-иу банхъæлмæ кастыстæм боны æрбарухсмæ. Артаг фæуд кодта, æмæ райстам ахæм бардзырд: алы дыууæ машинæйæ дæр артаг рауадзын æмæ йæ æртыккаджы ныккæнын. Афтæмæй цыдыстæм размæ. Æнæ артагæй чи баззад, уыдон банхъæлмæ кастысты артагласджытæм.

Иубон сæумæраджы нæ цуры февзæрдысты рог машинæтæ, æмæ сæ рахызт цалдæр хистæр афицеры. Æз базыдтон инæлар Плийы-фырты. Уымæй размæ дæр ма йæ федтон Венгрийы: Балатоны цады цур хæсты уый æфсæдтæ дæр архайдтой.

Танкмæ куы сцæйхызтæн, уæд иронау хъæрæй загътон: «Гъе Уастырджи, дæ рахиз базыры бын нæ бакæн!» Мæхæдæг аивæй кæсын инæларырдæм. Уый йæ сæр фæхъил кодта æмæ ме 'рдæм фæкаст. Уалынмæ мæм иу майор рæвдз æрбауад æмæ афтæ зæгъы, инæлар, дам, дæ агуры. Æз фæуыргъуыйау дæн, диссаг мæм фæкаст, æфсады уал азы чи ис, Ирыстонæй дард ран чи цард, уый ма йæ мадæлон æвзаг куыд хорз хъуыды кæны.

Бауадтæн инæлармæ рæвдз-рæвдз, мæ рахиз къух мæ къæмисæныл цæхгæрмæ авæрдтон, фæлæ мæ инæлар дзурын нæ бауагъта, ме уæхскыл мын æрхæцыд æмæ мæ иронау афарста:

– Кæцæй дæ?

– Суадагæй, æмбал инæлар, – дзуапп радтон æз.

– Æххуысгæнæг уæд Сыгъдæг Уастырджи дæуæн æмæ иннæтæн дæр. Уæлахизмæ бирæ нал баззад, нæхимæ куы ацæуæм, уæд æм бакувдзыстæм Ирыстоны, ныр та размæ цу æмæ дæхи дæр хъахъхъæн.

– Архайдзынæн, æмбал инæлар!

Уый йæ мидбылты бахудт, æмæ дзы æз, бар ракургæйæ, фæхицæн дæн.

Нæдæр мæ мыггагæй бафарста, нæдæр номæй, уымæн æмæ мах уыдыстæм иухуызон – Райгуырæн бæстæ хъахъхъæнджытæ...

Ахæм æнæнхъæлæджы фембæлд мын уыдис Иссæимæ 1945 азы августы.

**Советон Цæдисы Маршæл Д. Т. Язов:**

Иван Павлов Фыдыбæстæйы Стыр хæсты номдзыд æфсадхон Плиты Алыксандры фырт Иссæйы фæсномыг кæй уыдис, уый зыдтон. Уымæй размæ æз йемæ никуы ныхас кодтон, фæлæ бирæ хæттыты фехъуыстон, хъæбатыр, домаг æмæ принципиалон кæй уыдис, уый тыххæй. Æфсæдты йæ зыдтой ныркккон хæсты стыр специалистæй, æмæ йæ, æвæццæгæн, Кубæйы советон æфсæдты Къордæн командæгæнæгæй дæр уымæн снысан кодтой.

* * *

...Уый фæстæ раныхас кодта Иссæ Алыксандры фырт. О, уый уыдис тынг тызмæг, фæлæ фæлмæнзæрдæ. Уый уыдис, стыр дамгъæйæ фыст чи цæуы, ахæм адæймаг, кæддæриддæр — æцæг командир. Куы бахъæуа, уæд бафхæрдзæн, куы бахъæуа, уæд та дæ сæрыл сдзурдзæн, зын раны куы бахауай, уæд дын баххуыс кæндзæн.

Мах Кубæйы цы уавæрты бахаудтам, уым хъуыдис æрмæстдæр Плийы-фырт. Йæ раныхасы уый дзырдта карз нозты тыххæй æмæ загъта, æз, дам, мæ царды бонты рог нозтджын дæр никуы фæдæн.

Иу хатт ма йын арфæ ракодтон йæ 60 азы юбилейы æмæ йын Ленины орден кæй саккаг кодтой, уый фæдыл. Уазджытæ се ‘ппæт дæр сæ бынæттæй сыстадысты, командæгæнæгмæ бацыдысты, сæ агуывзætæ бакъуырцц кодтой йемæ æмæ йын йæ цæрæнбоны тыххæй банызтой. Банызта Иссæ Алыксандры фырт дæр. Комдзаг та кодта ананас æмæ иннæ дыргътæй.

Йæ бынатæй сыстад Кубæйы командæгæнынады минæвар. Цыдæр зæгъынмæ хъавыд, фæлæ йæ Плийы-фырт фæурæдта: «Алчидæр йæ агуывзæ байдзаг кæнæд». Уайтагъд уыцы бардзырд æххæстгонд æрцыд. Æз Иссæйы агуывзæ дæр байдзаг кодтон. Кубæйаг дзырдта Карибы кризисы тыххæй, мах ракетæты æмæ мах æфсæдты тыххæй, советон адæмы æмæ командæгæнæг Плиты Иссæйы хъæбатырдзинады тыххæй. «Се ‘ппæты цæрæнбоны тыххæй дæр. Мучо грасио!»

Банызтой иууылдæр.

**Хъантемыраты Æхсар:**

Фæстаг хатт Плиты Иссæимæ фембæлдтæн 1978 азы сæрды Дзæуджыхъæуы аэропорты. Уый стахт Мæскуыйæ. Уыцы хæдтæхæджы уыдис Росглавиздатæй мæ номыл æрвыст нæ автортæй иуы къухфыст. Уый райсынмæ ныццыдтæн уырдæм. Ам æнæнхъæлæджы фембæлдтæн мæ хæлар, ме ‘мхъæуккаг Æлдаттаты Кимимæ.

— Кæй размæ ‘рцыдтæ, Ким?

— Иссæйы! — сæрыстырæй мын загъта. — Кæд дæ фæнды, уæд махимæ æрбаиу у, афтæ хъæлдзæгдæр уыдзæн.

Кæй зæгъын æй хъæуы, мæнæн æхсызгон уыд уыцы ныхас, тынг мæ фæндыд мæ номдзыд æмзæххонимæ ма ноджыдæр иу хатт фембæлын æмæ сразы дæн Кимы фæндоныл.

Хæдтæхæг æрбадт афойнадыл. Уартæ дзы’рхызтысты дыууæ инæлары, сæ иу — æфсады инæлар, иннæ та — инæлар-майор. Иссæ Кимимæ нæ дыууæйы дæр зыдта æмæ йын нæ фенд тынг æхсызгон уыдис. Кæрæдзи къухтæ райстам æмæ рацыдыстæм обкомы «Чайкæ»-мæ. Йæ чумæдан ын багажничы куы сæвæрдта Ким, уæд сын фæндараст загътон, фæлæ мын Иссæ мæ цонгыл æрхæцыд:

— Махимæ цом ды дæр, кæс-ма, цас бынат дзы ис, — ацамыдта лимузины фæстаг бадæнмæ. — Стæй мæ демæ чысыл аныхасаг ис.

Бандероль райсын мæ кæй хъæуы, уый куы базыдта, уæд, йæ мидбылты худгæйæ, загъта:

— Табуафси, мах дæм банхъæлмæ кæсдзыстæм.

Стыр фæндагмæ куы рахызтыстæм, уæд Иссæ базмæлыд æмæ мæм дзуры:

— Æхсар, хъуыды ма кæныс, нæ фембæлдтытæй иуы рæстæг ды загътай, мæ мады зианы кæй уыдтæ, йæ ингæн кæм ис, уый кæй зоныс. Хъыгагæн, æз уæд тыхст рынчын уыдтæн æмæ йын нывыл хæрзбон нæ загътон. Уый тыххæй æхсæвæй-бонæй мæхи æфхæрын. Дзырд радтон: куыддæр мæ къæхтыл слæууон, афтæ йын æппæты разæй бабæрæг кæндзынæн йæ ингæн... Æмæ мæм мæнæ Хуыцау дæу рарвыста. Стыр бузныг дæ фæуаин, уæлмæрдмæ мемæ куы нæ фæзивæг кæнис, уæд.

Куыд хъуамæ фæзивæг кодтаин!

Горæты нæ Иссæ сæхимæ бахуыдта. Кæртмæ нæ размæ рахызт йæ кæстæр хо, саударæг Хадизæт. Иссæйæн ахъæбыс кодта æмæ ныккуыдта:

— Нал ис нæ зынаргъ мад, Иссæ, нал. Де ссыдмæ дæр нал фæлæууыд. Оххай-гъе, цы кæнæм...

Иссæ йын йæ сæр лæгъзытæ кæны, раст ын цыма сывæллон уыд, афтæ йæ сабыр кодта...

Фæндагыл куыд баныхас кодтам, афтæмæй фæстæдæр Кимимæ хъæбысыдзаг дидинджытимæ фæзындыстæм Бородинойы уынджы 7-æм хæдзармæ æмæ Иссæимæ араст стæм Ирыхъæуы уæлмæрдмæ. Иссæйы мад Аминæты ингæнмæ

къахвæндаг нæ дыууæ, æз æмæ Ким, хорз хъуыды кодтам æмæ ингæн æнцонæй ссардтам. Инæлар йæ мады ингæныл, стæй йын Фыдыбæстæйы Стыр хæсты чи фесæфт, уыцы æфсымæр Гырымы ингæныл дæр дидинджытæ сæвæрдта, йæ цæссыгтæ асæрфта æмæ загъта: «Рухсаг ут!..»

Иудзæвгар куы рауадыстæм уæлмæрдæй, уæд æз бахастон фæсгорæтмæ атезгъо кæныны æмæ не 'нкъард хъуыдытæ фæсурыны тыххæй фæндон. Иссæ сразы, æмæ араст стæм Арвыкомырдæм. «Кавдоломит»-ы карьеры ныхмæ бауромын кодтам машинæ æмæ сыгъдæг уæлдæфмæ рахызтыстæм. Цалынмæ мах Кимимæ алы хабæрттыл ныхас кодтам, уæдмæ Иссæ бахæццæ Терчы сæрты хидмæ. Хиды гæзæнхъæдтæй иуыл æрæнцой кæнгæйæ, бирæ фæкаст бынмæ. Йæ хъуыдыты хал ын фескъуыдтой уæзласæн машинæтæ. Æрбаздæхт нæ цурмæ.

– Сабырдæр бынат бацагурын хъæуы.

– Ис ахæм къуым: Поповы хутор, – дзуапп ын радта Ким.

– Уæдæ уæд ацыдыстæм уырдæм.

Мæнæ диссаджы ран балæууыдыстæм, раст аргъæутты бæстæйæ цы кæныс. Алыхуызон рæсугъд дидинджытæй нæ алыварс уæрæх фæзбыдыр зындис гауызы хуызæн. Уæлдæфы хæрзадæй айдзаг сты нæ рæуджытæ. Æрцарæзтам нæ тухгæ фынг, æрбадтыстæм тухгæ бандæттыл æмæ къæбæр ахæрыны фæстæ нæ хъæуккаг цыргъзонд лæг Габысаты Исахъы худæджы хабæрттæм рахызтыстæм. Инæлар зæрдиаг худт кодта. Уый фæстæ та фарстыты æмæ дзуаппыты рад ралæууыд. Фыццаг фарст æм радта Ким:

– Æцæгæйдæр, Иссæ, кæддæр Гречкойыл ехсæй æрцыдтæ?

– Нæ, уый раст нæу! Андрей Антоны фырт æцæг хъæбатыр инæлар уыд, хорз хæцыд. Фронты нæ фæндæгтæ бирæ хæттыты баиу сты, фæлæ не 'хсæн быцæуныхас никуы рауад. Æцæг, æз кавалерион скъолайы йæ курсы командир уыдтæн, æмæ йæ уæд, куыд æмбæлы, афтæ аратæр-батæр кодтон. Уый йын фæстæдæр фæпайда. Хæсты фæстæ мæнау уый дæр командæ кодта алыхуызон æфсæддон иугæндтæн. Советон Цæдисы Хъахъхъæнынады министр Малиновский цæрынхъуагæй куы амард, уæд ын Гречко йæ бынат бацахста. Уæдæй фæстæмæ цæхгæр фендæрхуызон: сси æнæрвæссон, чысыл ницæй тыххæй дæр æфхæрыныл нæ ауæрста. Зын

кусæн уыд йемæ, æмæ æз дæр 1968 азы курдиат балæвæрдтон мæ填 кармæ гæсгæ мæ мæ хæстæй суæгъд кæныны тыххæй.

Иннæ фарст дæр æм радта Ким:

– Адæм афтæ дзурынц, Сталинимæ фембæлдтыты, дам, алы хатт дæр иронау ныхас кодтат...

– Уый дæр раст нæу. Сталинимæ фембæлдтæн нымадæй цалдæр хатты, æмæ алы хатт дæр ныхас кодтам уырыссагау. Æвæццæгæн, кæйдæр тынг фæнды сæдæпроцентон ирон дзы саразын, уымæ гæсгæ парахат кæнынц ахæм дам-думтæ. Нæ мæ фæнды, цæмæй уыцы дам-думтæ мæ номимæ баст уой, уый.

... Горæтмæ ‘рбаздæхтыстæм изæрæй. Рауагъдад «Ир» кæм уыди, уыцы хæдзары цур рахызтæн æмæ инæларæн хæрзизæр загътон. Афæдзы фæстæ Плиты Иссæ не ‘хсæн нал уыд[1].

[1] Ацы – 2013 аз – сентябры та Æхсар йæхæдæг ахицæн йæ рухс дунейæ. Рухсаг уæд. – (Ред.)

*БЫРНАЦТЫ Барон*

# ÆЗ УАРЗЫН

## УАЗАЛ НАЛ У ДАРД

Уæлтæмæны зæриндзæст хур йæ хъармæй
Зæххон дуне рæвдыдта буц, рæдау…
Ныр галдзармы йас нал зыны цъæх арвæй,
Æмхуызонæй – мылазон асæст, сау.

«Хæствæллад» мигътæ аппæрстой сæ гæрзтæ,
Нæргæ гуымсытæй нал цæгъдынц цъæх арт…
Сæ сæрыл систой тарст халæттæ бæстæ,
Кæдæмдæр лидзынц, уазал нал у дард.

Фæстаг фæндаггон хърихъуппыты балæн
Æрвон тыгъдады фескъуыди сæ хал.
Фæбæрæг сæрдæй фæззæджы ‘хсæн арæн,
Æрныллæг хур, фæкъахыр бон дзæвгар.

Æрбакалдысты мигъуылæнтæ хъæуыл,
Фæцыдæр хъæу æмæ та разынд ног.
Къæвдахост æмæ къахыссæст цъæх нæууыл
Сæумæ æрбадт фыццаг халас хæрог…

Æрхæцыд фæззæг хъал Теркæн йæ барцыл,
Йæ тæнтæ йын æрбалвæста уынгæг.
Æнæвнæлд астым афæлдæхт йæ фарсыл,
Цъæхснаг райсоммæ балы сыф нызгъæлд.

Æнæрцæф дымгæ рабалц кодта фæзтыл,
Йæ разæй лидзы тулгæ-схъиугæ сындз.
Уæлдзарм худтау сыфтæрихсыд бæлæстыл
Æмыр ахстæттæ дзедзырой кæнынц.

Нымбæхсти мæй… Нæ хъазы арвыл стъалы,
Кæуы йæхиуыл саудалынджы уыг…
Æнæрынцойæ уазал къæвда уары,
Æмæ æфтауы уды хъыгыл хъыг.

*1999 аз*

## ЗЫМÆГ

Хур – хуыздзыд, фæлурсдæр мæйæ,
Нал дзы стъæлфы хъызт.
Ивы чырс æвзист хæрдгæйæ
Бæлæсты фæлыст.

Иухуызон сæнтурс дарæсы –
Хæхтæ, быдыр, хъæд…
Здухгæ миттымыгъ æмбæхсы
Тарст тæрхъусы фæд.

Их фæхæцыд доны былтыл,
Доны цыд – фæллад…
Фæззæгæн йæ цæттæ бынтыл
Хъал зымæг æрбадт.

*1999*

## ЗЫМÆГОН НЫВ

Зæххæй иу гæппæл нæ зыны,
Мит æй банорста йæ быны…
Сынт йæхимæ арф ныхъхъуыста,
Уæхсчыты йæ сæр нытъæтъыста.
Бады къалиуыл æнцад:
Йе ´æрфынæй, йе ныссалд.

## МАРТЪИ

Фæбæрæг мартъийы уаг боныл,
Кæм-ма и рæстæгыл æууæнк!
Куы авæры сæртæг их доныл,
Куы та йæ асæтты нæуæг.

Куы дымгæ мит-тъыфылтæ ‘взилы,
Куы – зæгъ, куы расайы къæвда.
Фæлурс хур мигъты фæстæ зилы,
Æддæмæ агуры фæндаг.

Мигъ атад… Раирд арв гæзæмæ,
Уысммæ къæссафæлдæхт фæци:
Æрбауынгæг, ныттар фæстæмæ,
Нæ дуне арвистон ысси…

Йæ балц нæу уалдзæгæн æвæлмон,
Цин гуыры тухиты… Уæвгæ,
Æрдзон фæтк афтæ у, сывæллон
Фæзыны дунемæ кæугæ…

## ÆЗ УАРЗЫН

Æз уарзын, хъæдтæ, фæзтæ, рæгътæ
Куы скæнынц дари фæлыст – цъæх…
Æз уарзын мигъты сонт гæрæхтæ
Æмæ тæрккъæвдаты сæх-сæх…

Æз уарзын, арвгæрон æдæрсгæ
Куы ссудзы арвæрдыны арт,
Цы уыди, авд ахæмæй бæстæ
Нæуæг куы сæрттивы фæсуард.

*1996 аз*

*ХУЫГАТЫ Сергей*

## ХÆС

*Радзырд*

Хуртуантæ исынафон-иу мах нæ дуармæ тымбыл кæнын байдыдтам. Уымæй лæгъздæр ран никуы уыди нæ къуыппыл, æмæ-иу устытæ хуртуантæ уым кодтой ивуылдæр. Мах-иу хъуамæ, куыддæриддæр сæ-иу систаиккой, афтæ алæстаиккам хуртуангæрзты. Кæннод, иугæр сæ куы систаиккой æмæ сæ хуртуангæрзтæ куы батыхтаиккой, уæд ма сæм æвналæнтæ-йедтæ уыди!

Уæдмæ-иу базмæлыдысты устытæ дæр – къæссатæ сæ дæлæртты, къæртатæ сæ къухты, – афтæмæй-иу æрбалæууыдысты нæ дуармæ, æмæ-иу нæ уд æрцыди махæн. Уыдон-иу уыцы табуйы æвнæлдæй æрæвнæлдтой хуртуантæм. Хуртуангарзæн йæ цыппар къуымыл схæц радыгай, æмæ хуртуан уыцы тымбылæй абаддзæн хуртуангарзы астæу, стæй йæ разы дæ уæрджытыл æрлæуу æмæ йæ къæртайæ æвгæнын байдай къæссамæ. Мах-иу къæссайы комыл – хæцджытæ ацарæзтам нæхицæй. Стæй-иу хуыссыдыстæм хуртуангæрзты. Дæ быны хъисын, дæ уæлæ дæр хъисын, кæнæ æндæр исты иуцъарыг хуртуангарз. Дæхи дзы сæмбæрзтай суанг дæ роцъойы онг, дæ фæйнæфарсæй дæм æнгом æлхъивынц сæхи кæйдæр мæллæг уæхсчытæ æмæ дæм хъарм дарынц.

Хуыссыс уæлгоммæ, улæфыс хуртуангæрзты тæф æмæ дæ бæгъæввад къæхты дудын дæр нал æмбарыс, де 'ххормаг гуыбыны хъуыр-хъуыр дæр дæм нал хъуысы.

Гъо, уыцы хуртуангæрзты тæф! Уымæй чи нæ сулæфыди йæ сонты бонты, уый зæрдæ цæуыл хъуамæ фæлæууа йæ зæрыбон! Хуры тынты ад дзы уыдис æмæ хоры тæф, стæй рыджы тæф ноджы. Сиу сты, иу буарыгъæд сæ рауад, æхсызгон хъыдзыгæнгæ бырста улæфæнты. Уый цы уæнгты ахызтаид, уыдон цыфæнды хъæнтæ 'мæ цæфтæ уыдаиккой, æндидзынмæ ма фæуыдаиккой, уый гæнæн куыд и!

Æмæ, кæд мах бæсты хæсгæ хорæй кæй цардысты, кæд дард рæттæй кæй хастой бæхтыл хор, кæд хоры мæтæй сулæфын кæй нæ фæрæзтой, уымæн афтæ æхсызгон уыди хуртуанты тæф улæфын махæн?

Æмæ-иу хуыссыдыстæм, нæ сæртæ мах хæдзары бинагхъæдырдæм, нæ къæхтæ – æддæмæ, улæфыдыстæм-иу хуыссæнгæрзты тæф æмæ-иу стъалытæм кастыстæм. Арвыл къух кæм æрæвæрдтаис, уыйас бынат никуал уыдаид, афтæ бирæ уыдысты стъалытæ, гъе! Кастысты-иу нæм – сæ иутæ стырдæртæ, се 'ннæтæ – гыццылдæртæ, кастысты-иу нæм, сæ цæстытæ-иу нæм фæныкъул-фæныкъул кодтой, цыма нын цыдæр сусæг хъуыддаг раргом кæнынæй ныфс æвæрдтой.

Уыцы изæр куыд тагъд афынæй дæн, уый зонгæ дæр нæ бакодтон. Цас фæфынæй кодтон, уый дæр нæ рахатыдтон. Æвæццæгæн – бирæ. Фæлæ мæ уæд куыд нæ райхъал кæнгæ фесты! Мæ фæйнæ фарс ничиуал хуыссыд. Иу чидæр ма ныццæхгæрмæ ис мæ дæлфæдтæм – уый та Ципкæ уыдзæн. Кæмфæнды хуысса, уæддæр хъуамæ уырдыгмæ алæса æмæ уым искуы ныццæхгæрмæ уа. Мæ къæхтæ адаргъ кæнæн мæ нæ уыди. Хъал дæр, æвæццæгæн, уымæн радæн. Æмæ, куыддæр райхъал дæн, афтæ кæйдæр ныхас æрцыди мæ хъустыл:

– Де 'дде дæ, æзын, кæд исчи сæрра кодта, ома, сæ ауæй кæндзыстæм, æмæ, ома – æхца! Æмæ кæй къухтæ лæууынц æхцамæ!

– Гъомæ мæ цы фæнды æрра скæнæд исчи, дæу куыд хъуамæ бауырна, æмæ мæнæйуый рудзынгæй балæсти заводмæ æмæ цыхтыты голлаг ракой кодта?

– Гъомæ уæд Сталинмæ цæмæннæ фыссыс? Афтæ-афтæ мæ мæнæ рæстæй ахсынц æмæ дæм мæ хъаст хæссын. Стæй сæ уый бар уадз, кæддæра сын ахæм митæ нæ бакæна дæрзæг, æмæ кæрæдзимæ дыгæйттæ нæ зыной! – Уый дæр мæ фыд дзырдта. Фæлæ кæимæ дзырдта уыцы зæрдиагæй?

– Куыд мын æм фыссын кæныс? Хъæумæ цæуын мæн нал уадзынц, хъæды та фыссæг кæцæй æрхæссон!

Мистъа! Уый Мистъайы хъæлæс куы у! Æмæ мæм афтæ фæкаст, цыма фынæй дæн ырма æмæ фыны уынын мæ фыд æмæ Мистъайы. Æндæра Мистъа лыгъд куы у, абырæг куы у Мистъа, уæд нæ дуармæ кæцæй æрхауд?!

Мах-иу алы бон дæр йæ кой кодтам Мистъайæн. Рудзынг, дам, рафтыдта æмæ, дам, ууылты бахызт заводмæ. Хъæуы мидæг æндæр ныхас нал уыд. Устытæ донмæ цыдаиккой, уæддæр Мистъайы кой кодтой æмæ донæй здæхтаиккой, уæддæр. Æмæ диссаг уый уыдис, уырнгæ сæ никæй кодта, Мистъа цыхтытæ радавтаид, уый, фæлæ дзырдтой æмæ дзырдтой – Мистъайы кой кодтой, цыхтыты давды кой кодтой. Æвæццæгæн сын æндæр цæй кой кодтаиккой, уый нæ уыд æмæ уымæн афтæ уыди: мах хъæу дард уыди, иппæрд ран уыди, æмæ хабар хъуаг æйййæфта. Лæгтæ-иу Хутъаты хъæдтыл бадтаиккой æмæ-иу, махæй стырдæр чи уыди, уыцы лæппутæй искæмæ фæдзырдтаиккой:

– Цу-ма, искæй бæхыл абад æмæ далæ къанцеламæ ауай, кæд дзы исты хабæрттæ уаид.

Тыхджын уыди Мистъа, тынг тыхджын. Нæ хъæуы уымæй тыхджындæр ничи уыд. Уый æрмæст мах нæ дзырдтам, уый-иу стыртæ дæр дзырдтой. Стæй йыл иннæ хъæутæй дæр исчи фæтых уыдаид, уый дæр никæй уырныдта махæй. Уалæ Рагъыдзуары айразмæ цыхтахсæн заводы хицау Куыдзанимæ дурæппарынæй куы сбыцæу сты. Æниу, Мистъа быцæу ницы сси. Дур баппæрста, æмæ иннæты бæрджытæ кæм уыдысты, уыдоны сæрты атахти дур. Уымæ хъыг ма ’ркæса, Куыдзанмæ, ома йын мæнæй дарддæр цæмæн ахауд? Куыд ын ахауд, ома! Йæ цæстытæ ныссырх сты фырæппæрстæй, йæ фындз та цыма ноджы стырдæр фæци, афтæ зынд, æмæ йын æнæуи дæр стыр фындз уыди Куыдзанæн. Уæддæр та-иу фæцæйхаста, цы дур æппæрстой, уый, дур цы ранæй æппæрстой, уырдæм. Дур уыцы иу ранмæ хауд, ныдздзыхъхъ

и, кæм æмбæлди, уыцы бынат. Йæ цæстытæ уыцы сырхæй баззадысты, афтæмæй сбадти йæ бæхыл. Куывдмæ дæр нал ныллæууыд заводы, дам, мæ хъуыддæгтæ и.

Æмæ, дам, радавта Мистъа, цыхтытæ, дам, радавта! Ахсгæ дæр æй æркодтой, фæлæ сын ралыгъд. Ныр абырæджы цардæй царди. Абырæг кæй уыд, уый махмæ хорз касти, фæлæ цыхтыты заводы тыххæй кæй сси абырæг, уый нæм нæ касти хорз.

— Ды та æхсæвыгон фæцу далæ стыр скъолайы ахуыргæнджытæй искæмæ æмæ дын ныффысса. Уæдæ кæдмæ рахау-бахау кæндзынæ?!

— Иууылдæр мын кæй аххостæ сты, уый бæргæ зонын! — загъта та Мистъа дæр æмæ арф ныуулæфыд.

— Ома дыл æвзаг исчи бахаста, афтæ зæгъынмæ хъавыс? — бафарста мæ фыд.

— Уый, уый, йæхæдæг, уый мæ балæвæрдта, мæ зæрдæ, дам, уымæ ‘хсайы. Уый, дам, уыдаид. Æз, ома.

— Куыдзан, йæхæдæг?!

— Куыйтæ йын йæ сæр бахæрæнт!

— Акæс-ма уый митæм — йæ фындз Хохойы дзæкъулыйас! — загъта та фыд æмæ æз бамбæрстон, Куыдзанмæ куыд рамæсты, уый. Уæдæ æнæуи Зыбе фидистæ-йедтæ кæнын нæ уарзта. — Гæр, æмæ дæм цы маст бахаста?

— Цы маст мæм бахаста! Дур уымæй дарддæр æппарын, кафгæ хуыздæр кæнын уымæй, зарын дæр хуыздæр зонын, æмæ йæм хардзау кæсы, хардзау æм уымæн кæсы, ’мæ æфсæстдæр у. Уæдæ ма æфсæстдæр ма уаид, кæддæра йæ бон нæ зонид. Фæлæ ’фсæст у ’мæ...

— Нæ, Мистъа, уæд дæ рамбæхс-бамбæхс нæ хъæуы. Уæд Дзаумæ ацу, райкоммæ бабырс æмæ сын дæ хабæрттæ фæкæн — ацы лæг мæм маст хæссы уый тыххæй æмæ уый тыххæй æмæ мæ ахсын кæны. Кæддæра йын стæй йæхи тæрттыл не ’рхæциккой.

— Мæхимæ дæр æрцæуы уыцы зонд, фæлæ, лидзгæ кæй ракодтон, уыцы хъуыддаг та мæ ныууромы.

— Тæвтуг стæм, тæвтуг, уый нæ сафы, æндæра ай милицион у, хицауады лæг у, æмæ йæм æвналæн нæй, уый нæ зоныс? Кæдæм ын рæмудзыс йæ топп йæ къухтæй æмæ йын æй кæдæм дыввытт кæныс кæйдæр кауы сæрты?!

– Бæргæ мæ нæ хъуыди æмæ йæм нал фæлæууыдтæн. Уæдæ мæ къахæвæрæнмæ куы кодтаид, уæддæр мæм хъуамæ ныццарæзтаид йæ фондзæхстон æмæ мæ фæстæ хæбæцц-хæбæцц фæцæйцыдаид.

– Стæй?! – бафарста хъæрæй мæ фыд, æмæ, афтæ хъæрæй цæмæн бафарста, уыл бадис кодтон.

– Стæй æмбонды сæрты уынгмæ рагæпп кодтон æмæ рафардæг дæн. Куыдз «гъæпп»-гæнæг дæр мыл нæ фæци.

Уæд фæцыд нæ дуары хъæр, стæй ауыдтон: дзыцца æндæргау мæ дæлфæдтæм цæхгæрмæ æрбацыд, Ципкæйыл куы ныллæууа, уымæй фæтарстæн. Æмæ ссыди йæ ныхас дзыццайæн, цыдæр фæсус мæм фæзынди йæ хъæлæсыуаг, цыма сусæг ныхас кодта, афтæ мæм фæзынд æмæ йын цæмæйдæр фæтарстæн йæ ныхасæй.

– Хуыздæр истытæ дын бæргæ хъуыди, нæ лæппу, фæлæ нын нæ къуымы æндæр ницы æрæййæфтай. Кæрдзынты дзæбæх батыхтон, кæд дын хъармæй схæццæ уаиккой æмæ дзы хъармæй ахæрис цыхты муримæ. Къуымыхцы цæхджын уыдзæни, фæлæ дын æдзæхх цыхт та сымæрад куы скæна.

Стæй ацыд Мистъа, æмæ дзыцца мæнмæ уырдыгмæ кæсыныл фæци.

– Ам ма дæ, ам, мæнæ лæппу? Фæгæпп ма кæн, æз хуртуангæрзтæ атухон, кæннод сыл ахсæв æртæх куы раппара, уæд уымæлæй баззайдзысты æмæ ма сыл райсом хуртуан куыд ныккæндзынæн!

Мæн хæдзармæ цæуын нæ фæндыд. Мæ цæстытыл уади: афонмæ Мистъа доныл бахызти æмæ лæзгъæры ахæрд кодта, куыд цæуы афтæ тилы йæ дзæкъул, дзыцца йын хъарм нартхоры кæрдзынтæ æмæ хъæбæр цыхт кæм нывæрдта, уый.

– Сымах ацæут, хуртуангæрзтæ æз батухдзынæн, – дзурын мад æмæ фыдмæ, уæлæмæ сæм кæсын, афтæмæй.

– Куыд сæ батухдзынæ? Кæд ма сæ батыхтай? – дзуры мæм мад.

– Ныр сæ батухдзынæн.

Мад æмæ фыд ацыдысты. Æз Ципкæйы æрысгæрстон мæ къахæй, уый сабыр фынæй кодта æмæ йæ нæ райхъал кодтон. Хуыссыдтæн, стъалытæм кастæн æмæ хъуыды кодтон: «Ехх ныр Мистъаимæ ма фæцæйцу уым уæлæмæ! Цу æмæ цу уыцы æрдæгталынг къахвæндæгтыл, тæрсгæ дæр

мацæмæй кæн æмæ æндæр дæр – цæмæй хъуамæ тæрсай, Мистъа демæ куы уа, уæд! Уыцы æдзæрæг халагъуды арт скæн æмæ арты фарсмæ бад Мистъаимæ. Стæй иуафон ма базара Мистъа! Исты æнкъард зарæг ма бакæна Мистъа, мæнæ, мæнæ, уыцы зарæг:

*Лесоры цъала басудза,*
*Уистæ дзы кодтон, лæдзгуытæ.*
*Къуыдары къанцела басудза,*
*Суртæ дзы кодтон, уадзгуытæ!..*

Уыцы зарæг-иу арæх кодта, цалынмæ лыгъд нæма уыд, уæдмæ. Мистъа иу зарыд, æмæ-иу иннæтæ хъырныдтой. Мах-иу æддæдæр бадтаиккам æмæ-иу сæм уырдыгæй хъуыстам. Æмæ-иу нæ стонг дæр байрох и. Тынг хорз-иу зарыдысты. Æмæ-иу Мистъайы хъæлæс хицæн кодта иннæты хъæлæстæй, цыма сын балхон уыд æмæ сæм кæдæмдæр сидти йæ фæдыл.

Уæддæр-иу уым бадтысты, Хутъаты хъæдтыл, сæ фæскъул Хутъатæн. Уым уыд сæ изæры бадæн бынат нæ хъæуы лæгтæн: Хъæдтæ бирæ уыдысты, кæрæдзийы уæлæ амад. Æмæиу лæппудæр лæгтæ уæлдæр бадтысты, ацæргæдæр чи уыд, уыдон – уæлæмæ цæмæ хызтаиккой! Бынæй-иу æрбадтысты. Уыцы халагъуды кой дæр уым ракодта Мистъа. Уыцы изæр. Уалæ Джеччиты къуыппæй куы ахизай уыцырдæм, уæд уым кæмдæр уыди. Кæддæр æй Гуырдзыйы фыййæуттæ сарæзтой, уым дардтой сæ фос. Стæй нал сыскъæрдтой уырдæм сæ фос, фæлæ сæ халагъуд уым баззад. Æвæццæгæн, бынтон халагъуд нæ уыд, æвæццæгæн, фæхскъул къæбицгонд уыдаид, йæ сæр хъуарийæ æмбæрзт кæмæн вæййы, ахæм. Æндæра халагъуд уал азы кæм фæлæууыдаид! Æмæ-иу æхсæв уым хуыссыд Мистъа.

Мах Ципкæимæ Куыройы комæй рацыдыстæм, нæ дæлæрмтты дæргъæй-дæргъмæ сæнчытæ. Мистъа дæр уым ис, уый куы базыдтам, уæд хъæдтæн ацы фарс æрбадтыстæм. Лæгтæн сæхи нæ уыдтам, фæлæ нæм сæ ныхас афтæ хорз хъуысти, цыма сæ тæккæ раз бадтыстæм.

– Æрдæгæхсæв уыдаид, афтæ райхъал дæн, – дзырдта Мистъа. – Æмæ хъусыныл фæдæн, цыма-иу цыдæр сыбар-

сыбур ссыди ӕдде, стӕй та-иу фӕлӕууыд, цыма, ӕмӕ-иу куы фӕлӕууыд сыбар-сыбур, уӕд та-иу, цыма, чидӕр дуарыл ӕрбахӕцыд. Ӕмӕ фестадтӕн, загътон: базыдтой йӕ, кӕм дӕн, уый ӕмӕ мыл ӕрхъула сты. Дуаргӕрон алӕууыдтӕн. Мӕ зӕрды уыд, дуарыл чи 'рбахӕцыд, уый рацахсон ӕмӕ йӕ мӕ быны акӕнон, стӕй цы уа, уый уӕд! Уалынмӕ та ӕрбацӕуы сындӕг-сындӕг дуар мидӕмӕ. Куыддӕр дзӕбӕх ӕрбазыхъхъыр, афтӕ расӕррӕтт ластон. Дуаргӕрон – ничи! Уыцы иусӕппӕй ӕрзылдтӕн халагъуды алыварс – змӕлӕг нӕй. Дуармӕ куы 'рбахӕццӕ дӕн, уӕд кӕсын ӕмӕ та фӕцӕуы дуар мидӕмӕ. Уӕдӕ ды дӕ?! Фӕлӕбурдтон ӕм, рарӕмыгътон ӕй тарвазӕй ӕд зиллӕттӕ ӕмӕ йӕ уартӕ хӕмпӕлтӕм ныддыввытт кодтон.

– Ӕмӕ-иу ыл уӕдӕ хӕйрӕджытӕ бахӕцыдысты уыцы дуарыл, кӕд дзы ничи уыд, уӕд? – бафарста Елыба. Елыбайӕн дын фӕрсыны фадат фӕуа! Ӕппын кӕм нӕ хъӕуы фӕрсын, уым дӕр нӕ ныллӕудзӕн ӕнӕ бафӕрсгӕ.

– Дымгӕ, дымгӕ! – бахудӕгау кодта Мистъа. – Дзӕгъӕлы дымгӕджын ӕй нӕ хонынц. Ӕмӕ ӕцӕг куы дымдтаид, уӕд ӕй цы зонын хъуыд – дымгӕ у! Фӕлӕ дымгӕ нӕ уыд, афтӕ-иу иу улӕфт цы 'рбакодта ӕмӕ-иу цы 'рбанцади дуарыл, ӕндӕр.

– Ӕмӕ мидӕгӕй ӕхгӕд нӕ уыд дӕ дуар? – фӕрсы ноджы Елыба, ӕмӕ мӕ цӕстыл уайы, йе 'взагӕй та куыд равнӕлдта ӕмӕ та йӕ рихийы кӕрон куыд асдӕрдта. Уӕдӕ исты зӕгъа Елыба, ӕмӕ йӕ рихийы кӕронмӕ ма равнала йе 'взагӕй, уый гӕнӕн и!

– Цӕй ӕхгӕд уыди!

– Гӕр, ӕмӕ дӕм уӕд та сырд бабырыд уыцы гом дуарыл ӕмӕ дӕ ныскъуыдтӕ кодта! Фынӕй лӕг мардӕй уӕлдай нӕу, уый нӕ зоныс?!

Ныр уыцы ныхас мӕ зӕрдыл ӕрбалӕууыд ӕмӕ мӕ мидӕмӕ мӕ къах нал хаста. Ноджы Ципкӕ дӕр фынӕй уыд ырма.

Ӕмӕ йын, цымӕ, нал бакодта фӕстӕмӕ йӕ дуар халагъудӕн? Бакодтаид ын ӕй, уӕдӕ дзы ӕнӕ дуарӕй куыд хуысcы?! Фӕлӕ-иу ныр дымгӕ куы нӕ бахӕцыдаид дуарыл, ӕмӕ-иу афтӕмӕй куы нӕ байгом уыдаид, фӕлӕ лӕг куы уыдаид ӕмӕ, куы ратӕррӕтт кодта Мистъа, уӕд ӕй куы

рацахстаид! Хæрзаг æй йæ быны ануæрстаид, стæй уый дæр иуварс ныддыввытт кодтаид, дуар куыд ныддыввытт ласта, афтæ. Æнæуи лæг нæ уыдаид, æнæуи лæг уыцы афон цы ми кæны уалæ Дымгæджыны?! Милицион уыдаид, стæй иу нæ уыдаид, æмбæлттæ йын уыдаид, бирæ æмбæлттæ. Æмæ йыл сæхи бакалдтаиккой стæй Мистъайыл, æмæ та-иу сæ кæй ныггуыпп кодтаид, уый та-иу уæлгоммæ сæмбæлдаид зæххыл æмæ та-иу йæ къæхтæ фæхъил уыдаиккой хæрдмæ. Стæй йæ уæддæр æрбырстаиккой, уый æппæт уыдысты ’мæ, йæ къухтæ йын фæстæмæ сбастаиккой йæ чъылдыммæ æмæ йæ афтæмæй сæ разæй райстаиккой уым дæлæмæ. Æмæ цыдаид Мистъа, йæ къухтæ фæстæмæ бастæй. Уыдон та йæм сæ топпытæ ныццарæзтаиккой цал уыдаиккой, уалæй: тæрсгæ кодтаиккой, куы та сын алидза!

Иуафон бафиппайдтон, мæ фындзы дыууæ фæрсты дыууæ тымбыл цæссыджы гагайы куыд æрцæйтылди, уый. Стæй та хæкъуырцц скодтон æмæ фæтарстæн — мæ хæкъуырццæй дæр фæтарстæн æмæ мæ цæссыгтæй дæр. Рабадын афæнд кодтон, фæлæ цæссыгтæ дæлдæр куы æртулой, уымæй фæтарстæн æмæ нæ рабадтæн.

Райсомæй райхъал дæн раджы. Мæ хотæ ’мæ ме ’фсымæртæй ничима райхъал и. Хуыссыдтæн æмæ æнæ уынæрæй кастæн нæ артдзæстмæ. Уыдтон: фыд йæхи цæттæ кодта фæндагмæ. Мад, бæрæг уыд йæ цæстæнгасыл, бынтон разы нæ уыд, фыд балцы цæуын кæй фæфæнд кодта, ууыл. Æнæуи дзургæ ницы кодта, фæлæ йæ фыд æмбæрста — уый дæр бæрæг уыд.

— Никуы нын суджы къæцæл конд и нырма, никуы ’ндæр, — уæддæр нæ бафæрæзта мад æмæ загъта чъызгæ-чъызгæ, йæхæдæг, йæ къухы цы сау хæцъил уыд, уымæй асæрфасæрф кодта фыды резин дзабыртæ.

Фыд хæдзары астæу лæууыд — бæрзонд, къæсхуыр, йæ цæсгом — хъуыддагхуыз. Йæ уæхсчы сæрты æркасти мадмæ.

— Лæджыйаргъ суг ракæнгæ никуы федтон æз Цъоны хъæды. Ды кæд искуы федтай, уæд мын æй зæгъ, — афтæ куы загъта, уæд фæсдуар рагъæнмæ бацыд, йæ цинел райста рагъæнæй, æмæ цинел йæ къухы, афтæмæй йе ’ргом раздæхта мадмæ. — Мæ хæс у, мæ хæс, æндæра мæ хæс куы нæ уаид, уæд мæ мæ къæхтæ нæ хæрынц.

– Мах хæс цы уæлдай у? Нæ уæзæгыл лæгæй æрлæууæн куы нæ вæййы, уæд уыдонæй цæмæннæ у искæй хæс? Дыгай-æртыгай лæгтæ цы хæдзæртты ис, уыдонæй! Мах иунæг уды къокъосамæ цæмæн æрхауд уыцы хæс?

– Махмæ цæмæн æрхауд? Æвæццæгæн, афтæ хъуыд, æндæр афтæ куы нæ хъуыдаид, уæд не ’рхаудтаид махмæ.

– Цæмæн хъуыди афтæ, æвæццæгæн? – цыдæр арæхстгай бафарста мад.

– Фæлæуу, фæлæуу, æмæ цæмæннæ хъуыди афтæ? – Ныр та фыд бафарста арæхстгай, стæй йæ хъæлæс фæсабырдæр, афтæмæй загъта хъæрæй: – Æви æз ацæуынæн нæ дæн, æви искæй раз балæууын нæ базондзынæн?! Куыд дæм кæсы?

– Мæн мæнæ нæ хæдзары мæт и, – фæчыдзых и, афтæмæй загъта мад.

– Гъæй, дæ бонæй уай!

– Куывд куы кæнид, уæд æм афтæ нæ кæсиккой.

– Уый дæр махмæ нæ хауы, куыд æм кæсиккой, уый. – Махмæ хауы лæппуйы фæдыл æрзилын, æмæ æз нæ ныллæудзынæн: дæс цыды мæ бахъæудзæни – дæс цыды акæндзынæн, фынддæс цыды мæ бахъæудзæн, фынддæс цыды акæндзынæн. Ды та афтæ бакæн, æмæ уал дæ бустæтæ ’мæ де схуыст ныхæстыл фæхæц. Афтæ бакæн ды, гъе!

– Ныр, дам, уыцы цинелæй та цы кæнын, ацы тæвды дзы искуы де знаг куы фæтæппæлæг уыдзæни, уæд? – загъта мад æмæ ныр та цыма тæригъæд кæны фыдæн, афтæ мæм фæзынд.

– Нæ дзы фæтæппæлæг уыдзæн ме знаг, нæ, – йæ ныхас фæфæлмæндæр и фыдæн дæр. – Уæдæ айдагъ хæдоны кæй разы бахъил уай, æмæ уый хуызæн цинелы кæй разы балæууай, уыдон дæм иу цæстæй акæсдзысты? Куыннæ! – уый фæстæ скодта йæ цинел æмæ йæхимæ æркасти. Цинел суанг йæ бацæвиттæм æххæсти æмæ, цыма цинел афтæ даргъ разындзæн, уый æнхъæл нæ уыд æмæ ууыл цин кодта, уыйау ма бафтыдта йæ ныхасыл: – Акæс-ма, гъа!

Уæдмæ йын мад йæ дзабыртæ йæ размæ бахаста, уый сæ йæ къæхтæ атъыста, стæй сæм нывнæлдта, сæ бæттæнтæ сын бабаста æмæ слæууыд, фыццаг мæ хотæ кæм хуыссыдысты, уырдæм бакаст, стæй, æз æмæ мæ кæстæр æфсымæры уат кæм уыди, уырдæм. Æз хъал дæн, уый куы федта, уæд мæм йæ цæстытæ базмæлыдысты æмæ мæм бадзырдта:

– Райхъал дæ, мæ лæппу? – афтæ куы загъта, уæд дуарыл ахæцыд.

Æз рагæпп кодтон мæ уатæй, мæ пысултæ акодтон æмæ былыл балæууыдтæн. Каумæ схызтæн, сбадтæн кауыл æмæ кастæн, Зыбе каугæрæтты куыройы фæндагыл куыд фæуырдыг кодта, уымæ. Уайтагъд мæ фæйнæ фæрсты абадтысты лæппутæ иу-цалдæрæй. Нæ фæстæ та устытæ бамбырд сты. Уыдон дæр кастысты Зыбейы фæдыл. Æмæ йæ, цымæ, уыдон та цæмæй базыдтой, Зыбе балцы цæуы, уый? Чи сын æй ацъиу-цъиу кодта æмæ цæмæ ратымбыл сты былмæ æхсæвы дзæгæрæгæй! Æнæуи ахæм æгъдау уыди нæ хъæуы: исчи-иу искуыдæм куы фæцæйцыд, уæддæр æм кастыстæм, æмæ-иу исчи искуыцæй куы 'рбацæйцыд – уæддæр. Чи-иу фæцæйцыд, уый фæстæ-иу æнкъардæй кастыстæм, чи-иу æрбацæйцыд – уымæ хъæлдзæгæй: æрхъæцмæ-иу нал хъæцыдыстæм – кæд æрбахæццæ уыдзæн! Мах-иу – сывæллæттæ каумæ схызтыстæм æмæ-иу тæлмы ставд уистыл сбадтыстæм, устытæ-иу кауыл банцой кодтой, кæмæн-иу сæ йæ хъæбысы сывæллон уыд, кæмæн – нæ. Кау Бехтыр сбыдта – дæлбыл сын цы цæхæрадон уыди, уый тæккæ былтыл æрæмбæрзта уыцы ставд михтæ 'мæ ставд уистæй.

Зыбейы цыд мæм цыдæр разæнгард цыд касти æмæ мыл ныфс æфтыдта – сраст кæндзысты Мистъайы. Фæлæ ууыл тынг бацин кæнон, уый мæм нæ цыди. Уымæн æмæ Мистъа мæ цæсты уымæй скадджын, æмæ уыцы талынг æхсæвты уалæ Дымгæджыны æдзæрæг халагъуды кæй фæхуыссы æмæ дзы кæй ницæмæй тæрсы. Лыгъд кæй уыд, милици гæрзифтонгæй йæ фæдыл кæй зылдысты æмæ сын ахсын кæй нæ куымдта, уымæй. Уæдæ лыгъд куы нæ уыдаид æмæ иннæ лæппутау хъæдмæ куы цыдаид суг кæнынмæ, хуымтæ куы 'мбæрзтаид, изæрыгæтты хъæдтыл куы бадтаид, уæд ма мæ йемæ цæуын куыд фæндыдаид уалæ Дымгæджынмæ!

Уыцы изæр лæгтæ раздæр бамбырд сты хъæдтæм. Мах дæр Ципкæимæ раздæр рацыдыстæм Куыройы комæй. Нæ дæлæрмтты – цъозатæ. Цъоза фæзæронд и, фæлæ ма Куыройы комы цæгатвæрсты уыди, хæрынæн чи бæззыд, ахæм цъозатæ.

Лæгты хъæдтыл бадгæ куы федтам, уæд та мах дæр æрбадтыстæм хъæдты ацы фарс.

– Цымæ, æппын Зыбе зынæг нæма и? Ничи уæ ницы базыдта? – бафарста Елыба æмæ мæм афтæ фæзынд, цыма фæрсгæ нæ, фæлæ бустæ бакодта.

– Кæм и! Нæй! Уæд ардæм ма ’рбауадаид, уый гæнæн и?! – загъта хъæрæй Бехтыр, æмæ мæм уый дæр бустæйы хуызæн фæкаст, цыма Елыбайыл бустæ кодта – уæдæ цы рафæрс-бафæрс кæныс – Зыбе зынæг ис æви нæма ис?!

Уый фæстæ та Кучиайы ныхас райхъуыст, йæ тыхст ныхас:

– Сафдзысты лæппуйы! Æмæ мах хъæуыдзаг лæгтæй бацци кæнæм! Иу нæ нæ ацæуы уыцы сыгъдоны къанцеламæ æмæ афтæ никæмæ бадзуры: алæма-гъа! Ныр Зыбе фæцæуы, фæлæ Зыбе фысы хуызæн лæг, чи йæм ныхасмæ æрлæудзæн, чи йæм хъусгæ бакæндзæн! Уым ныхджын лæг хъæуы, ныхджын!

– Нæ, Кучиа, афтæ ма зæгъ. Ныры хицауад сабырты хицауад у æмæ мæгуырты хицауад, фæлæ йæ зон, – загъта Бадила. Бадила цалдæр азы Къардоны ацарди уартæ æмæ йæхи иннæтæй фенæгдæрыл нымадта. – Уæдæ ныры хицæуттæ сабыр лæгмæ куыд байхъусой, афтæ æппындæр никæмæ байхъусдзысты, кæд мæ фæрсыс, уæд.

Бадилайы фæстæ та ныхасыл йæхимæ ахæцыд Елыба:

– Нæ, мæ хур акæнат, нæ, Зыбейæн йæ сабырмæ ма кæсут. Зыбе сабыр у. Фæлæ хъуыддагæн йæ бахъавд зоны, æмæ уый у, уый – хъуыддагæн йæ бахъавд зонын!

Елыба Зыбейæ кæй раппæлыд, уый мын афтæ æхсызгон уыд, æмæ мæм хъæдтыл бадын нал цыд – нæхимæ куы атахтаин æмæ дзыццайы хъусы куы бацагътаин Елыбайы ныхæстæ, æндæр мæ ницуал хъуыд. Уæдæ уæд, æвæццæгæн, иннæ лæгтæ нæ зонынц хъуыддагæн йæ бахъавд, Зыбе та йæ зоны.

– Уæдæ Зыбе кæдæм бацæуа, уырдыгæй æнæ дзуаппæй чи разила æмæ чи раздæха, ахæм лæг нæу, фæлæ йæ зонут. Кæсгæ-ма-иу фæкæнут, кæддæра нæ рамбула хъуыддаг! – загъта та уæдмæ Елыба.

– Цы дзы и рамбулинагæй – æз ын ницы зонын, – райдыдта хъæрæй Сауле, сæ дыккагхæдзæртты лæг Мистъайæн. Æвæццæгæн та йæ лæдзæг дæр ныццарæзта далæ хицауадырдæм. Къуылых лæг уыди Сауле, лæдзæгимæ цыди, фæлæ йæ лæдзæгыл æнцайгæ уыйас нæ кодта, амонгæ дзы цас кодта.

– Де ’дде йыл мæнг даутæ æркодтой, уыйййеддæмæ уый цы цыхт радавта, уый мæ бинонты хъуыры ацæуæд маргæй, кæддæра сын дзы цы ацæуид! Æмæ уый, сæхи хæндыг кæм ис, уый куы нæ зоны, уæд ыл уыйбæрц туг ныууарыди ’мæ къазнайы хæндыджы йæ къухтæ атъысса æмæ дзы цыхтытæ агура!

– Уæдæ ’мæ дæ куы ничи тæрсгæ кæна, куы ничи дæ аргъуц кæна, уæд сыст æмæ дæ сæр фесаф. Уæдæ ма уый æнхъæл уаиккой æмæ сæм алæбурдзыстæм, нæ сагæйттæ ’мæ нæ фæрæттæ нæ разæй айсдзыстæм, афтæмæй, кæддæра афтæтæ кæниккой! – загъта хъæрæй Бехтыр. Æмæ мæ цæстытыл уади, Бехтыр йе стыр армы тигъæй йæ уæраджы сæр куыд æрцæв-æрцæв кæны, уый, цыма цъалды уыди йæ арм æмæ дзы уистæ кодта уартæ Куыройы комы.

Стæй мах рацыдыстæм, нæ дуармæ сбадтыстæм æмæ Цъозатæ хордтам, афтæмæй нæм уырдæм райхъуыст мад æмæ фыды ныхас нæ гом рудзынгæй. Нæ рудзынгæн та йæ æвгтæ æфтыд уыдысты: алыхатт дæр-иу сæ уалдзæджы рафтыдтам æмæ-иу сæ фæззæджы уазæлттæм нал бакодтам – иуæй, уадз æмæ сыгъдæг уæлдæф ивыла мидæмæ, иннæмæй – уæзæг сывæллонæй йедзаг, чи сæ цы ’рбахсдзæн, цæмæйзон, æмæ авг куы ныппырх уа, уæд далæ Чъребайæ авг хæссын æнцон у?!

– Цы бадæ? – бафарста мад, æмæ æз бамбæрстон, фыд хæргæ кодта æмæ йæ нырмæ уымæн нæ бафарста мад. Ныр хæрд фæци æмæ йæ ныр бафарста.

– Цы бадæн?! – загъта хъæрæй фыд. – Къанцеламæ бауадтæн. Сардо мыл зæрдиаг цинтæ фæкодта. Куыдтæ, дам, дæ мæнæйуый, исты хабæрттæ, дам, дæм уыдзæни. Ис мæм, æзын, ис хабар æмæ йын радзырдтон, афтæ-афтæ лæппуйы сафынвæнд скодтой рæстæй æмæ мæ дæ сæр бахъуыд. Уый мæм уыцы сабыр фæхъуыста, стæй дын мæм йæ цæстытæ ма сзила! Æмæ, дам, кæд, ды куыд зæгъыс, афтæ раст у, уæд, дам, лидзгæ кæдæм кодта? Милицийы, дам, æй исчи хæргæ кодта! Милиционæн та, дам, йæ топп йæ къухтæй куы рарæмыхта æмæ, дам, ын æй уартæ кæдæмдæр куы ныдздзолонкъа кодта! Йæхæдæг, дам, Таппызары хай куы баци. Уæд, дам, уый зоныс, мæнæйуый, æмæ, дам, æй æрмæст уый тыххæй дæр сæ бон у æмæ ахæстоны баппарой?!

Ӕмæ, дам, дæ уæд Дзаумæ цæуын хъæуы. Уым аразгæ, дам, у хъуыддаг. Ӕз дæр, дам, дæм фæкæсдзынæн, мæ бон цæмæй уа, уымæй...

Уырдыгæй рацыдтæн, уæдæ цы ми кодтаин æмæ Дзаумæ ма ныззыбар-зыбур кæнон!

– Фистæгæй?

– Фистæгæй, уæдæ исчи йæ бæх мæнæн лæвæрдта!

– Ӕмæ дæ дыууæ къахы нæ ахаудтой, бецау, ардыгæй Дзаумæ бонцау куы у. Ноджы уыцы уæззау цинел...

– Нæ, цинел мæ ницы хъыгдардта. Раластон æй æмæ йæ мæ цонгыл баппæрстон. – Цинел æй кæнын кæй нæ хъуыд, ууыл нæ састи фыд. – Хицауадæй бынаты никæй бæрæг ныййæфтон, фæлæ мын дзы ныфсæвæрæг фæци: сом мæ хъуамæ хицаумæ бахæццæ кæна. Милицийы хицаумæ. Ӕмæ, кæд адæмы хъæр æмбара, уæд æм мæ ныхас дæр ма байхъуыса, уый гæнæн нæй. Ныр лæппуйæн бафæдзæхсдзынæн, райсом мын ме сыстынмæ бæхы куыд æрхæццæ кæна. Иу-дыууæ къуымыхцыйы дæр мын авæр хордзены цæсты, искæй мæ арæвдауын куы бахъæуа, уæд мæ къухы исты куыд уа.

– Гъомæ къуымыхцытæ дæр цы фæнды фæуæнт, фæлæ аразгæ дæр куы ницы скæнай, дæ фыдæбæттæ дæр дзæгъæлы куы фæуой.

– Искæй ердойæ сæ мæхи ныруцгъддзынæн, уæддæр сæ нæ ныууадздзынæн. Дзауы ницы рацæудзæн мæ хъуыддагæй – Чъребамæ ныммидæг уыдзынæн, уым дæр ницы – Калачы балæудзынæн. Мæ хъуццытæй иу ауæй кæндзынæн æмæ дзы цы райсон, уый иу дзæбæх пърафисорæн куы бафидон, уæд мын ныффысдзæн Сталинмæ!.. Куыд нæ мын ныффысдзæн? Стæй сæ уый бар бауадз! Фæлæ мæ уыдæтты сæр нæ бахъæудзæн. Ныры хицауад адæмы хицауад у, адæмы! Ӕмæ йе ’ргом адæммæ здæхт у, фæстæмæ здæхт нæу йе ’ргом, фæлæ размæ. Адон афтæ æгъгъæлынц!..

Мад æмæ ма фыд ноджыдæр ныхæстæ кодтой, фæлæ сæм æз нал хъуыстон. Ӕз Джеччиты къуыппыл балæууыдтæн. Нæ бæх æрцахстон – æниу цы ахсын хъæуы нæ бæхы! Йæ номæй йæм бадзур, «Боби», «Боби» йæм ахъæр кæн, æмæ дæм йæхæдæг æрбацæуудзæн, йæ рæсугъд сæр батил-батил кæндзæн, афтæмæй. Уыцы ном ыл дзыцца сæвæрдта, Зыбе йæ куы балхæдта, уæд. Хæрз байраг ма уыди, æмæ йыл

уыцы дзæбæх абадти уыцы ном. Йæ фырдзыгъуырæй цъæх дардта. Арвы кæрон Боброн куыд фæфидауы, афтæ фидыдта сæрвæты. Йæ риуыгуыдыр – стыр, йæ тæнтæ – æлвæст. Уыцы фæтъæбæрттарæзт уыди, гъе, Боби. Йæ номæй та, цыма адæймаг уыд, афтæ æмбæрста. Æмæ йæ куы ’рцахсон, уæд та йæ уыцы урс дурмæ бакæндзынæн, дуры цъуппæй йын йе рагъмæ мæхи баппардзынæн æмæ йæ уым дæлæмæ гæпдугъæй рауадздзынæн, дымгæ мæ фæйнæ фæрсты къуыскъуысгæнгæ куыд тæха фæстæмæ. Стæй мæ хъуыдыйы фæмидæг: цæй æмæ Ципкæйы акæнон мемæ! Кæннæуæд уа раджы уалæ Джеччиты къуыпмæ цæуын æнцон у æмæ йын йæ фарс басхуыстон мæ рæмбыныкъæдзæй.

– Райсом мемæ цæуыс?

– Бæх ахсынмæ?

– Гъо.

– Цæуын. Кæм фæхизы уæ бæх?

– Уалæ Джеччиты къуыппыл.

– Уæдæ-иу раджы сыст. Джеччиты къуыпп уалæ кæм и! Æмæ Зыбе куы байрæджы кæна! – Ципкæ дæр, æвæццæгæн, хъуыста дзыцца æмæ Зыбейы ныхасмæ.

Стæй ацыди Ципкæ, йæ цъозатæй ма цы баззад, уыдон йæ дæларм бакодта æмæ ацыд. Æз бадгæйæ баззадтæн. Æмæ та мæм райхъуыст мад æмæ фыды ныхас. Мад цыма фыдмæ нæ дзырдта, цыма æнæуи афтæ дзырдта, уыйау бакодта:

– Нæ хæдзар рауатмæ æрцæудзæн.

Фыд та цыма зонгæ кодта – мадæн афтæ æнæ зæгъгæ нæй, уыйау уайтагъд фæци дзурынмæ:

– Нæ хæдзар кæлгæ куы ныккæна, уæддæр ын мæ бон ницы у. Уый хуызæн лæппу, æмæ йыл къæрныхы ном куы сбада, уæд стæй цы ми хъуамæ кæна уыцы номимæ! Æнцон у къæрныхы номимæ цæрын?!. Адæм æм къухæй куыд амоной – дæлæ та Бæпъаты къæрных дæр фæцæуы! Афтæ дæ фæнды?!

Иу-дзæвгар ныссабыр сты, стæй дзыцца загъта сабыр, фæлæ хъæрдæрæй:

– Дæлæ, дам, Дзылыты чызгимæ дзырд у. Ныр, дам, ыл уыцы йæ туджы тулинаг дæр дзуры. Хатджытæ, дам, сæм барвыста.

– Куыдзан, Куыдзан? Куыдзан, дам, ыл дзуры?! – Хъæрæй, тынг хъæрæй бафарста фыд. Мæнмæ куыд фæкаст, афтæмæй йæ бандонæй дæр растади.

– Уый, уый...

– Уæдæ мæ бауадз! Уымæн дын кæд æз йæ цæстмæ мæ къух нæ бахæссон, йæ рахиз цæстмæ, уæд ам лæппу ма уæд.

Дыккаг бон Зыбе доны был лæууыди не 'рцыдмæ, йæ цинел йæ уæлæ, йæ хордзентæ йæ уæхскыл, саргъ æд æфтаугæтæ йæ дæларм, æгъдæнцæйттæ æрдаргъ сты 'мæ хъеллау кодтой, æвæццæгæн-иу саргъ æрбырыди йæ дæлармæй, æмæ та-иу æй хæрдмæ сриуыгъта Зыбе. Уайтагъд аифтыгъта бæх, хордзентæ саргъмæ фæфидар кодта нахæтбосæй æмæ абадти бæхыл. Æз бамбæрстон, ардæм цæмæ æрцыди нæ размæ, уый – нæ йæ фæндыд адæмы йæхимæ æркæсын кодтаид, уый, афтæ куыд нæ дзырдтаиккой: Зыбе дæр та фæцæуы. Æмæ иугæр бæхыл куы рацæйцыдаид уæзæгыл, уæд ын цы нæ уынгæ уыди!

Уыцы бон не 'рбацыди Зыбе. Дыккаг бон куыддæр сыстадтæн, афтæ рацыдтæн былмæ, каумæ схызтæн æмæ уым сбадтæн, мæ цонг каумихыл æрбатыхтон. Мæ фæнд афтæ уыд: хъуамæ бадтаин æмæ бадтаин, цалынмæ Зыбе 'рбацыдаид, уæдмæ. Кæсгæ Зыбейы 'рбацыдмæ кодтон, мæ хъуыдытæ та Мистъаимæ уыдысты. Ныр иу æхсæв, стъалытæ дæр куыд нæ кæсой, мæй дæр, бæстæ талынг куы уа, тынг талынг, уæд цæмæннæ рацæуы Дымгæджынæй, далæ Макко хъæумæ цæмæннæ ацæуы. Куыдзанты рудзынгæй цæмæннæ бахизы æмæ къултыл цæмæннæ фæхойы Куыдзаны? Уæдæ йыл цытæ æрымысыди? Цæй цыхтыты давд ыл æрымысыд? Фæлæ йæ куы фæхойа къултыл, йæ фындзы тугтæ йын куы фæкала, уæд та уый дæр нæ бахæсдзæн милицимæ? Ома, афтæ-афтæ мæм мæ хæдзармæ 'рбабырста æхсæвыгон. Нæ, уæд æй бынтон æрцахсдзысты. Уымæн æмæ лæджы нæмыны бар никæмæн и, цы фæнды æвзæр лæг куы уа, уæддæр. Æмæ йæ ахæстоны бакæндзысты. Нæ, нæмæн ын нæй. Æмæ дзы, уæдæ, куыд хъуамæ райса йæ маст? Кæд Дзылыты чызджы ракура 'мæ уымæй? Уый та къæпдзыхæй куыд фæуадза! Уымæй дзы райсид йæ маст! Фæлæ йæ афтæ куы расур-басур кæной, уæд æй куыд ракурдзæн? Æмæ йæм уæдмæ йæхæдæг куы фæразæй уа æмæ йæ йæхæдæг куы ракура, уæд та?!

Цымæ ныр афтæ бакæн æмæ ацу Маккоты хъæумæ, искуы йæ разы бабад Дзылыты чызгæн æмæ йын зæгъ æмæ Куыдзанæн ма бакома. Куыдзан маст хæссы Мистъамæ æмæ дзы йæ маст исы, æндæр Мистъа къæрных нæу. Мистъа цыхтытæ чи адава, ахæм лæппу нæу. Уый йæ уымæн ахсын кæны, цæмæй дæу ма ракура æмæ дæ йæхæдæг ракура. Цымæ йæм нæ байхъусид Дзылыты чызг? Уæдæ 'мæ Ципкæимæ ацæуой дыууæйæ. Дыууæ куы уой, уæд сæм, чи зоны, байхъуса.

Раст уæд схызти каумæ Ципкæ æмæ мæ тæккæ фарсмæ сбадт. Не 'хсæн цы мих уыд, ууыл йæ цонг æрбакъæдз кодта.

— Зыбемæ кæсыс? — афарста, гыццыл куы абадти, уæд.

— Гъо, — загътон æз.

— Зыбе афтæ раджы не 'рбацæудзæни.

— Цæмæннæ?

— Бæлццæттæ изæры 'рбацæуынц. Уыцырдæм райсомæй ацæуынц, фæстæмæ та изæры 'рбацæуынц.

Æз бакастæн Ципкæмæ. Æцæг афтæ у, ацы Ципкæ цы нæ зоны, ахæм ницы и. Фæлæ мæ тынг фæндыди, Зыбе тагъддæр куы 'рбацæуид æмæ уæзæгыл æндæр дзырд куы нæуал уаид: Зыбе Мистъайы сраст кодта. Ныр мæ, Мистъа ма абырæг уа, уый нал фæндыди. Ныр мæ, ахсынæй куы нал тæрсид æмæ далæ Дзылыты чызджы куы ракурид, афтæ фæндыди. Далæ йæ быдырты куы 'рбацæйхæссиккой уыйæппæт бæхджынæй æмæ сæ чындзхæссæджы зарæг уалæ хæхты куы нæрид. Стæй чындзæхсæвы мах дæр куы рабадын кæниккой æмæ нын Бехтыр чъиритæ 'мæ дзидзатæ куы райуарид æмæ уым Мистъаты раз нæууыл куы бадиккам, æмæ куы хæриккам чъиритæ 'мæ дзидзатæ. Уыцы хъуыдытæй мæ комыкъулты дон æруади. Ципкæмæ бакастæн.

— Дзылытæ кæм цæрынц, уый нæ зоныс?

— Кæй Дзылытæ?

— Далæ Маккоты?

— Зонын.

— Кæм?

— Далæ Макготы хъæуы устытæ донмæ кæм æрцæуынц, уыцы тæккæ ран уæлбыл.

— Сæ хæдзар ардæм нæ зыны?

— Нæгъ.

Æз Ципкæмæ бакастæн, уый дæр мæм æрбакаст, æмæ бамбæрстон: цыдæр зæгъынмæ хъавы, рагæй хъавы цыдæр зæгъынмæ. Æмæ йæм нал фæлæууыдтæн.

– Цы кæныс?

– Цом-ма мемæ.

– Кæдæм?

– Уалæ Дымгæджынмæ.

– Цæмæ?

– Нымæт схæссæм Мистъайæн.

– Цæй нымæт?

– Бинаг нымæт. Кæннæуæд, дам, афтид лыстæныл фæхуысдзæн æмæ, дам, йæ фарсы дон фæзындзæн.

– Чи загъта?

– Мæ фыд.

– Йæхæдæг загъта Мико?

– Йæхæдæг загъта, уæдæ æндæр исчи загъта йæ бæсты?!

Мæнæн хъыг уыди, Мистъайæн нымæт кæй хæссын кодта Мико, уый. Уæд хъуамæ Мистъа уым нымæтыл хуысса, Куыдзан та ам Дзылыты чызджы ракура? Стæй ма йæ ныр нымæт цæмæн хъæуы? Зыбе уымæн ацыди знон нæ бæхыл æмæ Мистъайы ма сраст кæна! Фæлæ кæд Мико загъта, уæд цы æнæ цæугæ и!

– Æмæ нæ исчи куы фена, уæд та?

– Чи нæ фендзæн?

– Исчи. Уæд æй нæ базондзæн, кæдæм цæуæм æмæ нымæт кæмæн хæссæм, уый!

– Базондзæн æй æмæ цы?

– Куыд цы? Афтæ нæ зæгъдзæн: адон уыцы нымæт кæдæм хæссынц?

– Зæгъдзæн æмæ цы?

– Куыд цы? Дзых ныл нæ бахæсдзæн?

– Ницы ныл бахæсдзæн. Мистъайы чи нæ уарзы, ахæм ам ничи и.

Мæн нæ фæндыд Дымгæджынмæ цæуын, мæн кауыл бадын фæндыд æмæ далæ фæндагмæ кæсын æмæ æфсæнттæ кодтон:

– Æмæ йæ уым куы нæ сæййафæм, уæд та?

– Куыд нæ йæ сæййафдзыстæм уым?

– Боныгон халагъуды цы ми кæны Мистъа? Боныгон уалæ рæгътыл рацу-бацу кæны.

– Уæд æй уым ныууадздзыстæм.

– Æмæ йын æндæр ницы хæссыс нымæты йеддæмæ?

– Хæссын. Нартхоры кæрдзынтæ йын хæссын, цыхт ын хæссын, стæй Мико уыгæрдæнмæ цы авг фæхæссы донгарзæн, уыцы авджы мисын.

– Æмæ уыдон дæр уым ныууадздзыстæм? Стæй сæм исты куы басмуда!

– Цы сæм басмуддзæн?

– Хилæг сæм басмуддзæн, мустъæлæг сæм басмуддзæн.

– Æмæ сæ халагъуды царыл æрцауындздзыстæм – бæттæн ахæсдзыстæм. Уырдæм калм не сбырдзæн.

– Калм не сбырдзæн, фæлæ мустъæлæг дæр не сбырдзæн?

– Мустъæлæджы куы нæ бахъыгдарай, уæд никæмæн знаггад кæны.

Цы ’фсон ма скодтаин, уый нал зыдтон æмæ загътон:

– Гъомæ цом.

Зæгъгæ кодтон, фæлæ бадтæн уæддæр æмæ кастæн фæндагмæ. Стæй бадзырдтон Ципкæмæ:

– Ныр уырдыгæй Маккоты хъæумæ куы ацæуиккам, уæд куыд уаид?

– Цæмæ? – бафарста Ципкæ æмæ мæм æрбакаст.

Æз фæтыхстæн. Цы йæм бадзырдтаин, уый нæ зыдтон. Æмæ та мæ бафарста йæхæдæг уæдмæ:

– Цæмæ дзы цæуæм Маккоты хъæумæ?

– Цæмæ, цæ, Дзылыты чызгæн зæгъæм æмæ Куыдзанæн ма бакома. Стæй уæдмæ Мистъайы сраст кæндзæн Зыбе æмæ йæ Мистъа ракурдзæн.

– Æмæ йæм афтæтæ дзурын бауæнддзыстæм Дзылыты чызгмæ?

– Нæ зонын. Æз æм, æвæццæгæн, нæ бауæнддзынæн, фæлæ йæм ды, чи зоны, бауæндай.

– Ницы йæм бауæнддзынæн æз дæр! Мах нырма сывæллæттæ стæм, уый та æнæхъæн чындздзон чызг у! – стæй мæм æрбакаст Ципкæ, цыдæр æнкъард каст мæм æрбакодта. – Æмæ йæ куры Куыдзан?

– Куры, – загътон æз.

– Цæмæй йæ зоныс?

– Дзыцца дзырдта Зыбейæн. Ды искуы федтай Дзылыты чызджы?

— Нæгъ.

— Æз дæр æй никуы федтон. Æвæццæгæн рæсугъд чызг у, нæ?

— Æвæццæгæн.

Уыцы боны хуызæн даргъ бон никуы федтон, нал æмæ нал изæр кодта. Дымгæджынмæ ссыдыстæм. Мистъа уым нæ уыд. Куыд хъуамæ уыдаид уым! Нымæт уыцы тымбыл тыхтæй лыстæны уæлæ ныууагътам, хæринæгты дзæкъул цары хъæдыл æрцауыгътам. Уырдыгæй Маккоты хъæумæ ауырдыг кодтам. Дзылытæм бацæуæм, уымæ нæ ныфс нæ бахастам. Æмæ сæм æнæуи, чи зоны, бахастаиккам нæ ныфс, фæлæ, дам, сæм хъæхъхъаг куыдз и. Æмæ уымæй нæ бауæндыдыстæм. Донырбыл бирæ фæбадтыстæм — кæд донмæ æрцæуид Дзылыты чызг, фæлæ не 'рцыдис. Æвæццæгæн райсомæй схаста дон æнæхъæн бонваг. Уырдыгæй куы 'рбацыдыстæм, уæд та мæ зæрды уыд кауыл сбадын — сбад кауыл æмæ далæ фæндагмæ кæс! Иу афон ыл Зыбе куы 'рбазына, уæд рагæпп кæн кауæй æмæ уæзæг хъæрæй байдзаг кæ: «Зыбе 'рбацæуы, Зыбе 'рбацæуы». Фæлæ мæ нæ бауагъта Ципкæ каумæ, Куыройы коммæ та мæ акодта.

Райсом куы райхъал дæн, уæд æппæты фыццаг цы федтон, уый — фыды цинел, æмæ дзы фæтарстæн. Афтæ дзы фæтарстæн, æмæ гыццыл ма бахъæуа, мæ хъæлæсыдзаг ныхъхъæр кæнон. Уæдæ йæхæдæг куы нæ 'рбацыди Зыбе знон, уæд йæ цинел ам цы ми кæны! Рагъæны къæбæлæй 'ривæзти йæ ауындзæн æмæ ма йын йæ бынтæ далæ зæхмæ хæрз гыццыл хъæуы, афтæ æрдаргъ и. Сонт каст фæкодтон мад æмæ фыды уатмæ. Фыд æркъæдз ис йæ иу фарсыл æрдыны хуызæн æмæ фынæй кодта — æвæццæгæн, дысон æнафоны 'рбацыд. Мад уым нæ уыди. Уæд фестадтæн, мæ хæлаф æмæ мæ хæдон акодтон æмæ æддæмæ ахызтæн. Лæгтæ кæм фæлæууынц, тæккæ уæзæгыл, уым лæууыдысты устытæ, дзыццайыл æрхъула сты. Æз фæраздæруонæй йæ фарстой æмæ куыд арæхсти, афтæ сын уый дæр дзуаппытæ лæвæрдта. Йæ къухы уыди уис, æвæццæгæн, не стурты аздæхта, донæй сæ фæфале кодта.

— Цы, дам, аразынц, цы? — йæ къубал тынг баивæзта дзыццамæ Къакъиан, Ципкæйы мад.

— Цыдæр æй куы хонынц, ахæм цыдæр — ме 'взаджы цъуппыл рауай-бауай кæны...

– Гъомæ цы ми кæндзæни, цы аразынмæ хъавынц, уый?

– Ме ’нæуынон фæу, уый дын цы ми кæндзæн! Цалдæр лæджы уыдзысты, æрбацæудзыстæ ’мæ заводы æрбаддзысты.

– Къамис ма уа? – баппæрста йæ ныхас Бехтыры ус Гыгысо.

– Гъо-гъо! – бацин кодта дзыцца. – сæкæр фæхæр уыцы дзыхæй. Æрбаддзысты заводы æмæ алцыдæр уым, бынаты бахынцдзысты. Куыд ахастой цыхтытæ, кæуылты сæ ахастой, цафон сæ ахастой. Стæй сæ ныхас баиу кæндзысты æмæ йæ афтæмæй фæхæццæ кæндзысты хицауадмæ, – фæстаг дзырд тынг адаргъ кодта дзыцца.

– Уыцы лæппуйы æфхæрд лæг куы нæ фенид, æмæ куы ницы уаид лæджы, – арф ныуулæфыди Къакъиан.

– Уый æцæг разынæд, æмæ уыцы лæппу сраст уæд, уыййеддæмæ дæуæн йæ хауджын кæлмæрзæн чи нæ радта, уымæн дзæгъæл баззайæд мæнæрдыгæй, – загъта хъæрæй Елыбайы ус Матрона.

Мæн ма фæндыди устытæм хъусын – уыцы дзæбæх лæууыдысты æмæ уыцы дзæбæх ныхас кодтой, фæлæ тæрсгæ кодтон: исчи мæм сæ куы фездæха æмæ мыл куы схъæр кæна – дæ дзых цы ныкъкъæпп кодтай уым æмæ устытæм цы хъусыс?! Æмæ былмæ мæхи байстон. Каумæ схызтæн æмæ тæлмы ставд уистыл æрцауыгътон мæхи. Фæндагмæ кæсын мæм нæ цыди – цæмæ ма дзы кастæн! Фæлæ уæддæр бадтæн. Гыццыл фæстæдæр мæ фарсмæ ’рбадт Ципкæ.

– Зыбе ’рбацыди? – йæ сæр мæм æрбадардта михы фæрсты.

– Гъо.

– Æмæ цы загъта?

– Къамис, дам, аразынц. – уыцы ныхас цыма устытæй нæ фехъуыстон, фæлæ йæ Зыбейæн йæхицæй фехъуыстон, афтæ загътон æз.

– Гъе-гъе, уæдæ! – бацин кодта Ципкæ. – Къамис фыдбылыз у. Æмæ, дам, чи аразы къамис?

Æз хъуыдыйыл фæдæн: чи хъуамæ араза къамис? Æмæ загътон:

– Дзауы аразынц къамис.

– Дзауы, нæ?

– Гъо, фæлæ бадгæ заводы ’ркæндзысты къамисы лæгтæ. Уым заводы хъуамæ бахынцой алцы дæр.

– Гъе-гъе, уæдæ! – нæуæгæй та загъта Ципкæ.

Къамис цы уыди, уый нæ зыдтон æз. Æнæуи мæм афтæ зынд, къамис куы ’рбацæуа, уæд Мистъайæн хуыздæр уыдзæн, Куыдзанæн – æвзæрдæр, æмæ цин кодтон. Уæддæр ма Ципкæмæ æнхъæлмæ кастæн, кæд ма исты зæгъыд къамисы тыххæй, фæлæ ницуал загъта. Чи зоны, уый дæр ницы зыдта, къамис цы у, уымæн, цы загъта, уый дæр, афтæ, зæрдаивæй загъта, чи зоны.

Уыцы изæр лæгтæ раздæр бамбырд сты хъæдтæм. Мах дæр куыройы комæй рацыдыстæм. Ципкæ дыууæ кæсаджы æрцахста, – диснырйы дæргъæнтæ уыдаиккой, фæрв къалиуæй хæдзгонд ацарæзта æмæ сæ ууыл бакодта. Цин кæнынæй сыл не ’фсæст. Цæугæ-цæуын дæр та-иу схæцыд къалиуыл æмæ-иу касти кæсæгтæм, цыма сæ кæуыл цал сырх тæппы и, уый нымадта. Мистъа дæр кæд нæ бадти хъæдтыл, æмæ бадис кодтон – рухсæй куыд æруæндыд хъæумæ! Уæд та бæхтыл æрбакалди милицæ, уæд ма цы фæуыдзæн!

– Æндæр ницуал мæ сæрæн зонын, – дзырдта Мистъа хъæрæй. – Мæхи ратдзынæн, тæккæ райсом ацæудзынæн æмæ ратдзынæн мæхи. Цы мын кæной, уый мын кæнæнт!

Уæззау уыди Мистъайы ныхас, тынг уæззау. Лæгтыл дæр, æвæццæгæн, æруæз кодта æмæ сæ дзурын уымæн ничиуал ницы фæрæзта. Уæдæ, дам, ацæудзынæн æмæ, дам, мæхи ратдзынæн! Нæ, уыдон Мистъайы ныхæсты хуызæн нæ уыдысты. Фидаугæ дæр ыл нæ кодтой. Æппындæр ыл нæ фидыдтой.

– Бафæлладтæн, куыдзы фæллад бакодтон, æмæ ма лæг йæ зæрдæмæ исты куы хæссид, уæд цы нæ вæййы! – Мистъа æрлæууыд йæ ныхасæй, иннæтæй дæр ничи ницы дзырдта æмæ сæ чидæр куыд ныуунæргъыдта, уый нæм дзæбæх æрбайхъуыст хъæдты сæрты. Æрæджиау Елыба загъта хъæрæй:

– Уæдæмæ афтæ бакæнæм æмæ уал Зыбейæ нæ бæрæг базонæм. Цалынмæ Зыбейæ нæ бæрæг базонæм, уæдмæ дæ къах дзуарæвæрд дæр куыд никуыдæм акæнай, афтæ! – Æмæ мæ цæстытыл ауад: афонмæ та йе ’взагæй йæ рихийы кæронмæ куыд сæвнал-сæвнал кæны Елыба, уый.

– Æмæ кæм и Зыбе? – бафарста Мистъа.

– Зыбейӕ зӕгъыс? – бафарста Елыба дӕр ӕмӕ йӕхӕдӕг февнӕлдта дзуапп дӕттынмӕ: – Зыбе зилы, мӕгуыр, рахау-бахау кӕны. Ныр ӕнӕхъӕн къуыри йӕ сӕр базмӕ не 'руагъта, мӕ зӕрдӕ цы зӕгъы, уымӕй.

– Цӕуыл рахау-бахау кӕны Зыбе? – бадис кодта Мистъа.

– Дӕ хъуыддаджы фӕдыл, ӕндӕр цӕуыл! Дзауы балӕууыд, Чъребамӕ ныххӕццӕ.

– Уый та дын Зыбейы митӕ! – тынг хъӕрӕй загъта Мистъа. – Алчи йӕ къухтӕм ӕмхасӕнтӕ кӕны, уый йӕ куыстытӕ ныууагъта ӕмӕ йӕхи раппар-баппар кӕны. Ныр ӕм ӕз хъазахъхъ куы фӕцӕуин, уӕддӕр ма йын йӕ фыдӕбон бафидин!

Уым ныхасыл йӕхирдӕм ахӕцыди Мико.

– Лӕг йӕ къах куы скъуыра, дӕ рын бахӕрон, уӕд ын хъуамӕ исчи йӕ цонгыл фӕхӕца ӕмӕ йӕ хауын ма бауадза. Барӕй скъуырдта йӕ къах, ӕнӕбары йӕ скъуырдта, уый афтӕ ахсджиаг нӕу. Ахсджиаг у, цӕмӕй лӕг зӕхмӕ ма ахауа, ӕмӕ ма сцъыф уа. Куы ахауа, уӕд ма сцъыф уа, уый гӕнӕн нӕй, ӕмӕ йын уӕд адӕмы 'хсӕнмӕ цӕуӕн нал и – чи ма дын цӕуы цъыфӕй адӕмы 'хсӕнмӕ! Ныр а Зыбе, не 'ппӕты хӕс цы у, уый раккой кодта иунӕгӕй ӕмӕ йӕ уд радта – хъуамӕ дӕ зӕхмӕ ма ӕруадза ӕмӕ ма сцъыф уай. Уый лӕджыхъӕд у, стыр лӕджыхъӕд у уый. Ӕмӕ хуыздӕр уӕд йӕ лӕджыхъӕд ноджыдӕр. – Мико ӕрлӕууыд йӕ ныхасӕй ӕмӕ иннӕтӕ дӕр фӕсабыр сты, ӕвӕццӕгӕн, хъуыды кодтой Микойы ныхӕстыл. Ӕмӕ та уӕд нӕуӕгӕй райхъуысти йӕхи ныхас Микойӕн: – Лӕг рӕстӕй ӕфхӕрд кӕм ӕрцӕуа, уым хъуамӕ арв мауал ныннӕра, ӕмӕ дзы зайӕг хал мауал схауа зӕххӕй.

Уӕд ӕнӕнхъӕлӕджы куы райхъуысид Хуымейы ныхас – ӕнӕнхъӕлӕджы ӕмӕ хъӕрӕй:

– Ӕз дысон иу фын федтон, – загъта ӕмӕ цӕхгӕр фӕлӕууыди. Цыма йын исчи йӕ дысыл фӕхӕцыд: афтӕтӕ ма дзур! Лӕгтӕ, ӕвӕццӕгӕн, Хуымемӕ хъуыстой – кӕд райдайдзӕн йӕ фын дзурын? Фӕлӕ Хуыме ницы дзырдта. Ӕмӕ уӕд ӕрӕджиау бафарста Кучиа:

– Цы фын федтай, мӕ уд?

Ӕмӕ уӕд февнӕлдта Хуыме йӕ фын дзурынмӕ:

– Цы, цы, цыма Зыбе ӕмӕ мӕнӕ Мистъа уалӕ Уӕллаг Хъигъырийӕ иу хъӕд ӕрцӕйхастой дыууӕйӕ. Зыбе йын йӕ

сæрæрдыгæй хæцыди хъæдæн, йæ даргъ цинел йæ уæлæ, йæ сæрыл та цыма цы хуызæн худ уыди, уый зонут? Мæнæ сæ Буденныйы худтæ куы хуыдтой, сæ гоппытыл цыргъ цъуцъубатæ, сæ ныхтыл та сырх хъуымацæй стъалытæ куы уыди хуыд. Сæ хъустæ даргъ куы уыдысты, тынг даргъ, дæ бон уыд æмæ сæ де 'фсæртыл æрбатухай æмæ хъарм уа де 'фсæртæн. Ныр Зыбейæн йæ цинелы фæдджитæ цъыхырытыл хæцынц, фæлæ сæ хъуыды дæр нæ кæны Зыбе, уыцы парахат лæгæрст кæны йæ резин дзабырты. Мæнæ Мистъа чи у, уый та хъæд йæ уæхскмæ нæ уагъта, фæлæ йæ тъæпæн арм йæ уæхсчы сæрмæ систа æмæ уымæй хæцыди хъæдыл.

Хуыме фæлæуууыд æмæ йæ Елыба бафарста:

— Хъæд æрцæйхастой, зæгъыс, хъæд, уалæ Уæллаг хъигъыриймæ, зæгъыс?

Æмæ Хуыме ницыма загъта, афтæ Бехтыры бустæйы ныхæстæ ратахтысты хъæды сæрты:

— Цæй хъæд æрцæйхастой? Æмæ цæй хъæд и уалæ Уæллаг хъигъыриййы?!

— Ахæм хъæд нæ зæгъын, нæ — фæтыхсти Хуыме. — Сыфцæй кæй раласынц галтыл, ахæм хъæд. Мæнæ рагъхъæдæн чи сбæзза, ахæм хъæд зæгъын, гъе! Лыстæгдæр хъæд æмæ даргъдæр хъæд.

— Уымæн нæ зонын, — цыдæр гуырысхогæнгæ загъта Кучиа, — æнæуи хъæд æвзæрмæ цæуы. Мæ фыдзæрдæйы дуармæ фендæуæд фыны хъæд.

— Уый стыр хъæд цæуы æвзæрмæ, хырхы хъæд, сыфцæй кæй раласынц, ахæм хъæд! — тынг æнувыдæй дзырдта Хуыме, — фæлæ, уæхсчытыл кæй æрцæйхæссай, уый цæй æвзæрмæ цæуы!

— Кæд та йæ мысгæ æрбакодтай, Хуыме, уынгæ йæ нæ фæкодтай, фæлæ? — загъта Сауле. — Дæуæн ныхас æрбаймысын æмæ фехситт кæнын мыды ад кæнынц.

— Уæд мæ Хуыцау хæсгæмард фæкæнæд, кæд æй мысгæ æркодтон! — загъта хъæрæй Хуыме, стæй ма йæ гуым-гуым райхъуыст: — æрæмысыдтæн æй, йед æй кодтон!

Æмæ та æрсабыр сты лæгтæ. Æвæццæгæн сæ бауырныдта — æцæг федта Хуыме Зыбе æмæ Мистъайы уалæ Уæллаг хъигъыриймæ хъæд æрцæйхæсгæ йæ фыны. Мысгæ йæ не 'ркодта. Æнæуи раст уыди Саулейы ныхас: æхситт дæр

тынг кодта Хуыме ӕмӕ гӕды дӕр тынг дзырдта. Хъуыди-нӕ хъуыди, уӕддӕр-иу йе ’взаг фӕдыдагъ кодтаид йӕ дыууӕ былы астӕу, ӕмӕ-иу ахӕм къуыс-къуыс раскъӕрдтаид ӕмӕ дӕ армытъӕпӕнтӕй дӕ хъустӕ ӕхгӕнынмӕ фӕуыдаис. Нӕ хъӕуы лӕгтӕй уымӕй дарддӕр никӕмӕн хъуыст йе ’хситт, ӕмӕ-иу йӕ фос ӕддӕ кӕмӕн баззадысты, уый-иу Хуымейы кодта йемӕ фос агурӕг, кӕд, куы ныхситтытӕ кӕна, уӕд сырд не ’рбауӕндид фосмӕ. Гӕдыныхасмӕ дӕр – афтӕ: кӕм цы ’рбаймысыдаид, уый йӕхӕдӕг дӕр нӕ зыдта. Ӕмӕ-иу гӕдыныхӕстӕ кодтаид, цыма ӕцӕг ныхӕстӕ кӕны, афтӕ. Кӕд-иу ын исчи не ’ууӕндыд йӕ ныхӕстыл, уӕд-иу сомытӕ кӕнынмӕ фӕци.

– Ӕмӕ уӕд афтӕ бауынаффӕ кӕнӕм, Мистъа, – дзуры Мико, – ӕмӕ уӕлӕмӕ цӕуынвӕнд мауал скӕн ахсӕв. Ацы талынджы къуырттыгӕнгӕ ӕнцон у ардыгӕй уалӕ Дымгӕджынмӕ цӕуын! Уӕртӕ мах холлагдоны схуысдзынӕ. Уым йӕ фӕстаг къул чи у, уым дуар и, ӕмӕ дӕ сӕр куы бахъӕуа, уӕд ууылты агӕпп кӕндзынӕ. Стӕй нын кӕд Уастырджи Зыбейы раствӕндагыл бафтауид ӕмӕ дӕ иу ран ӕруадзиккой, – балхынцъ кодта йӕ ныхас Мико.

– Искӕй уӕ фыдбылызы куы нытътъыссон сымахӕй дӕр, – загъта Мистъа, ӕмӕ йӕ ныхасыл бӕрӕг уыд – йӕ зӕрдӕмӕ фӕцыди Микойы ныхас, нӕ йӕ фӕндыди уӕлӕмӕ, Дымгӕджынмӕ цӕуын.

Ӕмӕ фӕхъӕлдзӕгдӕр сты лӕгтӕ. Кӕстӕртӕй чидӕртӕ кӕрӕдзимӕ хъазӕн ныхӕстӕ дӕр баппӕрстытӕ кодтой, стӕй райхъуысти Бехтыры хъӕрӕй ныхас:

– Уӕдӕмӕ афтӕ бакӕнӕм: ӕз дзыццамӕ бахатдзынӕн ӕмӕ нын иу дурын арахъхъ ратдзӕнис, ӕмӕ дзы мӕнӕ ам бакувӕм Зыбейы фӕндагӕн. Мистъа дӕр ма кӕдӕй-уӕдӕй немӕ и ӕмӕ дзы уымӕн дӕр бадарӕм иу-дыууӕ сыкъайы.

– Хъӕбӕртӕ хорз фӕнд дӕм ӕрцыди! – цыма заргӕ бакодта, уыйау йӕ ныхас даргъ ауагъта Елыба. – Гъеныр Осианы арахъхъӕй иу сыкъа дӕ дзыхыл сдар – зӕрдӕ хурварс абадид!

– Цом-ма, уӕдӕ, Хуыме, мемӕ!

– Ӕмӕ уӕ дурынӕн дыууӕ хъусы и?

– Уым ӕй фендзынӕ, цал хъусы йын ис, уый.

Стæй хъæдты дæллаг кæрæтты æрбауадысты Бехтыр æмæ Хуыме. Ныр рахæсдзысты дурын, стæй тæбæгъы нартхоры кæрдзынтæ, цыхты сæстытæ æмæ кувдзысты. Æмæ цас фылдæр кувой, уыйас сæ ныхас хъæрдæрæй хъæрдæр кæндзæн.

– Цом, мах дæр нæ кæсæгтæ сфыцæм, – дзуры Ципкæ.

– Кæм сæ сфыцæм? – фæрсын æй æз.

– Нæ. Ды мæм уæхи раз фæлæуу, æз сæ цæхæрыл абурачъи кæндзынæн æмæ сæ уырдæм схæсдзынæн æмæ сæ уым бахæрдзыстæм. Хорз?

– Хорз.

Хуртуангæрзтæ ист нæма уыдысты æмæ бацин кодтон. Хуысгæ сæ не скодтон, афтæ сыл æрбадтæн.

Зыбе нæма 'рбацыд – уый бæрæг уыд. Чи зоны, сом дæр не 'рбацæуа, æмæ иннæбон дæр, уый иннæбон дæр. Фæлæ æрæгмæ куы цæуа Зыбе, æмæ уæдмæ Куыдзан Дзылыты чызджы куы ракура, уæд та? Уæд ма Мистъа кæй ракурдзæн?! Нæ, нæ йын бакомдзæн Куыдзанæн Дзылыты чызг. Куыд ын хъуамæ бакома? Уалæ Рагъыдзуары йæ цæстытæ цы хуызæн ныссырх сты! Мæнæ ма иу хатт æргуыбыр кодта дурмæ, уæд, æвæццæгæн, туг цыхцырджытæй ныллæууыдаид йæ цæстытæй. Æмæ йын нæ бакомдзæн. Ноджы, кæд Мистъаимæ дзырд у, уæд ма йын куыд хъуамæ бакома! Кæд ын, цыхтахсæны хицау кæй у, уый тыххæй бакома? Æмæ йын уый тыххæй дæр куыд хъуамæ бакома? Стæй куы нæуал уа цыхтахсæны хицау, уæд та дзы йæхи хъуамæ байса?! Нæ, нæ йын бакомдзæн.

Изæрмилтæ уæзæгыл æртымбылтæ сты, сæхи йыл æруагътой. Хъуццытæ æмæ йыл галтæ дæр афтæ æрхуыссынц, сæрвæтæй куы 'рцæуынц, уæд. Мæй нæма касти, хæдзæрттæй дæр кæмæн дардта рухс йæ рудзынг, кæмæн – нæ, æмæ афтæ зынд, цыма æмбæхстытæй хъазынц хæдзæрттæ.

Дзыцца мæ уæлхъус куыд æрбалæууыд, уый нæ федтон, æмæ мæм куы сдзырдта, уæд фестъæлфыдтæн.

– Цымæ, афонмæ кæй фæныкыл фу кæны уæ фыд? – йæ ныхас æдде бакæсгæйæ æнкъард зынд, фæлæ дзы цыма мидæгæй цыдæр æхсызгон улæфт дæр уыди. Уый, æвæццæгæн, Зыбейы тыххæй уыди: акæс-ма, куыд сыстын кодта районы дзаг хицæутты! Уæдæ хъæуы дæр Зыбейы кой йеддæмæ æндæр кой нал и. Æнæхъæн хъæу йæхимæ æркæсын кодта æмæ

ныр куы ницы сараза, уæд – худинаг æмæ аллайаг! – Мад йæ ныхасæй фæлæууыд, æмæ мæм афтæ фæзынд, æз дæр исты куы зæгъин, афтæ йæ фæнды, фæлæ æз цы хъуамæ загътаин! Æмæ та уæд райхъуысти йæхи ныхас: – Æвæццæгæн, Дзауы ницы рауад йæ хъуыддагæй æмæ Чъребамæ ацыди. Фæлæ та йын дзы, уæуу, уым дæр куы ницы рауайа!

– Уæд Калакмæ ацæудзæн, исты фистæгæй цæуы! Боби йæ, кæд дæ фæнды, далæ Трапизонмæ ахæсдзæн, – адзырдтон æз тагъд-тагъд, цыма Ципкæимæ дзырдтон, уый хуызæн. Уæдæ, дам, Дзауы куы ницы рауайа йæ хъуыддагæй! Æмæ дзы куыд ницы хъуамæ рауайа Дзауы! Уæд ма къамис цæмæн арæзтой! Æмæ далæ Чъребайæ куы рацыди ныхас, цæмæй къамис саразой æмæ хъуыддаг равзарой! Æмæ куы равзарой хъуыддаг, уæд не сбæрæг уыдзæни, Мистъа раст кæй у, уый?! Куыд не сбæрæг уыдзæн? Афтæ сбæрæг уыдзæн, афтæ ’мæ хуыздæр нæ хъæуы!

Уыцы райсомы хуызæн адæм никуыма уыди нæ уæзæгыл. Ноджы цыдæр тавицы лæудæй лæууыдысты, мæнæ цыма Рагъыдзуары бон уыд, æмæ цыма дзуары бынмæ агуылф кæнынмæ хъавыд хъæу. Фæлæ ма афтæ цыдæр гыццыл хъуыддагмæ уыди сæ каст. Устытæй чи сывæллонæн йæ къухыл хæцыд, кæмæн та йæ хъæбысы уыд йæ сывæллон. Уæртæ Елыбайы чындзæн та кæд нæ уыди йæ хъæбысы дыууæ сывæллоны. Дыууæ дæр лæппутæ. Иу дзы йæхи уыди, иннæ та йæ файнуст Дзæгъианы. Йæ дыууæ цонгыл ын бадтысты, сæ тымбыл сæртæ йын йæ хъулон-мулон кофтæйы тæрттыл бауагътой æмæ кæрæдзимæ цыдæртæ дыгъал-дыгъул кодтой.

Зыбе лæууыд уæзæджы сæр, йæ фарсмæ, цыма йе ’мбал уыд, уый лæуд кодта «Боби». Уæды хуызæн хъуыддаджы лæудæй лæугæ никуы федтон мæ фыды. Йæ даргъ цинел мæм ноджы даргъдæр фæкасти ацы хатт. Йæ худы ных уыцы тынгæй лæууыди размæ, цыма уæзæгыл чи æрæмбырд, уыдонæй Зыбейы ныхасыл дыууæ куыд ничи зæгъа, уымæй сæ фæдзæхста. Йæ галиу къухæй идоныл хæцыд. Йæ рахиз къухы та ехс уыд, æмæ-иу дзы рæстæгæй-рæстæгмæ йæ цинелы фæдджи æрцъыкк ласта.

Æмæ сабырæй сабырдæр кодта уæзæг. Диссаг уыд – уæд та сывæллæттæй йе худгæ куыд ничи бакодта, йе сæ кæугæ куыд ничи скодта!

– Гъа уæдæ! – загъта Зыбе хъæрæй, йæ къахыл схæцыд, йæ резин дзабыр æгъдынцойыл фенцад æмæ бæхы рагъыл абадт. Æмæ базмæлыди уæзæг уæд. Зыбе бæхыл кæд сбаддзæн, уымæ цыма касти æнæхъæн къуыппыдзаг адæм – ацумæ йæ ды базон!

– Ныр ды кæдæм цæуыс? А къанцеламæ цæуыс æви – Дзаумæ? – бафарста Елыба.

– Ныр уал цæуын Дзаумæ. Стæй, къамисы лæгтæ куы ’рымбырд уой, уæд семæ рацопп кæндзынæн æмæ заводы ’рбалæудзынæн, – дзырдта уæлбæхæй Зыбе, æмæ мæм къамандиры хуызæн фæкасти: цыма уый къамандир у, нæ хъæуы адæм та лæгæй-усæй æфсад сты æмæ сæ кæдæмдæр хæстмæ кæны. – Хъуамæ сæ цуры уон, сæ уæлхъус лæууон хъуамæ, цы ми кæнынц, уый хъуамæ иууыл уынон, иууыл, иууыл.

– Сардо нæй уыцы къамисы? – бафарста та Елыба.

– Куыд нæ дзы и Сардо, куыд нæ? Уый нæ Советы сæрдар у æмæ дзы куыд нæ хъуамæ уа!

– Гъе-гъе, уæдæ! – Загъта хъæрæй Елыба. – Сардо æмбаргæ лæг у. Уый дын куыд æркæса дæ хъуыддагмæ, афтæ дын æм, дæ хъуццыты дзæбæхдæр йе скъæты кæмæн бабæттай, уый дæр не ’ркæсдзæн. – Елыба ныхас фæци æмæ йе ’взагæй равнæлдта йæ рихийы кæронмæ.

Бехтыр касти Елыбамæ æмæ уый куыд дзырдта, афтæ йæ сæр банкъус-банкъус кодта, стæй дзырд куы фæци Елыба, уæд Зыбейырдæм бакъахдзæф кодта.

– Уый сын бамбарын кæн, уый – Мистъа нæ зарæджы хъæргæнæг кæй у, уый сын бамбарын кæн. Æмæ уæд зарæджы хъæргæнæг чи уа, уый цыхтытæ-йедтæ давынмæ куыд хъуамæ багуыбыр уа!

Сауле та хыл кодта семæ. Йæ лæдзæг Дзауырдæм ныццарæзта æмæ хъæрæй дзырдта:

– Де ’дде, зæгъ, сæ уæхæдæг ныххордтат, уæ хъуыры, зæгъ, аирвæзтысты æмæ, зæгъ, сæ искæй æфсон ма кæнут, кæннод, зæгъ, уæ сæ исчи тугæй фæкалдзæни. Уыдон афтæ æнхъæлынц...

Куыд æнхъæлынц уыдон, уый нал загъта Сауле. Æмæ уæд сылгоймæгты ’хсæнæй йæхиуыл размæ рахæцыд Матрона дæр. Йæ дыууæ тъæпæн армы кæрæдзимæ балхъывта æмæ загъта:

– Уый тæригъæд, зæгъ, уæ фæдыл куы бафта, уый сыгъдæг уды тæригъæд, уæд, зæгъ, уæ хъыртт-змæлæг нал ратæдздзæн, фæлæ, зæгъ, æй зонут.

Уæд Кучиа иу каст Матронамæ бакодта, иу каст Саулемæ æмæ йæ сæр банкъуыста фæйнæрдæм, стæй Зыбемæ бадзырдта:

– Уыцы къамис у, цы у, уый, кæд де ’вварс рахæца, уæд уый хуызæн. Кæннæуæд бавдæлæд æмæ банымайæд, цал цыхты сæ фесæфти, уый æмæ сын сæ мах бафиддзыстæм. Мах заводы цыхтыты йæстæ кæм ахсæм, фæлæ хæдзарæн дыууæ-æртæ къуымыхцыйы æрæмбырд кæндзыстæм æмæ сын сæ арвитдзыстæм. Никуы ницы ’рцыди! Уæддæр лæппуйы амæй уæлдай мауал хæтæнхуаг кæнæнт.

Стæй базмæлыд уæзæг. Зыбейы фæстæ акъул и донырдæм. Разæй – лæгтæ, Сауле, æвæццæгæн, разы уыди йæ ныхасæй – сæрæн цыд кодта. Йæ разы-иу дуры къæртт куы фæци, уæд-иу æй иуварс акъуырдта йæ лæдзæгæй. Бехтырæн йæ райст-бавæрды игæрхуыз гæлифе йæ уæлæ – йе ’рбадæнтыл дæр дардыл сау сæрак хуыд кæмæн уыди æмæ йæ уæрджытыл дæр, уый. Æрнæм-æрнæмгæнгæ цыди Саулейы фæрсты. Лæгты фæстæ та мах цыдыстæм. Мах фæстæ – устытæ. Уæд ма уыдон та кæдæм цыдысты! Фæлæ хабархъуаг æййæфта нæ хъæу æмæ-иу сын гыццыл хъуыддаджы фæдыл дæр æрсабыры хос нал уыдис. Уæвгæ, ныр гыццыл хъуыддаджы фæдыл нæ уыди йæ базмæлд.

Стæй бадтæн кауыл æмæ кастæн, Зыбе быдыры астæуты куыд фæцæйцыди, уымæ. Кастæн æмæ-иу мæм афтæ фæзынд, цыма йæ сæрыл, Хуыме цы цъупхуды кой кодта, ахæм худ уыди, Буденныйы бæхджын æфсад кæй дардта, сæ ныхтыл сырх хъуымацæй фондзтигъон стъалытæ хуыд кæмæн уыд, ахæм худ. Стæй цыма йæ фарсыл та æхсаргард уыди, даргъ æхсаргард, Буденныйы бæхджынтæ-иу куы фæцæйбырстой, уæд-иу сæ кæрддзæмтæй кæй фæцъортт ластой æмæ-иу хæрдмæ кæй ныхъхъил кодтой, ахæм æхсаргард. Æмæ мæ уæнгтæ æхсызгон хъыдзы бакодтой.

*Апрель, 2012.*

# БÆСТЫ СÆРВÆЛТАУ

*БЕКМЫРЗАТЫ Дзаххотт*

*Æвæдза, цас сфæлдыстадон фæсивæд байсæфт Ирыстонæй Фыдыбæстæйы Стыр хæсты! Цас курдиатджын лæппуты бæллицтæ бацарæфтыд кодта историйы æппæты карздæр æмæ æгъатырдæр хæст! Цас æдзард удты фæндæгтыл ныффæлдæхта дур!*

*Цы æмдзæвгæтæ мыхуыр кæнæм, уыдон редакцимæ ’рбахаста Зæнджиаты Валери. Æмдзæвгæты автор, хъобайнаг æдзард хæстон Бекмырзаты Дзаххотт уыдис йæ мад Рæдимханы æфсымæр. Дзаххотты чи зыдта, уыдоны ныхæстæм гæсгæ уыди саджы фисынтыл амад лæппу. Бинонты хъуыддаг дæр нæма бакодта, афтæмæй 1941 азы хæстмæ ацыд. Цыппар азы фæхæцыди цыфыддæр знаджы ныхмæ. Бахæццæ Польшæмæ... Фæмард хæсты кæронмæ хæстæг 1945 азы апрелы. Уыдис капитан...*

*«Æркастæн, 1994 азы уагъд чи ’рцыд, уыцы Номарæн чиныджы дыккаг томмæ, — зæгъы Валери. — Хорз ма йæ хъуыды кæнын, чиныг куыд талф-тулфæй арæзт цыдис, уый. Мæхæдæг дæр йæ араздж ыты номхыгъды уыдтæн. Фæлæ... Горæтгæрон районы хъæутæй хæсты чи фæмард, уыдон бæлвырдгæнæн къорды уæнгтæ æнæ мæн фæхæлæф кодтой æмæ хъæуты сæхиуыл байуæрстой. Æмæ талф-тулфæй канд уыдон нæ, фæлæ иннæ къордтæ дæр æруагътой бирæ рæдыдтытæ. 548-æм фарсыл кæсæм: «Бекмурзаев Александр Аслангериевич, 1922, с. Кобан, капитан, 02-1945, д. Гроссе-Тром, Восточная Пруссия».*

*Зæнджиаты Валери куыд зæгъы, афтæмæй Дзаххотт уырыссагау йæ ном фыста Александр. Фæлæ Номарæн чиныджы йæ хæдбынмæ фыст æрцыд «Бекмурзаев Дзаххотт Аслангериевич», кæд æмæ кæм райгуырд, цавæр æфсæддон цин æм уыд, кæд æмæ кæм фæмард. Бынтон æндæрхуызон бæрæггæнæнтæ! Иудзырдæй, чиныгараздж ытæн хъæуы цæрджытæ цы дзырдтой, уыдæттæ фыстой æмæ бахастой чиныгмæ, нæ сæ сбæлвырд кодтой, афтæмæй.*

*Чиныг «Хъобан»-ы Дзаххотты тыххæй фыст ис, зæгъгæ, зæрдæргъæвд лæппу литературæйы дæр йæ тыхтæ*

*фæлвæрдта. Каст фæци педагогон техникум. Йæ мад Дзæнæтхан йæ хъæбулыл цæрæнбонты сау фæдардта.*

*– Дзаххотт тохы быдырæй æрвыста æмдзæвгæтæ дæр, – зæгъы йæ хæрæфырт, – абоны онг уыдонæй ссардтам æрмæст дыууæ – «Хæрзбон» æмæ «Иунæджы зарæг».*

## ХÆРЗБОН

Кæсын фæстаг хатт æз Кавказмæ,
Мæ цæст нæ урс хæхтыл хæссын.
Лæууы æнкъардæй æрдз мæ разы,
Цыма мын бамбæрста мæ зын…
Фæстаджы цин мæ риуы хъазы,
Æфхæрд зæрдæ ысуадзы арт…
Нæ хæхтæн æз зæгъын сæ разы:
«Æнæ сымах нæ уыдзæн цард.
Нæ бафсæстæн нырма уæ уындæй,
Зæгъын уын афтæмæй хæрзбон.
Нырризы зæрдæ иу ысдзырдæй,
Цыма æппæтæн у кæрон.
Хæрзбон, хæрзбон! Цæуын уæ разæй,
Æз ме 'взонг зæрдæ уадзын ам,
О, айсут-иу хъæрзгæ ныхасæй
Мæлæты размæйы салам».
Ныттар хæххон æрдз, бамыр зарæг,
Фæстаг тын цъитирагъыл тад,
Æмæ ма мæм фæзынди тары,
Мæ фæдыл кæсгæйæ, мæ мад.

*1944 азы 16 май*

## ИУНÆДЖЫ ЗАРÆГ

Фæстаг хатт дард бæстæй æрвитын,
Мæ мад, мæ ныхæстæ дæуæн…
Мæ хъысмæт алы бон æлгъитын,
Æфхæрдæн чи сфæлдыста мæн.

Цы кодтон? Фесæфтой мæ дардмæ,
Ныр къæйыл баззадтæ, мæ мад.
Бæллынц мæ фыдгултæ мæ мардмæ,
Ыскъуыйдзæн дард бæсты мæ цард.

Мæ мад, ныххатыр кæ дæ фыртæн...
Ныттыхтай иунæгыл дæ сæр.
Ыссар-иу иу бæлас мæ цыртæн, –
Кæм зæлы суадæтты сæр-сæр.

Мæ цыртыл булæмæргъ куыд бада,
Йæ хъæлæс азæлдзæн – цъæхснаг.
Мæ кæстæр цардамонд ыссара,
Дæттын æз уый тыххæй мæ цард.

*1944 азы 18 май*

НÆКУЫСАТЫ Наирæ

# ДЖЫККАЙТЫ ШАМИЛЫ ТРАГЕДИ «ХЪОДЫГОНД ЗÆД»-Ы ФОЛЬКЛОРОН-ИСТОРИОН БЫНДУР

Джыккайты Шамил уыди нæ рæстæджы зынгæдæр æмæ курдиатджындæр фысджытæй иу. Йе сфæлдыстадон куырдадзы райгуырд арф хъуыдыджын поэзи æмæ мидисджын прозæ.

Шамил ирон драматургимæ æрбахаста уырыссаг æмæ фæсарæйнаг драмон аивады традицитæ. 1975 азы мыхуыры рацыд йæ фыццаг драмон уацмыс – трагеди «Хъодыгонд зæд».

Ирон адæмы историон тыгъдадмæ акæсгæйæ, Шамил йæ трагедийы бындурæн равзæрста астæуккаг æнустæ. Йæ сæйраг хъайтары ном дæр ист у историон æрмæгæй. Фæлæ кæд аланты историйы Борæханы (Бураканы) тыххæй цалдæр ныхасы йеддæмæ нæй, уæддæр фыссæгæн бантыст æххæст фæлгонц саразын.

14-æм æнусы кæронмæ хæстæг тæтæр-манголты хицау сси Мамай. Уый фæндыд æгас Сызгъæрин Ордайы хицауиуæг кæнын, фæлæ ныгуылæйнаг улусты йæ бон басæттын нæ уыд. 1380 азы уырысы æфсад Мамайы ныхмæ схæцыдысты. Уыцы хæст цыди Куликовы быдыры, цæугæдæттæ Дон æмæ Непрядвæйы астæу, фæуæлахиз сты уырыс. Хан Мамай алыгъд Хъырыммæ, фæлæ йæ уым тагъд рæстæджы йæ ныхмæлæууæг Тохтæмыс амарын кодта. Куликовы хæсты фæстæ иннæ адæмтæм дæр, уыдонимæ Цæгат Кавказы алантæм, фæзынди ныфс манголты ныхмæ хæцынæн»[1].

Трагеди «Хъодыгонд зæд»-ы ацы цаутæ æвдыст æрцыдысты сæйраг хъайтар Борæханы æмæ йæ ныхмæлæууæг Атохы диалоджы:

1 История СОАССР. С древнейших времен до наших дней. Т. 1. Орджоникидзе, Ир, 1987. 136–137 ф.

*Сæ уæнгтæ дардыл айвæзтой... Æниу*
*Мамайы хабар хорз зонут уæхæдæг:*
*Фæци бæрзæйсаст уырысæй.*

Хъайтаримæ нæ разы кæны йæ ныхмæлæууæг Атох:

*Уырысæн ма тæрс – нал ыстæлфдзæн уый.*
*Йæ уæнгтæ – баст, йæ нуæрттæ лыг ысты...*
*Мамайы бæрзæй асаста нæ хан,*
*Уый Тохтæмыс уыд, ханты хан, нæ дарæг!*

Алантæ се 'ппæт мангойлаг ханы ныхмæ нæ уыдысты. Хан Тохтæмыс кæмæн знаг уыди, кæмæн – йæ дарæг. Фæлæ тыхгæнджыты 'хсæн дæр иудзинад нæ уыд. 14-æм æнусы кæрон эмир Тимуры 'фсæдтæ бацахстой Астæуккаг Ази, уырдыгæй Персыуылты бабырстой Фæскавказмæ, ныддæрæн кодтой Адзербайджан, Сомихстон æмæ Гуырдзыстон... Эмир Тимуры æххуысæй хан Тохтæмысæн йæ бон сси Сызгъæрин Ордайы хæйттæ баиу кæнын, фæлæ фæстагмæ кæрæдзимæ сфыдæх сты[1]. Уыцы уавæр трагеди «Хъодыгонд зæд»-ы æвдыст æрцыд ахæм хуызы:

*Ыскæсæны кæрæф паддзах Тимур*
*Бырсы фæйнæрдæм. Дард фæндтæ нывæнды,*
*Уæ ханимæ дæр нал цæуы сæ дзырд,*
*Дыууæйæ сын ыскъуындæг ис нæ дуне, –*
*Куы фæуой иу бон фырытæ хылмæ,*
*Уæд далыстæн уыдзæн хæдбарæй хизæн.*

Иудзинад – адæмы стырдæр хотых. Тæтæры хантæм иудзинад куы нал уыд, уæд, кæй басастой, уыцы адæмтæн сæ ныхмæ тох кæнын фенцондæр. Тимур æмæ Тохтæмысы 'фсæдтæ схæцыдысты 1395 азы. Фæуæлахиз эмир Тимур[2]. Алани уыцы рæстæг Сызгъæрин Ордайы дæлбар кæй уыд, уымæ гæсгæ нæ фыдæлтæ дæр хæцыдысты Тимуры ныхмæ.

Хæсты нывтæ Шамил нывæнды адæмон сфæлдыстады бындурыл. «Тимуры æрбабырстыты тыххæй дзургæ адæмон

---

[1] История СОАССР, 137 ф.
[2] Уый дæр уым, 197 ф.

уацмыстæ фæзындисты 15-æм æнусы, дыгурон æвзагыл, уыдонимæ – зарæг «Задалески Нана» дæр[1]. Зарæг «Задалески Нана» ныффыста Тугъанты Махарбег (1948 азы), кадæггæнæг Саулаты Дзæрæх ын цы кадæг ракодта, уымæ гæсгæ. Трагедийы æппæрццæг хъайтар Елберды монолог Шамил сарæзта «Задалески Нана»-йы бындурыл. Зарæджы иу хай ам дæнцæгæн æрхæсдзынæн:

*Тогуарæ æркодта, тогуарæ æркодта*
*Тъæпæн Дигорæбæл, Тъæпæн Дигорæбæл.*
*Ахъсахъ Тимури æфсæнцъух борæтæй*
*Сæ цъæх будуртæ куы батар æнцæ,*
*Æфсæнбид кауæй æнгомдæр, федардæр.*
*Сæ фалæбулæй æртеголæ 'нцæ.*
*Тъæпæн Дигорæн сæ финдзцæуæг адæм,*
*Сæ хъал фæсевæд – лæгæй лæг хуаздæр*
*Се знаги къохæй тог лæсæн кæнунцæ,*
*Кунæг кæнунцæ, мæрдтæм евгъуйунцæ.*
*Фæстаг лæги онг бæргæ тохунцæ,*
*Фал бунцагъд фæцæнцæ Тъæпæн Дигорæ!*
*Уæд сугъдæ куы схуæцуй, цъæх арт куы сгъазуй*
*Тъæпæн Дигорæн се 'вулд гъæутæбæл.*

Тугъанты Махарбег фыста: «Ацы таурæгъы фыццагдæр æвдыст цæуы, ирон адæм канд хæхты кæй нæ цардысты, фæлæ ма кæй ахстой быдыры дæр стыр зæххытæ, æмæ æппæты фыццаг быдыры цæрæг адæмыл æрцыдысты Тимуры æфсады цæфтæ. Дыккаджыдæр та уый, æмæ быдырæй хæхтæм чи лыгъд, уыцы адæмтæ сæ бынæтты нæмттæ хæхтæм кæй хастой æмæ уыцы нæмттæ хæхбæсты бынæттыл кæй æвæрдтой, уый. Афтæ зæгъæм, ном Стыр Дыгур у уыцы бæстæйы рагондæр ном, Доныфарс æмæ Тъæпæн Дыгуры нæмттæ та равзæрдысты бирæ фæстæдæр, ирон адæмы фыдæлты – аланты Донæй æмæ йæ алфамблай быдыртæй куы сырдтой, уыцы рæстæджы. Ацы таурæгъ ма зынаргъ у уымæй, æмæ дзы бæлвырдæй æвдыст кæй цæуы, Ирыстонмæ

[1] История СОАССР, 149 ф.

Тимур куы ‘рбабырста æмæ, йæ разы йæ зонгуытыл чи не ’рлæуууыд, уыдоны куыд бафхæрдта, уыцы историон хабар»[1].

Тимуры æрбабырстыты тыххæй нæм цы таурæгътæ ’рхæццæ ис, уыдонæй историмæ æппæты хæстæгдæр у зарæг «Задалески Нана». Йæ мидисмæ гæсгæ ацы зарæг хауы историон зарджыты къордмæ. Джыккайты Шамил фыста: «...Манголты кой нæ баззад нæдæр эпосы (хицæн нæмттæй уæлдай), нæдæр таурæгъты. Уый диссаг у. Цæмæн афтæ рауад, уымæн дзуапп раттын нæ бон нæу. Æрхæццæ нæм цалдæр таурæгъы Тимуры тыххæй, иууылдæр дыгуронау. Уыдоны дæр нæ зыны стыр адæмон трагеди, — нæ фыдæлты тугуарæн дуг нывджын æвдыст у æрмæст историон зарæг «Задалески Нана»-йы. Рыстыл дзурын уæлдай рыст у, æмæ дзы æвæццæгæн адæм сæхи хъахъхъæдтой»[2].

Историон таурæгъты æцæгдзинадыл æууæндæн кæй ис, ууыл фыссæг гуырысхо нæ кодта. Мæхи фиппаинагмæ гæсгæ, «йæ трагеди ныффыссынмæ йын æххуысгæнæг фесты, Тимуры тыххæй цы цалдæр таурæгъы ис, уыдон»[3].

Цæгат Кавказы хæст суанг 1396 азмæ нæ банцад, фæлæ Аланийы уавæр сабыр уыд. Æрмæст 1400 азы, Дайраны фæндаг йæ бон бацахсын куы нæ баци, уæд эмир Тимур аланты зæхмæ ногæй йе ’фсæдтæ барвыста. Уыдон Дербентыуылты ацыдысты лекъты зæххыл æмæ бахызтысты Аланимæ, æнæхъæн бæстæ сафтид кодтой æмæ раздæхтысты сæ хицаумæ»[4]. Ацы историон цау фыссæг æвдисы йæ уацмысы кæрон. Манголты ’фсад трагедийы карз æфхæрд æййафынц. Афтæ æцæгæй, чи зоны, нæ уыди, фæлæ се ’фсадæй бирæ кæй фæхъуыд, уымæн æвдисæн — истори: «...Войска его понесли большой урон от летучих отрядов горцев»[5].

Ирон драматургийы ис национ хъайтарты хъæздыг æмæ вазыгджын фæлгонцтæ: Хазби, Чермен, Ос-Бæгъатыр, Гоцъи...Фæлæ уыдонæн раздæр историон таурæгъты æмæ адæмон зарджыты сæ кой цыди. Джыккайты Шамил иуварс

[1] Тугъанты М. Ирон фольклорон æрмæг Тимуры тыххæй. Мах дуг, 1974, № 2.

[2] Джыккайты Ш. Ныхасы фарн. Зонадон уацтæ æмæ эссе. Дзæуджыхъæу: Ир, 1996. 35 ф.

[3] Дзыныхты А. Æнусты хъыг бæрзонд удтыл æнцайы. Владикавказ, 1999, 89 ф.

[4] История СОАССР, 138 –139 ф.

[5] Уый дæр уым, 86 ф.

ахызт уыцы аивадон традицийæ. Борæханы кой героикон зарджыты æмæ историон таурæгъты нæй, политикон æмæ идеологон стратегæй йæ равдыста фыссæг йæхæдæг. Историйы ис хæххон асты фæтæг Бураканы кой: «В верховьях Кубани Тимуром были разгромлены владения асских правителей Буриберди, Буракана, Кулу и Тауса, локализуемые в современных Карачае и Балкарии»[1].

Борæхан (Буракан) барвæндонæй манголтæн лæггад кæныныл куы сразы уыдаид, уæд эмир Тимуры ныхмæ тох нæ кодтаид. Ацы логикон хатдзæг фыссæгæн фаг уыд, цæмæй йæ трагедийы сæйраг хъайтарæн равзара.

Историон хъайтартæ Буракан æмæ Буриберди трагеди «Хъодыгонд зæд»-ы æмбæлынц куыд Берди æмæ Борæхан (Борæ). Уыдонæй уæлдай, уацмысы æмбæлынц æндæр историон нæмттæ дæр: Мамай, Тохтæмыс.

Уацмысы кæрон адæм систой сæ национ тырыса, йæ фæлгонц абоны национ гербмæ тынг хæстæг у:

*Сызгъæрин хур — нæ фарн у уый...*
*Фæранк — нæ ныфс æмæ нæ тых.*

Куыд зонæм, афтæмæй, абон ирон адæмы национ тырысайы ис æртæ хуызы: сырх, урс æмæ бур. Мовсес Харенаци йæ куыст «Арменийы истори»-йы кæны алайнаг драконхуыз тырысаты кой: «Вьющиеся на знаменах драконы с ужасно разинутою пастью, вздымаемые дыханием ветра». Ахæм тырысаты хуыз ирæттæм нæ баззад, фæлæ сæ сыхæгтæм, свантæм, ис уымæ хæстæг тырыса ЛЕМИ. Змæлгæйæ уæлдæфæй байдзаг вæййы æмæ райсы зооморфон формæ. Ацы тырысайæн дæр уыди æртæ хуызы: сырх, урс, бур. Уый фæдыл Дзаттиаты Руслан фыста: «Можно сказать, что красный, белый и желтый (золотой) были священными для осетин. Эти три цвета осетинской народной символики отразили или символизировали различные аспекты или ипостаси Фарна — благость, доблесть и изобилие, и вполне заслуженно или правомерно олицетворяют осетинский флаг»[2].

[1] История СОАССР, 138 ф.
[2] Дзаттиаты Р. Национальный флаг: Благость, мужество, фарн. Кавказ, 1992, 22 ф.

Абон ирон адæммæ ис национ тырыса, сæхи национ герб, æмæ зындгонд сты æппæт нациты ’хсæн.

Трагеди «Хъодыгонд зæд»-ы ирдæй зынынц нæ истори, нæ фыдæлты цард, сæ талынг зианхæссæг æгъдæуттæ æмæ сæ намысджын тох. Уацмыс æмткæй райсгæйæ схонæн ис сидт национ иудзинадмæ. Æмæ кæд драмон уацмыстæ «удæгас» æрмæст сценæйы вæййынц, уæддæр трагедийæн ис арф аивадон-эстетикон ахадындзинад. Фыссæджы æрмдзæфæй трагедийы, налхъуыт-налмасау, сæрттывта ирон дзырды фарн, йæ алы рæнхъы дæр æнхъæвзы уарзондзинад райгуырæн бæстæмæ, фыссæг сыгъдæгзæрдæйæ тырны йæ адæмы сæрибармæ. Абон нал хъуысы йæхи ныфсджын хъæлæс, фæлæ йæ хъуыдытæ, йæ царды рæсугъддæр идеалтæ, фидиуæджы хъæлæсау, зæлынц йæ уацмысты.

# «МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ



*Нæ равдысты —*
***Евгени Шугаевы** куыстытæ.*

*Евгени райгуырди Дзæуджыхъæуы. Каст фæци Тауаситы Cослæнбеджы номыл нывгæнджыты скъола æмæ Дагестаны нывгæнджыты училищæ.*

*Йæхи сæрмагонд равдыстытæ йын уыди Дзæуджыхъæуы, Одессæйы, Махачкалайы, Стъараполы æмæ æндæр горæтты. Уæрæсейы нывгæнджыты цæдис ын цалдæр хатты саккаг кодта дипломтæ. Йæ нывтæй йын бирæтæ балхæдтой Уæрæсейы нывгæнджыты фонд, Культурæйы министрад, Цæгат Ирыстоны-Аланийы культурæйы министрад. Уыдон æфснайд сты Тугъанты Махарбеджы номыл музейы.*



*Уалдзæджы улæфт.*



*Ноябрь.*

*Уалдзæг.*






*Кæрт.*



*Æнæнцой дæттæ.*



*Æрбабон.*



*Æнусон хæхтæ.*



*Хæххон симфони.*



*Сæумæрайсом хохрæбынты.*



*Хуры оргáн.*



*Дидинджытæ – царды фидауц.*



*Уырыссаг зымæг.*



*Зæронд сых.*



*Зымæгон мотив.*



*Хъаспы денджыз.*



*Кæмæйдæр ферох йæ зонтыкк.*



*Хуыцæутты бæстæ.*



*Айнæг.*

# УИДÆГТÆ

*РУБАЙТЫ Барис*

## ИРОНДЗИНАД

Фæстаг заман ацы дзырд арæхæй-арæхдæр дзурын райдыдтам, хицæн адæймæгтæй, стæй æппæт ирон адæмæй раппæлын нæ зæрды куы æрæфты, уæд. Цымæ цы амоны ацы дзырд, цы ахадæн ын ис? Хицæй æппæлынæн кæй равзæрд, уый гуырысхойаг нæу, фæлæ йын цавæр бындур ис, цы нæм ис раппæлинагæй нæ алыварс цы адæмтæ цæры, уыдонæй хъауджыдæр. Абарæм ма нæхи семæ.

Нæ сыхаг адæмтæм зианы æгъдæуттæ сты бæлвырддæр, бирæ цыдæртæ дзы ис бафæзминаг. Уым зианмæ æрбацæуæг адæм æнкъардæй, æдзæмæй фæлæууынц зианджыны цур æмæ йæ кæрты раз, нæ дзы фехъусдзынæ хъæрæй, уæлдайдæр та хъæлдзæг ныхас. Сæ дарæсæй дæр дардмæ бæрæг вæййы, тæфæрфæсгæнджытæ кæй сты, уый. Нæлгоймæгтæй æнæ худ, ронбæгъд æмæ бæрæгбоны дзаумæтты ничи вæййы. Æрæджы Ирыстонæй Кæсæг-Балхъармæ иу цыбыр рæстæджы ацыди дыууæ мæрддзыгойы. Бынæттон цæрджытæ зианджыны кæртмæ бацæуын нæ бауагътой, худ кæуыл нæ уыд, ронбæгъд æмæ бæрæгбоны дарæсы чи уыд, уыцы нæлгоймæгты, æмæ уынджы æгады бынаты лæугæйæ баззадысты. Æмæ ахæм уавæры кæй бахаудысты, хъуыддаг ууыл нæ хицæн кæны. Уыцы цауæй ма хъуысы æдзæм уайдзæф: нæ зианæй нын хынджылæг ма кæнут, зæгъгæ. Махмæ та дæс нæлгоймагæй иуыл кæд худ уа, уæд хорз, уæлæдарæс та, цыма куывдмæ кæнæ чындзæхсæвмæ фæцæуæм, уый хуызæн. Уæддæр ма Хуыцау хорз ракæнæд нæ сылгоймæгтæн – уыдон зианмæ цæугæйæ ныккæнынц кæлмæрзæнтæ[1].

---

[1] Нæ дзæбæх хистæр, нæ журналы иузæрдион автор Рубайты Барисимæ сразы уæвын зын у. Нæ сылгоймæгтæй дæр (уæлдайдæр Дзæуджыхъæуы цæрджытæй) сæрбæттæнтæ æмæ кæлмæрзæнтæ бирæтæ нал дарынц. Суанг ацæргæ устытæй дæр ахæмтæ вæййы, æмæ сæ къуда дзыккутæ æнахъинон ахуырстытæ (сау, бур, сырх, цъæх, мæнæргъыхуыз), афтæмæй бæгъæмсарæй æрлæууынц мæрддзыгойы астæу. Сæ цæсгæмттæ дæр уæдæ цалдæр фæлтæры ахорæнтæй – биноныг сæрст.

Нæ сыхæгтæ сæ зианы карз нозт æмæ æвзаргæ хæринæгтæй нæ буц кæнынц, махмæ та нæ зианы фынгтæ, æхцаджынты фæзмгæйæ, чындзæхсæвы фынгтæй цауддæр нæ вæййынц алыхуызон нозт æмæ хæринæгтæй. Уымæй хур ракаст нæ хистхортыл: сæ сабæттаг сомтæ афыссын кæнынц æмæ фынгтæм атындзынц, хуыздæр бынат бацахсыны тыххæй, бирæтæ дзы æвзаргæ хæйттæ æрцагурынц. Ахæмтæ иу зианмæ дæр æнæ цæугæ нæ фæвæййынц, цæугæ та акæнынц сæ гуыбынтæ байдзаг кæнынмæ. Мæнмæ гæсгæ, уыцы уавæр стыр тæригъæд у Хуыцауы раз æмæ зианы раз дæр.

Хуыздæр не сты нæ цины æгъдæуттæ дæр. Раздæр чындзæхсæв æмæ куывд уыдысты ирон æгъдæутты, æфсармы, хистæртæ æмæ кæстæртæн кæрæдзийы æмбарыны скъола. Ныр уыцы скъола нервытæ халæн музыкæ æмæ гуымсæнты бын фæци. Уый дæр нын не ‘хцаджынты лæвар у, уыдоны фæзмæм. Нæ диссаджы ирон фæндыр баивтам, йæ хъæр хъæуы иу кæронæй иннæмæ кæмæн фæхъуысы, уыцы Оркестырæй. Уый хъæрæй хистæрты ныхæстæ нæ, фæлæ фæрсæй-фæрсмæ бадæг дыууæ адæймаджы дæр сæ кæрæдзийы ныхас нал фæхъусынц. Фынджы хистæры минæвæрттæ æрвитын бахъæуы Оркестыры хицаумæ, уæ цагъд иу уысм бауромут æмæ гаджидау фæкæнæм, зæгъгæ. Уынут, ам Оркестыр у хицау алкæмæн дæр æмæ алцæмæн дæр, стыр дамгъæтæй дæр уый тыххæй фыст цæуы, йæ бонæй уа.

Фæсивæдæн сæ зæрдæ фынгмæ куы нал фехсайы, уæд ирон хъазт саразыны бæсты райдайынц алыхуызон кæфтытæ кæнын. Уый иуырдыгæй хорз у, æгайтма сын аивады истытæ æнтысы. Фæлæ адæймаг сæмбæлы нæ республикæйы цæрæг иннæ адæмты чындзæхсæвты, æмæ уыдон кæнынц сæхи цæгъдтытæ æмæ кæфтытæ. Зæгъæм, æз никуы федтон гуырдзиаг чындзæхсæвы гуырдзиаг чызг æмæ лæппуйы ирон кафт кæнгæ. Цыма та ам дæр нæхицæн кад кæнын нæ зонæм.

Нæ цуры цы адæмтæ цæры, уыдонмæ карджын адæймаг трамвай, автобус, кæнæ адæм бирæ кæм уа, ахæм бынатмæ

---

Ацы ран бар-æнæбары мæ зæрдыл æрлæууыд иу хабар. Сталин тынг ахуырст æмæ хæрздæфгæнæнтæй хъацæнгонд сылгоймæгты нæ уарзта. Уæвгæ уый рæстæджы сылгоймæгтæ нырыонты хуызæн æмхиц нæ уыдысты макияжтæ-йедтæм.

О, æмæ æмбал Сталины рæстæджы иу артисткæ косметикон фæрæзтæй æгæр пайда кодта. Фæтæджы куы бафарстой, уыцы хъуыддаг дæм куыд кæсы, зæгъгæ, уæд уый былысчъил худт бакодта æмæ цыбыр дзуапп радта:

— Æз нывгæнынады хъуыддæгты мæхи дæсны нæ хонын. *(Редактор).*

куы бахиза, уæд ын йæхицæй кæстæртæ цалдæрæй сыстынц æмæ йын алчидæр фæхъары йæ бынат. Махмæ дын кæд исчи зонгæ разына æмæ дын уый сыста, æндæр иннæтæ сæхи нæуынæг скæнынц. Афтæ кæй, у уый тыххæй æрхæсдзынæн иу дæнцæг. Газет «Рæстдзинад» чи кæсы, уыдонæй иу дæр нæ разындзæн Дойаты Сергейы чи нæ зоны. Рагæй æмгуыст кæны газеты редакциимæ. Ацы хатт дæр та уырдæм цæугæйæ трамваймæ бахызти. Вагоны бирæ адæм уыд æмæ цæмæй бахизæны макæй хъыгдара, уый тыххæй астæумæ йæхи байста. Афтæмæй, цыппар ирон чызджы иу ран кæм бадтысты, ахæм бынаты лæуд фæци. Цасдæр рæстæджы фæстæ, хæстæгдæр æм чи бадт, уыцы чызг тызмæгхуызæй æнæбары стад скодта. Иннæтæ дæр уымæ гæсгæ сыстадысты, сæхи се 'мбалырдæм байстой æмæ йын уайдзæф кæнынц: афтæ куы баныхас кодтам, никæмæн сыстдзыстæм, уæд ды цæмæн фæгæпп ластай, зæгъгæ. Уый сын афтæ: «Уæдæ ма цы кодтаин, мæ разы куы ст... и, уæд?»

Афтæ фæдзурæм, хъæууон фæсивæд æгъдауджындæр сты, зæгъгæ, фæлæ уымæй нæхи сайæм. Уый бæрæг у, цы чызджыты кой цæуы, уымæй. Хъæуы цæргæйæ адæм кæрæдзимæ æнгомдæр сты. Хæдзарæй-хæдзармæ, сыхæй-сыхмæ сын æнцондæр базонæн у алкæй хорздзинад дæр æмæ аипп дæр. Койаг фæуын никæй фæнды, æмæ алчидæр архайы, цы у, уымæй йæхи хуыздæрæй равдисыныл, бинонты, сыхбæсты æмæ хъæубæсты 'хсæн дæр. Уымæн æрæгмæ рабæрæг вæййынц бынæттон фыдгæнджытæ æмæ æгъдаухалджыты æцæг цæсгæмттæ. Горæты та дæ ничи зоны, æмæ дæ зæрды цы æнæхъола фæндтæ ис, уыдон кæн. Æмæ-ма бакæсут, Дзæуджыхъæуы фæлладуадзæн бынæтты хъæууон фæсивæд сæхи куыд æнæджелбетт хуызы æвдисынц, уымæ. Республикæйы сæйраг газеттæ мыхуыр кæнынц рубрикæ «Фыдракæндтæ», уымæй зыны адæм алы хъæутæй горæтмæ давынмæ куыд цæуынц, уыимæ сылгоймæгтæ дæр. Худинагæй ничиуал тæрсы.

Карз уайдзæфы аккаг сты, бон-изæрмæ радиойы раз чи фæбады йæ радмæ æнхъæлмæкæсгæйæ, цæмæй, дард хæстæг ын чи æййафы, æмæ дзурынхъом дæр чи нæма у, уыцы сабийæн арфæ ракæна, йæ номыл ын радиойæ исты зарæг райхъуысын кæна, уыцы хъæуккаг ирон сылгоймæгтæ. Цæмæй радиойæ сæ хъæлæс райхъуыса, стæй арфæтæ

æмæ кувынмæ куыд арæхсынц, уый адæм фехъусой, ууыл вæййы сæ катай. Кувын та афтæ сахуыр кодтой, æмæ дзы алчидæр дзуарылæгæн бæззы. Ахæмтæн сæ цæхæрадæттæ та мæнтæгыстон вæййынц æгуыстæй. Мæнмæ гæсгæ, уымæй радиойы кусджытæ дæр раст не сты. Ацы аз иу зарæг иу боны дæргъы авд хатты райхъуыисын кодтой, ахæм курдиæттæ æххæст кæнгæйæ.

Радиойы кой ракодтон, æмæ ма уый фæдыл иу фиппаинаг. Арæх радиойæ райхъуысы авайраг, гуырдзиаг, сомихаг æмæ иннæ нациты музыкæ, фæлæ дзы уыцы адæмты дзырдты бæсты райхъуысы ирон ныхæстæ. Суанг ма уырыссаг æвзагыл фыст зæронд рекламæйы мелодийыл ирон зарæг дæр сарæзтам. Уыцы хъуыддаджы тынгдæр æнтысы нæ хуссайраг æфсымæртæн. Уый хуыйны давд. Давын та у худинаг.

Нæ мадæлон æвзагыл кæй не ‘рвæссæм, уымæй дæр фыццаг бынат ахсæм Уæрæсейы адæмты ‘хсæн. Нæ сыхæгтæ уымæн фæзæгъынц былысчъилæй, ирон адæм сæ бинонты астæу дæр кæрæдзимæ уырыссагау дзурынц, зæгъгæ. Уырыссагау зонын хъæуы, æцæг ма литературон æвзагыл куы дзуриккам уæд, фæлæ уый дæр хæмпæлгæрдæгæй байдзаг кодтам. Цгъойты Хазби дзæгъæлы нæ зæгъы, республикæ «уæрæседзаутæй» бæз-бæз кæны, зæгъгæ.

Цавæр ирондзинад ис, ирон ном хæсгæйæ иронау дзурын чи нæ зоны, ирон газеттæ æмæ журналтæ йæ цæстæй дæр чи нæ федта, уымæ, кæд иннæ хъуыддæгтæй уæлæрвты тæхы уæддæр? Куыд ис ахæмæй зæгъæн, æцæг ирон адæймаг у, зæгъгæ?..

Хуыцаумæ бирæ хæрзтæ ис. Æмæ нын ахæм хъару куы раттид, цæмæй иудадзыг цы бакæнинаг хъуыддæгтыл дзурæм, уыдон сæххæст кæнæм. Алы ирон хæдзар дæр газет «Рæстдзинад», журналтæ: «Мах дуг», «Ирæф», «Ногдзау», «Дарьял» куы рафыссид, куы балхæнид, ацы аз цы хорз чиныг рацыд, «Ирыстоны поэзи», зæгъгæ, уый, уæд, чи зоны, раппæлинаг уаиккам.

Йæхицæй чи феппæлы, уый кадджын нæ вæййы адæмы цæсты. Æмæ мах нæхицæй æппæлыны охыл цы «ирондзинад» æрхъуыды кодтам, уый дзæгъæл сыбыртт у, дзурын æй нæ хъæуы, бындур ын нæй. Фыдæлтæ дзæгъæлы нæ дзырдтой, «хиппæлой хи худинаггæнæг у», зæгъгæ.

# ВРАГИ НАРОДА ПЕРЕД СУДОМ

## Процесс группы вредителей в системе наркомзема

*Речь общественного обвинителя тов. Кулова*

Товарищи судьи! В течение восьми дней уже проходит процесс над бандой вредителей-диверсантов, орудовавших в животноводстве и ветеринарии Северной Осетии. Ужасна и чудовищна цепь преступлений этих людей, сидящих на скамье подсудимых. Ужасна и чудовищна цепь этих преступлений, направленных своим острием против нашей цветущей родины, против счастливого советского народа. Чудовищны эти преступления, чудовищна вина этой оголтелой банды вредителей, которая не только разваливала колхозное животноводство. Острие своего оружия она направляла против человеческой жизни, против жизни советского народа.

Эти заклятые враги народа, применяя вредительство как метод борьбы против социализма, коммунизма, против социалистического государства рабочих и крестьян – пытались реставрировать капитализм.

Потерявшие всякий стыд и совесть, не имеющие никакой опоры в массах, обреченные на полную изоляцию, покрытые позором и всенародным презрением, эти бандиты не брезговали никакими методами и способами борьбы.

Эти подлые людишки по ранее выработанному плану распространяли заразные болезни среди животных и среди людей. Велики их преступления перед советским народом.

Я, как представитель общественного обвинения, должен сказать, что великое возмущение охватило народные массы Северной Осетии, как только они узнали о подлых преступлениях бандитов, потерявших человеческий облик. Все сильнее нарастает волна великого гнева народного. По всей республике нашей прокатилась волна гнева народного. Десятки и сотни тысяч трудящихся ждут сурового приговора банде вредителей. Великий голос народа звучит сейчас раскатами гнева против подлых преступников.

Великий гений революции товарищ Ленин указывал, что «ни одно глубокое и могучее народное движение в истории не обходилось без грязной пены». Без того, чтобы буржуазия и мелкобуржуазная стихия не боролись против советской власти, действуя методами восстания, заговоров, клеветы, используя всевозможные грязные методы борьбы.

Враги народа, троцкистско-бухаринские и буржуазно-националистические бандиты, эти разбойники с большой дороги пакостят и вредят советскому государству как только могут, не брезгуя никакими средствами.

Товарищи судьи! Настоящий процесс вскрыл до конца и еще раз доказал, как велика и безмерна змеиная злоба и ненависть наших врагов к великому делу социализма, коммунизма. Вместе с тем, настоящий процесс показал, как ничтожны эти враги, презренная кучка вредителей, которая пыталась своими подлыми и гнусными делами остановить победоносное движение великого народа по пути коммунизма. Эти взбесившиеся собаки хотели реставрировать капитализм в нашей цветущей республике.

Но тщетны эти жалкие попытки. Цветет и радостно растет наша великая страна Советов. Цветет и растет наша Северо-Осетинская Автономная Социалистическая Республика. Под солнцем Сталинской Конституции народы великого Советского Союза неуклонно двигаются вперед к коммунизму.

Диктатура рабочего класса, под руководством партии Ленина-Сталина, открыла перед крестьянством социалистический путь развития. Коллективизация приобщила к социализму многомиллионное крестьянство. Советское крестьянство раз и навсегда связало свою судьбу с коммунизмом. Идея коммунизма стала выдающейся материальной силой, она стала непобедимой силой, когда она претворилась в жизнь в нашей стране.

В своем историческом решении о развитии животноводства Пленум ЦК ВКП(б) указал, что «победа колхозного строя в деревне обеспечивает успешное разрешение зерновой проблемы, создала благоприятные условия для ускорения развития животноводства в совхозах, колхозах и личном хозяйстве колхозников».

Пленум ЦК ВКП(б) считает неудовлетворительной работу земельных и колхозных органов, партийных и советских ор-

ганизаций в деле развития животноводства и требует от них большевистской работы за подъем животноводства». Руководствуясь указаниями товарища Сталина о том, что: «Дело животноводства должны взять в свои руки вся партия, все наши работники, партийные и беспартийные, имея ввиду, что проблема животноводства является теперь такой же первоочередной проблемой, какой была вчера уже разрешенная с успехом проблема зерновая».

Пленум особо подчеркнул решающую роль колхозных товарных ферм в деле развития животноводства; «Всякой попытке подорвать колхозную товарную ферму и разбазарить колхозное стадо необходимо дать решительный отпор, как антиколхозным вылазкам классового врага».

Проходящий процесс констатирует, что к делу животноводства в Северной Осетии пробрались враги народа, буржуазные националисты и другое отребье контрреволюции. Эта кучка бандитов поставила перед собой задачу сорвать развитие животноводства в республике, погубить в колхозах поголовье скота. На фронте животноводства, как уже достаточно ясно доказано здесь, на процессе, орудовала и действовала вредительская контрреволюционная группа. Об этом суд имеет огромный материал, показания свидетелей и так называемые чистосердечные признания подсудимых.

Кто они, эти бандиты, сидящие на скамье подсудимых? Вот первый заправила этой шайки вредителей – Дзиов. Он верой и правдой служит кровавому царю, и недаром царские полковники выносят ему благодарность, награждают за усердие и образцовую службу. Дзиов глубоко затаил враждебность и ненависть к советской власти, к трудящимся. Тихой сапой он, пряча свое гнусное лицо, пробирается в Наркомзем и вредит где только может.

Другой такой же матерый вредитель – Аликов. Этот бывший министр земледелия белогвардейского правительства полковника Хабаева, палача осетинского народа, как и Дзиов, затаив свою злобу, вел в Наркомземе гнусную, вредительскую работу.

Вокруг себя банда вредителей группировала, привлекала для диверсионной работы людей, враждебно настроенных к советской власти, таких как старый буржуазный специалист

Кулаев, участник контрреволюционной повстанческой банды Боциев, морально разложившийся ветврач Маевский, сын священника, кулак Ислам Батагов, Абаев, Дзугаев, Тинаев и другие подручные Дзиова.

Своей задачей вредительская контрреволюционная группа ставила саботаж всех мероприятий по линии животноводства и ветеринарии. Распространение заразных заболеваний, вредительское строительство животноводческих ферм, организация вредительского ухода за скотом, срыв метизации, развал животноводческих колхозных ферм.

Чтобы заразить сапом все поголовье лошадей, Дзиов дает указание организовать сапные пункты в населенных местах Ахсарисар, Ардон, Брут, Эльхотово, через которые проходят все главнейшие проезжие дороги. Чтобы создать условия для развала колхозных ферм, Дзиов и Абаев планировали строительство их в болотистых, нездоровых местах, на мочежинах селений Гизель, Майрамадаг, Дзуарикау.

Дзиов вместе со своими подручными Бесллером и Германовым отправили из колхоза «Красный Кавказ» 126 здоровых лошадей на сапный пункт, как больных. И в то же время с сапного пункта 30 больных лошадей перебрасывают в колхоз как здоровых.

Враги народа хотели заразить все население республики бруцеллезом, и с этой целью Дзиов, Абаев и другие больной бруцеллезом скот из колхоза №8 передали в Ардонский колхоз, где заразили бруцеллезом население. Вместо развития, вместо роста поголовье скота по республике снижалось, колхозные фермы разваливались и вредители их ликвидировали как «нерентабельные».

Люди, сидящие на скамье подсудимых, не только вредители, но и воры, и жулики. Эти люди покушались на социалистическую собственность, основу советского общества — следовательно, они враги народа. В Сталинской Конституции записано, что социалистическая собственность священна и неприкосновенна, а эти гнусные людишки вредили, расхищали и губили социалистическое имущество.

Здесь этих врагов, сидящих на скамье подсудимых, обвиняю не я один, вместе со мной их обвиняет и требует суровой кары весь советский народ, вся советская общественность.

От имени общественности нашей республики требую применить к обвиняемым Дзиову, Аликову, Маевскому, Абаеву, Боциеву, Германову, Бесллеру и другим высшую меру социальной защиты — расстрела. Враг, посягнувший на социалистическую собственность, мешающий нашему победоносному движению вперед к коммунизму, должен быть уничтожен.

**«Социалистическая Осетия», 14 февраля 1938 г., № 36**

**КУЛОВ Кубади Дмитриевич, 2-й секретарь Северо-Осетинского обкома ВКП(б).**

15 февраля 1938 года Верховным Судом СОАССР приговорены к расстрелу:

**АЛИКОВ Ислам Мурзаевич (Владимир Андреевич), 1876 г.р., уроженец с. Ст. Батакоюрт, бывший директор племрассадника.**

**БЕСЛЛЕР Артур Карлович, 1890 г.р., уроженец г. Ревель, старший ветеринарный врач Алагирского района.**

**БОЦИЕВ Семен Дрисович, 1896 г.р., уроженец с. Боцита, начальник животноводческого сектора Наркомзема СОАССР.**

**ГЕРМАНОВ Николай Иванович, 1893 г.р., уроженец Царицынской губернии, старший ветеринарный врач Кировского района.**

**ДЗИОВ Алексей Леонидович, 1876 г.р., уроженец с. Ольгинское, старший ветеринарный врач Алагиро-Ардонского района.**

**КУЛАЕВ Александр Моисеевич, 1883 г.р., уроженец с. Ст. Батакоюрт, ветеринарный врач Правобережного района.**

Приговорен к 15 годам исправительно-трудовых лагерей:

**БАТАГОВ Ислам (Михаил) Ельбердович, 1904 г.р., уроженец с. Зильга, ветеринар с. Зильга.**

11 мая 1938 года Верховным Судом СОАССР приговорены к 25 годам исправительно-трудовых лагерей:

**АБАЕВ Авессалом (Степан) Георгиевич, 1887 г.р., уроженец с. Сба, зоотехник Наркомзема СОАССР.**

**ДЗУГАЕВ Петр Муссаевич, 1906 г.р., уроженец х. Ардонский, зоотехник племрассадника Наркомзема СОАССР.**

**МАЕВСКИЙ Юрий Константинович, 1903 г.р., уроженец г. Владикавказа, ветеринарный врач Наркомзема СОАССР.**

Приговорен к 20 годам исправительно-трудовых лагерей:

**ДОЦОЕВ Георгий Моисеевич (Муссаевич), 1899 г.р., уроженец с. Н. Урух, научный сотрудник колхозсекции при парткоме СОАССР.**

Приговорен к 15 годам исправительно-трудовых лагерей:

**ТИНАЕВ Николай Иванович, 1905 г.р., уроженец ст. Черноярской, старший зоотехник Кировского района.**

# ИРОН
# ПРОЗӔЙЫ
# АНТОЛОГИ

# САНАХЪОТЫ УАСО

*(1901–1978)*

*Санахъоты Михелы фырт Уасо райгуырд 1901 азы Тифлисы. Хæрз æвзонг лæппу ма уыд, афтæмæй сидзæрæй баззад – амард йæ фыд. Уасо дæсаздзыдæй сси хъæдын дзаумæттæ аразæг фабричы кусæг, бинонты æнцой.*

*Фæстæдæр рафтыд Хуссар Ирыстонмæ. Ам бацыд Сырх Æфсады рæнхъытæм æмæ дзы æртæ азы баслужбæ кодта. Уый фæстæ куыста хъæды хæдзарады.*

*1937 азы каст фæцис Архангельсчы хъæдгуыстады академи. Цхинвалмæ сыздæхт æмæ йæ снысан кодтой облæххæсткомы сæрдары хæдивæгæй. Фыдыбæстæйы стыр хæсты рæстæг уыд госпиталы комиссар.*

*Фæсхæст куыста алы бæрнон бынæтты: хъæдгуыстгæнæг комбинаты директор, æхсæнад «Зонад»-ы разамонæг, облæххæсткомы культурæйы хайады хицау...*

*Уасо йæ цардæй ахицæн 1978 азы 14 октябры. Йæ уацмысты æххæстдæр æмбырдгонд дæр уыцы аз рацыд рауагъдад «Ирыстон»-ы – радзырдтæ, уацаутæ æмæ роман «Арф фæд».*

## ЗÆРДÆЙЫ ХЪÆДГОМ

– Ма тыхс, Елдзарон, бауырнæд дæ, æз æрыздæхдзынæн, æнæмæнг æрыздæхдзынæн... Уæдмæ та, нæ иунæг хъæбул Гæбуцæй ард хæрын, дæ рухс фæлгонц дын мæ риуы хæсдзынæн. Фæлæ цы нæ вæййы, хæст хæст у æмæ дæ, мыййаг, знаджы нæмыг куы фæкæна фыдæнхъæл, уæд-иу дæ сомбоныл ахъуыды кæн... – фæдзæхста Дзамбол йæ уарзон æмкъай Елдзароны. Сæ дыууадæсаздзыд лæппу Гæбуц дæр сæ цуры, афтæмæй. – Дæттын дын бар... – Йæ фæстаг дзырдтæй Дзамбол афтæ фæтыхст, раст ын цыма

йæ хурхыл исчи æрбахæцыд, сдзурын нал сфæрæзта, стæй та йæхи фæхъæбæр кодта æмæ адарддæр кодта йæ хъуыды:

– Æрмæст-иу ахæм адæймагæй смой кæн, æнæ уайдзæф, æнæ хъаугъайæ дын дæ фырты схъомыл кæнынæн зæрдиагæй чи баххуыс кæна.

Уадæг[1] ныууасыд... Елдзарон йæхи нал баурæдта, Дзамболы ‘фцæджы атыхст, æмæ йæ цæссыг йæ уадултыл, къæвдайы æртæхтау, гæр-гæр райдыдта.

– Мæ бон куыд бакалд!.. Куыд ма уыдзыстæм æнæ дæу?!

– Ма тыхс... Æрыздæхдзынæн, æнæмæнг æрыздæхдзынæн, – сабыр кодта Дзамбол Елдзароны, фæлæ ма йæ цы урæдта.

– Зæрдæскъуыд фæуыдзынæн де ‘рцыдмæ!.. –ныдздзынæзта та æмæ йæ цæссыг ноджы тынгдæр æрызгъæлди.

Уадæг анкъуыст. Дзамбол Гæбуцæн апъа кодта, Елдзаронæй йæхи атыдта æмæ уадæджы асинмæ йæхи баппæрста. Елдзарон ма сонт хъæр фæкодта:

– Дзамбол!..

Адæм сæ мидбынæтты андзыгау сты. Ацы хъæр сæ уæнгты токау ахызт æмæ фырадæргæй барызтысты, фæлæ сæ кæмæн уыд йæ хъысмæт рогдæр! Уайтагъд сæ алкæй дæр йæ хъуыдытæ йæхи бæлццонмæ ахастой..

Уадæг фæаууон. Елдзарон ма уæддæр лæууыд перроны æмæ цæссыгкалгæ касти йæ фæдыл.

Ацы цаутæ мын дзырдта, Мæскуымæ хæдтæхæгыл тæхгæйæ, ме ‘мбæлццон Серафим. Мах рагæй зыдтам нæ кæрæдзи, æгæрыстæмæй ма йæ мæ хæларыл дæр нымадтон, фæлæ уый хъæуы цард, æз – горæты, йæ царды хабæрттæй йæ никуы бафарстон, ахæм зæрдæбын ныхæстæ мын нырмæ никуы кодта йæхæдæг дæр. Æниу, ныр дæр ныхас цæй тыххæй æрæфтыдта, уый нæ бамбæрстон æмæ йæ афæрсинаг уыдтæн, фæлæ мæм Елдзароны хъысмæт афтæ тынг бахъардта, æмæ хъуыдытæ сæхигъæдæй фездæхтысты æндæрырдæм:

– Гъемæ, цы баци Дзамбол, æрыздæхт?

Уый мæм зулмæ æрбакаст æмæ уыцы цæстæнгасæй æз бамбæрстон, Серафим мæ уый кæй домдта, цæмæй йæм байхъуыстаин...

---

[1] Уадæг – поезд; паровоз, – (Ред.)

– Хæст куы фæци, уæд нæ хъæумæ сыздæхтæн, – дарддæр кодта йæ ныхас Серафим. – Ме ’рцыдмæ Дзамболæн йæ сау гæххæтт райстой. Елдзаронæн йæ русты тындтыты фæд бæрæгæй зынд. Йæ саутæ йæ уæлæ, афтæмæй йæ æрæййæфтон. Уыцы бонæй ацы бонмæ йæ фæлгонц мæ цæстыты раз лæууы. Уыцы хуызы йæ куы федтон, уæд мæ зæрдыл æрбалæууыд, йæ лæджы хæстмæ куыд фæндараст кодта, уыцы ныв, æмæ банкъардтон, куыд тыхджын уарзта уый Дзамболы. Нæ зоны, цæмæн, фæлæ фарстон мæхи: «Цымæ мæн дæр уарзы исчи афтæ тыхджын? Æниу цæмæн хъуыд ахæм фарст, мæ царды æмбал хæсты размæ куы фæзиан, ус ракурын мæ фæсонæрхæджы дæр куы нæ уал ис, уæд цæмæн хъæуы ахæм фарст?» – хъуыды кодтон хинымæр, фæлæ нал ардта зæрдæ æнцойад, цыдæр мæ домдта, фæлæ цы, уый нæма æмбæрстон, кæдæм мæ тардта, уый нæ зыдтон... Ахæм рæстæджы-иу цæстыты раз февзæрд Елдзароны фæлгонц. Йæ уарзондзинад цадæггай мæ зæрдæмæ бахъуызыд æмæ дзы скодта арф бынат. Уæдæй фæстæмæ фесæфт ме ’нцойад. Кастæн æз уыцы уæздан сылгоймагмæ æмæ дис кодтон. Райсом æхсæвыцъæхæй суанг изæрдалынгтæм æрæнцой нæ зыдта. Схъазгæ, схудгæ йæ никуыуал федтон. Ныммæллæг, ныффæлурс. Æдзух уыцы сауты мидæг æрхæндæгæй æрвыста йæ царды бонтæ...

Гæбуц ныр æххуысхъом уыд, цыфæнды куыстытæм дæр зыдæй æппæрста йæхи, фæлæ йæ йæ мад нæ уагъта. Астæуккаг скъола нæма фæци, ахуыры йын фæсте баззайынæй тарст æмæ хæдзары мийæ, колхозы куыстæй, иуылдæр сæ Елдзарон йæхæдæг кодта. Зын ын уыд. Мæ зæрдæ йыл рыст, тынг мæ фæндыд уыцы тыхст рæстæджы йæм мæ къух куы фæдардтаин, иу чысыл ын истæмæй куы фæрогдæр кодтаин йæ уавæр – цыдæр тых мæ æгъатырæй скъæрдта уыцырдæм, фæлæ мæхи урæдтон.

Хъуыддаг афтæ уыд, æмæ Дзамболимæ фæрсæй-фæрстæм хæцыдыстæм знаджы ныхмæ. Уый цы бомбæйæ фæтары ис, уый схъис сæмбæлд мæныл дæр. Фæлæ, кæсыс, хъысмæт цытæ кæны? Æз фервæзтæн, уый фæдæлсыджыт. Уый тыххæй мын зын уыд Елдзаронимæ фембæлын, йемæ æргом дзурын: мыййаг мæ куы бафæрса рæстдзинадæй, уæд ын цы зæгъдзынæн? Мæнг ныхасмæ нæ арæхстæн æмæ тарстæн, йæ зæрдæйы хъæдгом ын куы сног кодтаин, уымæй.

Гъе, фæлæ дзы кæдмæ æмбæхстаин мæхи? Иу изæр мæм Елдзарон йæхæдæг æрбацыд æмæ мын тынг æнкъард æмæ æфсæрмыгæнгæ загъта:

– Серафим, тынг дæ æфсæрмы кæнын, фæлæ нын правлени хъуари радта, нæ хæдзар тæдзы æмæ йæ кæмæн бамбæрзын кæнон, уый нæ арын. Мах дæр уыцы хорздзинад нæ уæлæ нæ ныуадздзыстæм.

Уыцы уысм, цыма мæ размæ Елдзароны хуызы хур æрбалæууыд, æмæ мын йæ уæздан тынтæй мæ зæрдæ барухс кодта, уыйау фæдæн. Сæххæст ын кодтон йæ курдиат. Уæдæй фæстæмæ сæм арæх цыдтæн æххуысмæ дæр æмæ æнæуи дæр. Мæ фенд ын æхсызгон кæй уыд, уый зыдтон, æмæ фыццаг бонтау нал тыхстæн, æвæццæгæн мæ Дзамболæй кæй нæ фарста, уый тыххæй. Уæвгæ, фæрсгæ дæр ма мæ цы кодтаид: усы бауырныдта, йæ лæг хæсты кæй фесæфт, уый æмæ ма дзæгъæлы рафæрс-бафæрсæй йæ зæрдæйы хъæдгом цы риссын кодтаид...

Иу бон горæтмæ цыдæр хъуыддæгты фæдыл ацыдтæн. Иу къуырийы бæрц дзы афæстиат дæн. Фæстæмæ куы æрбаздæхтæн, уæд мыл Елдзарон амбæлд, æмæ, хатыр ракургæйæ, афтæ зæгъы:

– Æвæццæгæн нæ сфæлмæцыдтæ æмæ нæм уымæн нал цæуыс?

Уыцы ныхæстæм ме уæнгтæ ныддыз-дыз кодтой, æхсæвбонмæ цъынд нал æрхæцыд мæ цæстытыл. Цынæ хъуыдытæ, цынæ фæндтæ æвзæрд мæ сæры, фæлæ сæ æргом зæгъын нæ уæндыдтæн. Афтæмæй та æдзух мæ зæрдæ Елдзаронмæ тырныдта. Иу бон дæр-иу æй куы нæ федтон, уæд-иу мыл бæстæ талынгтæ кодта. Цыбыр дзырдæй, æнæ уый мæ бон цæрын нал уыд. Фæлæ куыд раргом кодтаин ме 'нкъарæнтæ? Зæрдæдзæф сылгоймаджы маст сног кæнын мæ нæ фæндыд æмæ мæ зæрдæйы иууыл рæсугъддæр æмæ зынаргъдæр æнкъарæнтæ хурх кæнын райдыдтон мæхæдæг. Хъуыды кодтон:

«Серафим!.. Тагъд ма кæн, ма бацу Елдзароны хъыджы... Йæ лæджы æгæр бирæ уарзта. Æнхъæлмæ йæм кæсы нырма дæр æмæ дын куы ницы къух радта?..»

Фæлæ хъысмæты, æвæццæгæн, бафæндыд мæ удæй ахъазын... æмæ нæ баиу кодта...

– Фæлæуу-ма, Серафим, – йæ ныхас ын фæлыг кодтон æз. – Ницы дын æмбарын дæ ныхæстæн. Цæмæ бæллыдтæ, уый дæ къухты бафтыд æмæ нодж ы хъысмæтæй куы хъаст кæныс?

– Нæ, æз афтæ нæ зæгъын. Иттæг амондджын дæр ма уыдтæн уыцы рæстæджы. Нæ хъæубæсты нæ, фæлæ æгас дунейы дæр мæнæй амондджындæр цыма ничи уыд, афтæ мæм каст. Елдзарон мæ йæхæдæг дæр райгонд уыдис. Тынг уæздан ахаст ын уыд мæнмæ, æрмæст мын иу хъуыддагæй мæ зæрдæ риссын кодта. Куыддæр-иу Дзамболы дзаумæттæй, кæнæ, йæ кусæнгæрзтæй исты ауыдта, афтæ-иу йæ цæссыг нал урæдта. Гъе та-иу искæмæй Дзамболы кой куы фехъуыста, уæд-иу йæ хуыз фæивта, уыцы бон изæрмæ-иу йæхиадыл нал уыд.

«Цас ын хуыздæр он, уый бæрц дзы тагъддæр ферох уыдзæн Дзамбол», – хъуыды кодтон æз. Цас арæхдæр мысыд Елдзарон йæ лæджы, уыйас æй æз дæр уарзтон тынгдæр. Мæ бон цы уыд, уымæй хъæбулы рæвдыд кодтон Гæбуцы, архайдтон, цæмæй институт æнтысгæйæ фæуыдаид...

Æвиппайды фæталынг, æмæ Серафимы ныхас æрдæгыл фæлыг и. Уайтагъд бамбæрстам хъуыддаг: хæдтæхæг кæсагау баленк кодта æврæгъты хуылфы, æмæ нæм рудзгуытæй рæстмæ нал уагътой рухсы цъыртт. Фæлæ афтæ бирæ нæ ахаста: мигътæ аззадысты фæсте, æмæ та февзæрдыстæм арвы сыгъдæг тыгъдады. Серафим æнкъардæй касти рудзынгæй. Бынæй, райгуырæн зæххыл, йæхи айтыгъта Кавказы хæхты рæхыс. Сæ цъуппытæ нæм зындысты урс-урсидæй.

– Гъе, уый та дын нæхи Кавказ. Æз ын хæрзбон зæгъын абон, – æнкъардæй загъта Серафим.

– Хæрзбон уанцон нæу? – бадис кодтон æз. – Уæд Елдзарон та?

Серафим мæ фарстæн дзуапп нæ радта. Æрыздæхт йæ ныхасмæ:

– Гæбуц Дзæуджыхъæуы медицинон институт каст фæци. Йемæ цы чызджытæ ахуыр кодта, уыдонæй иуимæ йæ амонд сиу кодта æмæ горæты æрцард. Райгуырд сын лæппу. Гæбуц ыл йæ фыды ном сæвæрдта зæрдылдарынæн æмæ-иу, йæ сабиимæ хъазгæйæ, алы хатт дæр æрымысыд йæ фыды. Уыцы рæстæджы-иу, сабимæ кæсгæйæ, хъуыдыты афардæг,

йæ сабийы бонтæ æмæ-иу, чи зоны, йæ фыды рæвдыд йæ зæрдыл æрбалæууыдысты æмæ-иу йæхинымæры загъта: «Иу схуыст ныхас дзы уæддæр куы зыдтаин, уæд æм, чи зоны, мæ зæрдæ фæхъæбæр уыдаид æмæ йæ афтæ тынг нæ мысин».

Иу хатт та, йæ сабимæ кæсгæйæ, ахæм хъуыдытæ куыд кодта, раст сæм уыцы рæстæджы постхæссæг фыстæг æрбахаста. Гæбуц æй æнæбары райхæлдта, уымæн æмæ йæ зыдта, цы дзуапп та йын уыдзæн йæ фыстæгæн – йæ фыды тыххæй. Фæлæ, фыстæгмæ куы 'ркасти, уæд фырджихæй йæ цæстытæ астыртæ сты. Йе 'мкъай лæууыд йæ фарсмæ æмæ йæ афарста:

– Цы хабар у, Гæбуц?..

Гæбуц цины хъæр фæкодта:

– Мæ фыд æгас у, æгас!.. – æмæ фырцинæй йе 'мкъайæн ныпъпъатæ кодта. Ус йæ лæджы къухæй фыстæг раскъæфта æмæ йæ кæсы:

«Елбачиты Захары фырт Дзамбол разынд Францы уацайрæгтимæ. Нæ хицауады бадзырдмæ гæсгæ ацы уацайрæгтæ дыууæ-æртæ къуыримæ æрвыст æрцæудзысты сæ райгуырæн бæстæм. Уæ адрис æм арвыстам æмæ уæм тагъд хæццæ кæндзæн».

Куыд рабæрæг, афтæмæй бомбæ сыджыт куыд сфæйлыдта æмæ Дзамболы йæ быны куыд аныгæдта, уый æппындæр ничи бафиппайдта. Æз рог цæф фæдæн. Ме муд куы 'рцыдтæн, уæд акастæн æмæ, Дзамбол акъоппы цы ран хуыссыд, уым стыр уæрм йеддæмæ ницыуал аззад. Цæмæй зыдтон, Дзамбол уадзыгæй сыджыты бын хуыссы, уый. Уæд ма знæгтæ размæ бырстой. Бахъуыд нæ фæстæмæ алæууын, нæхи æрфидар кæнын æмæ та знагæн сæрсæттæн цæф фæкæнын.

Дзамбол æрчъицыдта, рахылд сыджыты бынæй æмæ знæгтæм уацары бахауд.

Дзамбол ма кæм уыд раздæры хуызæн домбай. Хæсты æмæ уацары дудгæ бонтæ иууылдæр йæ уæлæ бæрæгæй разындысты: ныммæллæг, ныффыдхуыз, ныуæзхъус, æгæрыстæмæй ма, ныхасгæнгæйæ, чысыл ферхæц-ферхæц дæр кодта.

Гæбуц та ныр лæг уыд, дохтыр. Фыд æмæ фырт зынтæй базыдтой сæ кæрæдзи.

Дзамбол фырцин, фыртыхстæй йæ цæссыг нал урæдта.

Гæбуц æй ахæм уавæры куы федта, уæд ын мæн æмæ Елдзароны тыххæй ницыуал суæндыд зæгъын. Фæлæ цалдæр боны фæстæ йæ фыд сæхимæ цæуыны къахыл куы ныллæууыд, уæд ма йын цы нæ зæгъгæ уыд.

Дзамболæн йæ зæрдæ æнæуи дæр риссаг уыд, æмæ йын ныр ацы стыр цæф бауромын фæзын. Ныхъхъæрзыдта, стæй йæ риумæ фæлæбурдта æмæ йæ мидбынаты æрцæйхауд. Гæбуц æй ацахста æмæ йæ сынтæгыл æрбадын кодта. Дыууæ къуыририйы дæргъы куы йæ фырт, куы та йæ чындз æдзух уыдысты йæ уæлхъус æмæ йæ тыхæй-фыдæй мæлæты дзæмбытæй байстой.

Ногæй та Дзамбол сæхимæ цæуын куы 'рымысыд, уæд ын Гæбуц загъта:

– Дæу уым ницыуал хъуыддаг ис, мæ фыд. Уыдон сæ адыл куы ныууадзис, уæд дæхицæн дæр хуыздæр уаид æмæ уыдонæн дæр. Мæнæ дын хæдзар æмæ цæр махимæ...

Кæд Дзамбол йæ фырты бирæ уарзта, уæддæр ын ууыл не сразы. Фыд йе 'рфгуытæ фелхынцъ кодта æмæ йын загъта:

– Æз лæгæй цардтæн нæ хъæубæсты 'хсæн æмæ ныр цæмæн хъуамæ бакæнон æнæгъдау ми? Æфсадмæ куы цыдтæн, уæд æгас хъæуæй мæ фæдыл рацыдысты, мæ мард сæм куы фехъуыст, уæд сын маст уыд æмæ сын мæхи удæгасæй ма фенын кæнон? Цæмæн æмбæхсон мæхи, кæмæй цы хæсджын дæн? Нæ, хæсджын дæн, дæуæн дæ тыхсты рæстæджы чи баххуыс кодта, уымæй, æмæ йын хъуамæ зæрдиагæй раарфæ кæнон, стæй кæд дæу афтæ фæнды, уæд раздæхдзынæн...

Гæбуц æмбæрста йæ фыды зæрдæйы уаг, фæлæ йæ мадæн тарст, Дзамболы æнæнхъæлæджы фæзындæй исты куы кæна, зæгъгæ. Ныр фæсмон кодта, Дзамболы хабар æм развæлгъау кæй нæ ныффыста, ууыл, æмæ архайдта, цæмæй ма йæ фыд хостæ кæныны æфсон иу цалдæр боны уæддæр афæстиат уыдаид, фæлæ дзы ницыуал рауад...

Дзамбол куы 'рбахæццæ, уæд уыд хуыцаубон, улæфты бон. Уайтагъд йе 'рцыды хабар æгас хъæуыл айхъуыст.

Елдзарон уый размæ бон йæ цæгатмæ ацыд æмæ хуыцаубон изæр æрбаздæхинаг уыд. Хæдзары мæн йеддæмæ ничи уыд. Дзамбол къæсæрæй куы 'рбахызт, уæд хорзау нал фæдæн.

«Дзамбол мæ цæсты раз куы бабын, уæд ай йæ сих у æви?..» – ахъуыды кодтон æз. Æгæр æввахс мæм куы цыди, уæд, раст зæгъын хъæуы, стыхстæн, æмæ фæстæмæ алæуу-ыдтæн, фæлæ кæййонг цыдаин, дыууæ-æртæ къахдзæфæн сисыл банцадтæн. Кæсын æмæ та уынын Дзамболы... Фырадæргæй мæ уæрджытæ рызтысты. Сдзурынмæ йæм хъавыдтæн, фæлæ ме 'взаг нал сарæхст, мæ хъæлæс цыдæр фæци. Хæсты быдыры афтæ никуы фæтарстæн. Фæлæ ам, Дзамболы раз, бынтон тæппуд разындтæн. Уалынмæ мæм хæрз æввахс æрбацыд, йæ къух мæм æрбадардта æмæ зæгъы:

– Бахатыр кæн, æнæнхъæлæджы æрбабырстон, фæлæ афтæ рауад æмæ цы гæнæн ис...

Ацы ныхæстæ афтæ сабырæй загъта Дзамбол, цыма йæхæдæг уыд аххосджын мæ разы. Чысыл ме 'муд æрцыдтæн, фæлæ мæ уæддæр æххæст нæ уырныдта, мæ разы Дзамбол кæй лæууыд, уый.

– Табуафси, мæнæ дын бандон, – загътон ын тыхтæй æмæ йæм къæлæтджын бандон баввахс кодтон. Дзамбол сбадт. Æрбакаст мæм. Мæ тыхстдзинад мын фæхатыд æмæ мын сабыр, рæвдаугæ хъæлæсæй, чысыл ферхæц-ферхæцгæнгæ, загъта:

– Ма тыхс, Серафим... Хыл кæнынмæ не 'рбацыдтæн... Елдзароны йас дунейыл никæй уарзтон æмæ никæй дæр бауарздзынæн. Мæ амонддджын цард быны хæлд фæци... Кæй аххос у? Хæсты, æрмæстдæр хæсты...

Фæстаг ныхæстыл йæ зæрдæ суынгæг æмæ банцад, йæ къухмæрзæн систа æмæ дзы йæ уымæл цæстытæ асæрфта. Æз æфсæрмæй ссыгътæн, цы акодтаин, кæнæ йын цы загътаин, уый нæ зыдтон. Мæ амондæн нæм нæ хъæуы адæм, ивылд донау, æрбакалдысты æмæ мæ тыхстдзинадæй фервæзын кодтой: Дзамбол уыдонимæ ныхасыл фæци.

Æз иуварс ацыдтæн, æмæ кæд æддæмæ мæхи æдыхстæй æвдыстон, уæддæр мидæгæй зæрдæ йæхицæн нал ардта бынат. Зыдтон, Елдзарон Дзамболы тынг бирæ кæй уарзта, уый. Йæ бон нæ уыд йæ ферох кæнын, фæлæ мæныл йæ къух сиса æмæ ма Дзамболимæ баиу уа, уый дæр дызæрдыггаг уыд. Ацы хъуыды мын чысыл мæ зæрдæ фидар кодта, уæлдай стырдæр ныфс та мын радта, Дзамбол адæмæн æргом куы загъта:

– Цы ‘рцыд, уый ‘рцыд... Мæ лæджыхъæд, мæ намыс мын искæй амондджын цард фехалыны бар нæ дæттынц...

Дзамболы фæстаг ныхасмæ адæм фырдисæй бандзыг сты, хæдзар фегуыппæг, цыма улæфгæ дæр ничиуал кодта, уыйау.

Æз та йын уæддæр æххæст нæ бауæндыдтæн йæ ныхасыл. Диссаг у адæймаджы зæрдæйы уаг: цас мæм Дзамбол уæздандæр дардта йæхи, уый бæрц ыл æз та тынгдæр дызæрдыг кодтон. Дзамбол иу чысыл æнæсдзургæйæ алæууыди, арф ныуулæфыд æмæ загъта, æз иууыл тынгдæр кæмæй тарстæн, уыцы дзырдтæ:

– Елдзароны фенын мæ тынг фæнды, æрмæст æй фенон, стæй амондджын уæд.

Æмæ та мæ мæ мидхъуыдытæ систой сæ уæлныхты: «Цæмæн æй бахъуыд Елдзароны фенын?.. Æвæццæгæн æй йæхимæ аздахынмæ хъавы?.. Кæннод та йын исты фыдбылыз аразинаг у? Фæлæ уæд мемæ цæмæн афтæ лæгъз дары йæхи?.. Ахæм рувасæй йæ куынæ зыдтон, уæд ныр къæссавæлдæхт фæци?.. Фæлæ, дам, дуг æмæ уавæрмæ гæсгæ адæймаг дæр йæ зондахаст ивы æмæ æппæтмæ дæр цæттæйæ лæууын хъæуы...» – Цалынмæ æз ахæм ныхæстæ кодтон, уæдмæ нæ сыхæгтæй иу фæцырд:

– Елдзарон йæ цæгатмæ ацыд æмæ, кæмдæриддæр ис, хæццæ кæндзæн.

Сыхаг йæ ныхас нæма фæцис, афтæ Елдзарон къæсæрыл æрбалæууыд... Утæппæт адæмы куы ауыдта, уæд хорзау нал фæци. Æвæццæгæн, мæнæн фæтарст, æмæ мидæмæ уыцы иу тарст гæпп æрбакодта. Адæм фæйнæрдæм алæууыдысты. Елдзарон Дзамболы куы ауыдта, уæд исдуг йæ мидбынаты сагъдау аззад, стæй, цыма йæ тарффынæйæ фехъал, уыйау сонт хъæр фæкодта:

– Дза-амбол!.. – æмæ йæм йæхи баппарынмæ хъавыд, фæлæ, иу къахдзæф куы акодта, уæд йæ хуыз æрбайсæфт æмæ дзыхълæуд фæкодта. Елдзароны хъæрмæ Дзамбол фестад, бауад æм æмæ йæ уый куы нæ ацахстаид, уæд зæххыл æрхаудаид. Елдзарон æм ахæм тæригъæддаг каст ныккодта, æмæ Дзамбол йæ цæстысыг нал баурæдта.

Уыдонмæ кæсгæйæ, мæ цæсты раз дуне баталынг. Афтæ мæм каст, цыма мын Дзамбол мæ хурхыл бахæцыд æмæ хуыдуг кодтон. Чысыл мæхи куы ‘рæмбæрстон, уæд акастæн æмæ

Елдзарон тæрхæгыл хибарæй бадт. Раст, фронтмæ Дзамболы фæндарастгæнгæйæ куыд æнæвгъау згъæлдта йæ цæссыгтæ, ныр дæр та афтæ... Дзамбол та бадт къæлæтджыныл, йæ сæр æруагъта, фæлæ бæрæгæй зынд, тынг кæй тыхст, уый. Мæ зæрдæ фæцæйскъуыд, фæлæ цы загътаин. Мæстæй мæ хъуыр æрбахгæдта, мæ бон сдзурын нал уыд. Елдзарон куы нæ сабыр кодта, уæд æм Дзамбол баздæхт æмæ йын æнкъардæй, фæлæ рæвдаугæ загъта:

– Елдзарон... басабыр у, кæуынæй дæр ма цы сараздзыстæм... Ацы хабар нæдæр дæ аххос у, нæдæр мæн... Нæдæр Серафимы... Иу æмæ дыууæ адæймаджы нæ фæмард хæсты... Мардыл мæ нымай ырæй фæстæмæ дæр...

Елдзарон йæхи нал урæдта, ырдиаг кæнынмæ йæ бирæ нал бахъуыд, фæлæ йæ тиутæй фефсæрмы æмæ, тыхулæфтгæнгæ, кæртмæ ратындзыдта.

Æз ын старстæн, йæхицæн исты куы кæна, зæгъгæ, æмæ йæ фæдыл мæхи райстон. Мæхи йæм баввахс кодтон, æррæвдауынмæ йæ хъавыдтæн, фæлæ мын афтæ зæгъы:

– Æввахс мæм ма цу! Мацы дæр мын зæгъгæ кæн...

Цы ма загътаин? Мæхи дзы чысыл дæрддзæф айстон æмæ йын уырдыгæй йæ тыхстдзинадмæ кастæн. Æппынфæстаг мæхи нал баурæдтон, хæстæг та йæм бацыдтæн. Иудзæвгар кæрæдзийæ нæ цæст нал истам, афтæмæй хъуыды кæнын мæхинымæры:

«Цы бакæнон?.. Ныууадзон сæ, æви се ‘хсæн, гæрæнау, слæууон?»

Елдзарон куыдта, сыгъдæг цæстысыг фестад.

«Цы аххосджын у ацы адæймаг? Цæмæн бавзæрста уыйбæрц маст, – хъуыды кодтон мæхинымæр. – Цы хуызы ма йын срухс кæндзынæн йæ зæрдæ?» Загътон ын:

– Бар дæхи, араз дæ цард, кæимæ дæм хуыздæр кæсы, уыимæ.

– Æз мæ цард аразыны бонтæй ахызтæн, – райхъуыст мæм йæ ныхас арф уæрмы бынæй дзурæгау. – Мæ амонд басыгъд, мæ лæджы хæстмæ куы афæндараст кодтон, уыцы бон, ды мæ разы фыдбылызæн февзæрдтæ...

– Уæдæ мæ аххос у? – загътон та æз, фæлæ мын Елдзарон дзуапп нæ радта. Уайтагъд мæ сæры февзæрд иу фæнд: мæхи мæ айсын кæй хъæуы дард, мæ хъæр Елдзарон æмæ

Дзамболмæ кæцæй нæ хъуыса, ахæм ранмæ. Зæгъын, уадз æмæ ныр уæддæр фесæфа сæ зæрдæйы рыст. Æмæ, уыныс — сæххæст кодтон мæ фæнд. Цæуын, мæхæдæг дæр æй нæ зонын ырма, кæдæм...

Æниу ууыл та цы тыхсын? Дуне стыр у, бæстæ — уæлгоммæ. Фæлæ, цымæ, уымæй фесæфдзæн сæ зæрдæрыст?..

Хæдтæхæг æвиппайды йæхи уыцы æхст фæкодта размæ, стæй разылд сындæггай æмæ нæм разынд стыр фæзуат, æппынфæстаг бæлццæттæ фесхъиудтой: хæдтæхæг йæ цæлхытыл размæ атындзыдта.

«Æрхæццæ стæм!» — ахъуыды нæ кодта алчи дæр æмæ нæ мидбынæтты базмæлыдыстæм. Алчи йæ дзауматæ агурыныл фæци. Мах дæр нæ чумæдантимæ æрхызтыстæм нарæг асиныл.

Вагзалмæ дæр ма иумæ æрцыдыстæм. Мæнæн мæ фæндаг адæмон хæдзарады æнтыстыты равдыстмæ уыдис. Фæлæ уал мæ раздæр уазæгдон бацагурын хъуыд. Хуыдтон мемæ Серафимы дæр. Фæлæ не сразы. Æз æй нал бафарстон, кæдæм цæуы, цы бауыдзæн, уыдæттæй, афтæмæй атындзыдтон мæ хъуыддæгты фæдыл. Мæ хъусты зæлланг кодта Серафимы хъæлæс: «Фæлæ цымæ уымæй фесæфдзæн сæ зæрдæрыст?» Æз ын, цыма йæ фарстæн дзуапп лæвæрдтон, уыйау фæлхатт кодтон мæхинымæры: «Хæст у æппæт гæнæг... Зæрдæниздæттæг»...

Æмæ зæрдæ куы фæхъæдгом уа, уæд та æгас нал кæны.

# АРВИСТОН

## РАГОН ЛÆГТЫ БАЗЫРДЖЫН НЫХÆСТÆ

- Æцæг стыр лæгæн зыд уæвæн нæй. *(Рагон египетаг афоризм).*
- Маргъы фæд уæлдæфы нæ зыны, кæсаджы фæд та доны. Хæрзгæнджыты фæндæгтæ дæр афтæ сты. *(Индиаг афоризм).*
- Дæ хæларæй æфстау ма ис, дæ хæларæн æфстау ма дæтт. Хæс хæсгардæй уæлдай нæу, хæлардзинад кæрдгæ кæны. (*Индиаг* афоризм).
- Сылгоймаджы цæсгом рухс у – уæд хæдзар æнæхъæнæй дæр рухс у, сылгоймаджы цæсгом тар у, уæд хæдзар æнæхъæнæй дæр тар у. *(Индиаг афоризм).*
- Сфæлдисæг дыууæ рæдыды æруагъта: радта сылгоймаг æмæ сызгъæрин. *(Индиаг афоризм).*
- Хиуылхæцгæ адæймаг къуыхцытæ къаддæр кæны. *(Конфуций).*
- Æрмæст хи пайдайыл куы фæкусынц, уæд хæрам фылдæргæнгæ цæуы. *(Конфуций).*
- Згæ æфсæйнаг куыд фæхæры, афтæ хæлæггæнджыты дæр фæхæры сæ удыконд, сæ зондахаст. *(Антисфен).*
- Алкæй лымæн дæр чи у, уый никæй лымæн у. *(Аристотель).*
- Цыбыр зондæн – даргъ æвзаг. *(Аристофан).*
- Æдылытæн стыр зиан хæссы, чи сæ æппæлы, уый. *(Демокрит).*
- Хъус æмæ хъусæй лæуу. *(Лукиан).*
- Паддзахады æнæсæтгæ, фидар бындур – рæстдзинад. *(Пиндар).*
- Хорз уæвын иттæг зын у. *(Пиндар).*
- Æхсар – уæлахизы райдайæн. *(Плутарх).*
- Æппæлæн ныхæстыл хæлæф чи фæкæны, уыдон сгуыхтытæй мæгуыр вæййынц. *(Плутарх).*

- Зонд арв æмæ зæххы паддзах у. *(Сократ).*
- Алы адæймаджы мидæг дæр хур ис. Æрмæст ын рухс кæныны фадат раттут. *(Сократ).*
- Ус ракурай æви ма ракурай – фæсмонгонд фæуыдзынæ. *(Сократ).*
- Хуыцæуттæн – кад, ныййарджытæн – лæггад. *(Солон).*
- Искæй бæллæхыл ма худ. *(Хилон).*
- Хъысмæт зонджыны размæ цæлхдуртæ стæм хатт æвæры. *(Эпикур).*
- Дзæгъæлдзураг – дыууæ ехсæй нæминаг. *(Эсхил).*
- Де знагæй дæ маст райсыны æппæты хуыздæр мадзал: уый хуызæн ма у. *(Аврелий).*
- Фыдæлты аххостæ фæстагæттæ фидынц. *(Курций Руф).*
- Æппæт адæмæн фыццæгтæ уæвæн нæй. *(Лаберий).*
- Хæлæггæнаг искæй дæр удхарæй мары æмæ йæхæдæг дæр удхарæй мæлы. *(Овидий).*
- Æгас дуне дæр комедийы хъазы. *(Петроний).*
- Хæрзтæ æвзæртæй лæмæгъдæр сты. *(Кæстæр Плиний).*
- Кæлмытæ кæлмытыл нæ хæцынц. *(Кæстæр Плиний).*
- Иудзинад кæм ис, уым уæлахиз дæр ис. *(Публилий Сир).*
- Гуырдзæй æдзæсгом чи у, уый никуы сраст уыдзæни. *(Публилий Сир).*
- Зыдыкайы æхцатæй нæ бафсаддзынæ, æрмæст æй цыбæлдæр кæнынц. *(Публилий Сир).*
- Чъындыйæн адæм иууылдæр йе знæгтæ сты, фæлæ йæ цыфыддæр знаг – йæхæдæг йæхицæн. *(Публилий Сир).*
- Алы ран дæр чи ис, уый иу ран дæр нæй. *(Сенекæ).*
- Чи цас зонджындæр у, уыйбæрц хæдæфсармдæр у. *(Цицерон).*
- Куыд арф сты, æвæдза, æдылыдзинады уидæгтæ! *(Цицерон).*
- Гæххæтт нæ сырх кæны. *(Цицерон).*
- Æппæлæн ныхас зонджынæн пайда у, æдылыйæн – зиан. *(Петраркæ).*
- Хорз хистæртæ кæм нæй, уым хорз кæстæртæ дæр нæй. *(Адыгейаг афоризм).*

# ЭЗОПЫ ÆМБИСÆНДТÆ

## 39. Зæрватыкк æмæ иннæ мæргътæ

Карчыкъах[1] дидинæг куы ракалдта, уæд зæрватыкк бамбæрста, мæргътæ тынг тæссаг уавæры кæй бахаудзысты, уый. Гъемæ базырджын цæрæгойты се 'ппæты дæр æрæмбырд кодта æмæ сын загъта, исты мадзал нæ æрымысын хъæуы, зæгъгæ. «Карчыкъах тулдзытыл зайы, — дзырдта зæрватыкк, — æмæ æппæтæй хуыздæр уаид уыцы бæлæстæ акалын: уæд адæм мæргъты ахсынæн карчыкъахæй нал пайда кæниккой. Науæд та адæмæн балæгъстæ кæнæм, цæмæй нæ æнæхайыры зайæгойæ мауал ахсой». Фæлæ мæргътæ зæрватыккыл нæ бауæндыдысты, худæгæй йыл мардысты. Уæд зæрватыкк бавдæлд æмæ йæхæдæг атахт адæммæ. Уыдон ын йе 'рхъуыдыйæн стыр аргъ скодтой æмæ йæ семæ цæрын бауагътой. Уæдæй фæстæмæ ацы маргъ ахстæттæ аразын байдыдта адæмы хæдзæртты, хъыгдарæг æй нæй, иннæ базырджын цæрæгойты та адæймаг ахсгæ æмæ хæргæ кæны.

Æмбисонд æвдисы: фидæны цы 'рцæудзæн, уый рагацау чи раиртасы, уый хызт вæййы фыдбылызæй.

## 61. Зæхкусæг æмæ Хъысмæт

Зæхкусæг йæ хуым къахта æмæ дын æнæнхъæлæджы хæзнаты дурын куы ссарид. Фыр цинæй куыннæ амардаид æмæ дын алы бон дæр Зæххæн арфæтæ кæнын куы байдаид: дидинджыты стыр чъина йыл-иу сæвæрдта. Уæд дын æм иуахæмы Хъысмæт куы 'рбацæуид æмæ йын куы зæгъид: «Мæ лымæн лæг, лæвар дын æз ракодтон, ды та Зæххæн арфæтæ кæныс. Уыцы хæзнаты дурын мæ фæрцы ссардтай — фæндыди мæ, цæмæй схъæздыг уай! Ныр та дæ царды цалх иннæрдæм куы разила, мæгуыры хызын де 'фцæгыл куы бафтауай, уæд мæн æлгъитдзынæ, ай-гъай!»

Æмбисонд æвдисы: хъуамæ дæ хæрзгæнæджы зонай, æбузн ма уай.

## 63. Оратор Демад

Иуахæмы оратор Демад ныхас кодта æмбырды Афинты, фæлæ йæм адæм дзæбæх нæ хъуыстой. Уæд сын афтæ загъы,

[1] Æнусонцъæх зайæгой (уырыссагау омела), ис ын урс дидинджытæ, «цæры» бæлæсты хардзæй, ома у паразит.

бар, дам мын раттут æмæ уын Эзопы æмбисæндтæй иу радзурон. Адæм сразы сты, уæдæ цы уыдаид, æмæ лæг дзурын райдыдта: «Деметрæ, зæрватыкк æмæ калмгæсаг балцы фæцæйцыдысты. Уалынджы сæ размæ фæци цæугæдон. Зæрватыкк йæ сæрты атахти, калмгæсаг та донмæ ныцъцъыввытт ласта...» Демад ууыл йæ ныхас фескъуыдта. «Æмæ Деметрæ та цы баци?» — фæрсынц адæм. «Деметрæ та мæнæ уæ уæлхъус лæууы æмæ уæм мæстæй тъæппытæ хауы, — дзуапп радта оратор, — уымæн æмæ Эзопы æмбисæндтæм хъусут, паддзахады хъуыддæгтæ та уæм ныматы дæр не сты».

Ахсджиаг хъуыддæгтæм куыдфæндыйы цæстæй чи кæсы, æрмæстдæр йæхи удæхцоныл чи тыхсы, ахæмты ныхмæ арæзт у ацы æмбисонд.

## 65. Бæлццæттæ æмæ сыл арс

Дыууæ лымæны фæндагыл фæцæйцыдысты. Æваст сæ размæ фæци сыл арс. Лæгтæй иу æвиппайды бæласмæ сбырыд æмæ уым бамбæхст. Иннæмæн алидзыны фадат нал уыди, зæххыл æрхуыссыд æмæ мæрдæфсон скодта. Арс æм бацыди, басмыста йæм, æмæ лæг йæ улæфт баурæдта, уымæн æмæ, дам, сырд мæрдтæм не 'вналы.

Арс ацыди. Бæласыл чи бадт, уый æрхызт æмæ йе 'мбалы фæрсы, цы, дам дын дзырдта арс дæ хъусы. Лæг ын дзуапп радта: «Арс мын загъта: уыйгæджы сахат, дам дæ иунæгæй чи уадза, ахæм æмбæлттимæ балцы ма цу!»

Æмбисонды хъуыды: æцæг æмбæлттæ тæссаг сахат рабæрæг вæййынц.

## 77. Саг æмæ сæнæфсир

Саг цуанæттæй фæцæйлыгъд æмæ сæнæфсирдоны амбæхст. Цуанæттæ йæ рæзты ацыдысты. Саг банхъæлдта, ныр мын тас нал у, зæгъгæ, æмæ сæнæфсиры сыфтæ хæрынмæ бавнæлдта. Фæлæ цуанæттæй иу фæстæмæ фæкасти, саджы ауыдта æмæ йыл фат бауагъта. Сагæн йæ мæлæт кæй æрцыд, уый бамбæрста æмæ уынæргъгæйæ йæхицæн загъта: «Афтæ мын хъуыди: сæнæфсир мæ ирвæзын фæкодта, æз та йын йæ сыфтæ хæрын байдыдтон».

Иуæй-иу адæймæгтæ бафхæрынц сæ хæрзгæнджыты, æмæ сын Хуыцау нæ ныббары.

### 80. Бындзытæ

Къæбицы мыд акалд, æмæ йыл бындзытæ ныххæлæф кодтой. Куыд адджын у, уый куы бамбæрстой, уæд дзы æфсис нал зыдтой. Уалынджы дзы сæ къæхтæ нынныхстысты æмæ сæхи ратонын нал фæрæзтой. Гъемæ сæм æрæджиау фæсмон æрцыди: «Цæй æнамонд ыстæм, цæй! Иу исдуг адджинагæй фæхъæстæ уæвыны охыл нæхи бабын кодтам».

Адджын цардмæ бæлджытæ дæр бирæ хатт фенамонд вæййынц.

### 81. Рувас æмæ маймули

Æнæмбаргæ цæрæгойтæ иуахæмы сæмбырд ысты æмæ сæ дзинæдтæ æвдыстой. Маймули кафынæй се 'ппæтыл дæр фæуæлахиз, æмæ йæ паддзахæй равзæрстой. Рувас æм хæлæгæй марди. Гъемæ иу хатт иу къæппæджы дзидзайы кæрдих федта. Маймулийы йæм басайдта, хæзнатæ ссардтон æмæ сæ мæхæдæг нæ рахастон, фæлæ сæ дæуæн кадджын лæварæн ныуагътон, зæгъгæ. Бахиз æмæ, дам сæ дæхæдæг райс. Маймули цæмæй хæйрæг уыди, бацыди хæстæг, æмæ йæ къæппæг рацъипп ласта. Маймули рувасы цъаммар митæм тынг рамæсты. Уæд ын рувас афтæ: «Гъе, уæууæй, уæууæй, маймули, ахæм зондимæ цæрæгойтæн паддзахиуæг кæнынил сразы у!»

Хъуыддагмæ, бинонығæй йыл ма ахъуыды кæн, афтæмæй куы бавналай, уæд дын фæсыкк уыдзæн, æмæ дыл адæм худæгæй сæхи схæсдзысты.

# ЦИТАТÆТÆ

* * *

Райгуырæн бæстæ, æхсæны цард (æрдзы ныхмæ сæ не 'вæрæм, афтæмæй) – æрмæстдæр уыдон дæттынц адæмы уды фарнæн сæхи раргом кæныны фадат. Уым сты нацийы царды ратæдзæнтæ, сæрибар рæзты фæндагыл æй чи сарæзы, уыдон.

***Жюль Мишле***

* * *

Райгуыræн бæстæ æнæнхъæлæджы диссаг нæу, уый у æвидигæ, æнусон диссаг, æрдзы æмæ историйы диссаг... Кæй уæ бафæндид, йæ фырт стырзæрдæ уа фыдæлты уæзæгыл, нæдæр йæ райгуыræн бæстæ зона, нæдæр Хуыцауы? Нæ сабиты мидæг æрцардысты нæ фыдæлты удтæ; сабиты мидæг сты нæ ивгъуыд замантæ дæр æмæ нæ Райгуыræн бæстæйы фидæн дæр. (...) Æрмæстдæр Райгуыræн бæстæ у адæмы ирвæзынгæнæг!

***Жюль Мишле***

**Редакцийæ.** *Гъæй-джиди, абон Ирыстоны кæстæрты йæ мадæлон æвзагæй, йæ фыдæлты фарнæй чи иртасы, уыдонмæ ацы разагъды лæджы ныхæстæ куы бахъариккой! Фæлæ кæм! Мах адæммæ ма исты бахъара, уый зын бауырнæн у!*

* * *

Хуыцау бахизæд, фæлæ нациты 'хсæн хицæндзинæдтæ куы фесæфиккой, се 'ппæт дæр куы сиу уаиккой, адæмтæ иууылдæр уыцы иу нотæ куы ивазиккой, уæд — хæрзбон, концерт! Мырты гармони фестид хуымæтæджы æдзæлгъæд уынæр. Дуне шарманкæйы музыкæйау иугъæдон ссис, зæгъгæ, уæд йе сæфт æрцæуид, æмæ йыл хъыг дæр ничи ракæнид.

***Жюль Мишле***

* * *

Æхсæнад нæ бары, йæхицæй уæлдæр чи схизы, намысджындæр чи вæййы, уыдонæн, æфхæрын сæ райдайы.

Хæдхуыз характер кæмæн ис, разагъды лæг чи у, йæ принциптыл фидар чи хæцы, ахæм адæймагæн йæ размæ алкæддæр æвæрдæуы цæлхдуртæ, иууылдæр æм фæкæсынц зулдзыхæй, фæдарынц æм фыдæх зæрдæ. Æгъуыз, сыдывд адæймæгтæн та сæ хъул æдзухдæр сах бады... Цæмæй дæ къухы исты бафта, уый тыххæй хъуамæ разæй ма уай, фæлæ

астæуккæгтимæ, лæггад кæныныл архайай, цагъар уæвынмæ арæхсай, сæрныллæгæй цæуай...

Стыр диссаг та куыннæ у, ихсыд, лæгъз фæндæгтыл чи нæ фæцæуы, æвæд хæтæнтæ чи фæагуры, ног, æнæсгæрст рæттæм чи фæтырны, уыдонæн цард цытæ бавзарын кæны, уый... Алы исдуг, алы минут дæр сæ сæртæ æйййафынц æфхæрд. Æмæ адæймагмæ афтæ фæкæсы, цыма æхсæнад бахъахъхъæнынæн сæрмагонд стыр закъон ис, æмæ йæ чи хала, уыдонæн стыр хъуыддæгты дæр æмæ лыстæг хъуыддæгты дæр æфхæрдæй ирвæзæн нæй.

***Эдмон æмæ Жюль Гонкуртæ***

* * *

Газет у чиныджы æрдзон знаг, хъахбай сыл хæрзæгъдау сылгоймаджы знаг куыд у, афтæ.

***Эдмон æмæ Жюль Гонкуртæ***

* * *

Фæсарæйнаг бæстæтæй иуы бон дæр нæу Уæрæсейы ныцъцъист кæнын, нæхи æнаккæгты фыдракæндтæ æмæ йæ коррупци куынæ байсафой, уæд.

***Светланæ Горячева***

**Редакцийæ**. *«Мæсыг хи дурæй хæлы», зæгъгæ уыцы ирон æмбисонд куы не 'рцæуид нæ бæстæйыл...*

* * *

Æппæтдунеон экономикон форумы статистикæ куыд амоны, афтæмæй фæндæгты уавæр æмæ хæрзхъæддзинадмæ гæсгæ Уæрæсе ахсы 134-æм бынат. Рейтинджы æдæппæтæй ис 140 бæстæйы. Уæрæсейы фæстæ сты Украинæ, Гаити, Гвинейæ, Монголи, Румыни æмæ Молдави. Фæндæгтæ æппæтæй хуыздæр уавæры сты Францы, Иугонд Араббаг Эмиратты æмæ Сингапуры.

***Газет «Собеседник»-ы æрмæджытæм гæсгæ***

* * *

Нудæсаздзыд куыдз Шеп у артритæй рынчын. Йе 'рхæджытæ афтæ тынг риссынц, æмæ йæ фæстаг къæхтыл тыхтæйфыдтæй цæуы, зæгъæн ис, йæ фæдыл сæ ласы. Уый аххосæй йæ бон нæу фынæй кæнын дæр. Гъемæ йæ йæ хицау Джон Ангер (Америкæйы цæрæг) алы бон дæр ахæссы цадмæ æмæ йæ доны мидæг цалдæргай сахæттæ йæ хъæбысы фæрахæссбахæсс кæны – æрмæстдæр афтæмæй у куыдзы бон фынæй кæнын. Ветеринартæ куыдзы хицауæн загътой, Шепы буары марæн хос бауадзæм (цæмæй йæ хъизæмæрттæй фервæза, уый тыххæй), фæлæ лæг не сразы, уымæн æмæ йæ йæ цыппæркъахыг æфсымæр кæддæр мæлæтæй фервæзын кодта.

А дунейыл фыдракæндтæн бындзарæй сыскъуынæн, фесафæн нæй. Уыйхыгъд æвидийгæ у цæрæгудты тæхудиаг фарн.



* * *

Гæлæбутæй иуы хонынц император. Гъемæ сыл гæлæбуйы мидæг нæл император гуырдз куы бауадзы, уæд йæхæдæг амæлы. Афтæмæй та уый агъоммæ æртæ боны æмæ æртæ 'хсæвы, йæ тыхтыл нæ ауæрдгæйæ, фæтæхы йæхицæн къай ссарыны охыл. Сасктæн сæ фылдæр хай цæриккой дыууæ хатты фылдæр, лæппынтæ уадзын куы нæуадзиккой, уæд.

# АНЕКДОТТÆ

* * *

– Знон мыл стигъæг амбæлд æмæ мын мæ сахат æмæ мæ чыссæ сахаты ‘рдæгмæ байста.

– Æмæ дæм чемпионы майдан куы ис боксæй!

– Мæ майдан мын не ссардта.

* * *

Тимурæн фехъусын кодтой, дæ дæлбар адæмæй, дам, иуæйиутæн сæ зонд фæцыди. Эмир Насреддинмæ бадзырдта æмæ йын бафæдзæхста: базон, дам, цал адæймаджы ссæрра æмæ чи сты, уый. Насреддин ахъуыды кодта, стæй эмирæн загъта:

– Намыс мæ паддзахæн! Фæлтау мын афтæ куы бафæдзæхстаис, дæ дæлбартæй зонд кæмæ ис, уыдон цал сты, уый базон, зæгъгæ. Ахæмтæ дзы разындзæн, æмæ уыдон æнцондæр банымайæн сты. Æрраты та куыд банымайон, кæрон сын куынæ ис, уæд?

* * *

Иуахæмы Насреддин фæндагыл фæцæйцыд æмæ æнæнхъæлæджы къанауы ныххауд. Йæ бон сыстын нæ уыд æмæ тæхудыгæнæгау сдзырдта:

– Ехх, мæ лæппуйы бонтæ, цы фестут! Бæргæ, æрыгон ма куы уаин!

Стæй йæ алывæрстæм акаст æмæ дзы куы никæй федта, уæд ма йæ ныхасмæ бафтыдта:

– Æниу æрыгонæй дæр ницы уыдтæн æмæ ныр дæр.

* * *

Фысым йæ уазæджы дзæгъæл ныхасæй стыхст æмæ йын афтæ:

– Тæхуды, ныр æз дæумæ уазæгуаты куы уаин.

– Уæд цы?

– Уæд мæ хæдзар бацагурин æмæ мæ хуыссæны батулин.

* * *

Иу дзырдхæссæг зæрондæй мардис. Йæ фыртмæ бадзырдта æмæ йын фæдзæхсы:

— Мæ хъæбул, мæнæй дын пайда нал ис, ме 'цæг дунемæ цæуын. Куы амæлон, уæд-иу нæ комы хуыздæр лæгтæм хъæргæнæг арвит.

— Нæ комы хуыздæр лæгтæй дæ мардмæ дæр æмæ мæ мардмæ дæр ничиуал æрбацæудзæни, — дзуапп ын радта фырт.

— Уæд цæуылнæ?

— Ды сæ фæнымыгътай æмæ се 'ппæты дæр байсæфтой.

* * *

Хохаг лæг йæ усмæ загъд кæны:

— Æппынæдзух «мæ гауыз», «мæ тæбæгътæ», «мæ бандæттæ» цы кæныс? Дзур: «нæ гауыз», «нæ тæбæгътæ», «нæ бандæттæ».

Дыккаг бон дын ус уыцы зæрдиагæй цыдæр агуры. Лæг æй фæрсы:

— Цы агурыс?

— Нæ хæлаф, нæ лæг, нæ хæлаф.

* * *

Слестгæнæг фæрсы аххосджыны:

— Ацы пулемет базыдтай?

— Базыдтон.

— Хорз бакодтай, кæй басастæ, уымæй.

— Ома, цæуыл басастæн? Ацы пулемет Чапаевы у — кинойы йæ федтон. Мæнон та дзыхъхъынног у. Цæхæрадоны мын ныгæд у.

* * *

Хохаг лæг уазæгуаты уыд, æмæ йын сырх кæсаг æрæвæрдтой. Уый горæтаг æгъдæуттæн ницы зыдта æмæ кæсаг æнæхъæнæй бахордта, стæй фысымты фæрсы:

— Ацы кæсаг сом хуынди, нæ?

Хæдзары хицауæн хъыг уыд æнæфенд хохаджы фарст æмæ загъта:
– Сом нæ хуынди, фæлæ дæс æмæ дыууиссæдз сомы!

* * *

Дыууæ къæзæнæджы фæбыцæу сты.
– Цъ-цъ-цъ-цъа-цъ-цъа-цъам...
– Цъ-цъ-цъ-цъа-цъам-цъа-цъа...
– Цъ-цъ-цъ-цъа-цъа-цъ-цъа...
– Цъ-цъ-цъ-цъ-а-цъа-цъ-цъа...
– Цъ-цъа-цъа-цъаммар! – сфæрæзта сæ иу.
– Æз дæр уый зæгъинаг уыдтæн! – фæцырд иннæ.

* * *

Дзуттаджы куыстмæ райстой. Загътой йын:
– Хъуамæ дзыхъхъытæ къахай.
– Хорз. Æрмæст мын, матор кæмæн ис, ахæм бел раттут.
– Æмæ кæм федтай маторджын бел?
– Æмæ сымах белджын дзуттаг кæм федтат?

* * *

Чукчæ дуканимæ бацыд æмæ фæрсы уæйгæнæджы:
– Уæ фæндыртæн та сæ аргъ цас у?
– Чукчætæн сæ нæ уæй кæнæм.
– Æмæ, чукчæ дæн, уый цæмæй базыдтат?
– Хъармгæнæн батарейтæ фæндыртæ кæй хоныс, уымæй.

*Дунейы æппæты къаддæр бæхы ном райсынысл ныртæккæ «тох кæнынц» æртæ къаннæг хай-уаны: Тумбелинæ (уый 2006 азы хаст æрцыди Гиннессы рекордты чиныгмæ), байраг Эйнштейн æмæ ефс Беллæ. Уынут сæ къамты.*




*Эйнштейн.*



*Тумбелинæ.*



*Беллæ.*

Цъары фæрстыл:

*2. Дидинджыты баст.*
*3. Зымæг.*
*4. Изæр комы.*

* * *


| | |
|---|---|
| *Корректор* | *Заира КАРАЦЕВА* |
| *Дизайн* | *Залина ГУРИЕВА* |
| *Компьютерная верстка* | *Ирида КОДЗАТИ* |
| *Компьютерный набор* | *Марина КИРГУЕВА* |

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00064 от 30 марта 2012 г.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.

Учредитель: Министерство культуры и массовых коммуникаций РСО-Алания.

Подписано к печати 15.11.13. Формат издания 60х84 1/16. Бум. офсет. № 1. Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 8,37. Учетно-изд. л. 7,27. Тираж 1100 экз. Заказ № 659. Цена свободная. Выход из печати 20 ноября 2013



*Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.*
*E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug.ru.*
*Тел.: гл. редактор – 25-09-64;*
*отдел поэзии, корректор 25-09-74; бухгалтерия, компьют. 25-22-47.*



Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис» РСО-Алания,
362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.





Индекс 73247